12+

7

2015





# НАША ЭПОХА

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЫЙ
И ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКИЙ ЖУРНАЛ

Издается с мая 1934 года

**Главный редактор**

Ахсар КОДЗАТИ

**Редакция**

Ответств. секретарь, проза – Борис ГУСАЛОВ
Поэзия, драматургия – Казбек МАМУКАЕВ

**Общественный совет**

Руслан БЗАРОВ, Анатолий ДЗАНТИЕВ,
Станислав КАДЗАЕВ, Елизавета КОЧИЕВА,
Анатолий КУСРАЕВ, Камал ХОДОВ

Владикавказ, 2015

# 7
# 2015

ЛИТЕРАТУРОН-АИВАДОН ÆМÆ ÆХСÆНАДОН-
ПОЛИТИКОН ÆРВЫЛМÆЙОН ЖУРНАЛ

Журнал цæуы 1934 азы майæ фæстæмæ

**Сæйраг редактор**

ХЪОДЗАТЫ Æхсар

**Редакци**

Бæрнон секретарь, прозæ – ГУСАЛТЫ Барис
Поэзи, драматурги – МАМЫКЪАТЫ Хъазыбег

**Журналы æхсæны уынаффæдон**

БЗАРТЫ Руслан, ДЗАНТИАТЫ Анатоли,
КОСТЫ Лизæ, КЪАДЗАТЫ Станислав, КЪУСРАТЫ Анатоли,
ХОДЫ Камал

Дзæуджыхъæу, 2015

## НОМЫРЫ ИС:


**СЕКЪА: 160 АЗЫ**

*СЕКЪА.* **Æмдзæвгæтæ, прозæ** 6

*ХЪАЗИТЫ Мелитон.* **Æнæвдæлон.** Уацау-новеллæ 16

*КОСТЫ Лизæ.* **Гом арты рухс.** Æмдзæвгæтæ 56

*ДАУЫРÆ.* **Мастисæг.** Радзырд 63

*КОКОЙТЫ Махар.* **Ивы рæстæг.** Æмдзæвгæ 69

*ГУСАЛТЫ Барис.* **Мастад цинтæ.** Этюдтæ 70

**УИЛЬЯМ ЙЕЙТС: 150 АЗЫ**

*Уильям ЙЕЙТС.* **Æмдзæвгæтæ, прозæ, цитатæтæ** 89

*ДЗУЦЦАТЫ Къоста.* **Хæцгæ уаст** 95

**«МАХ ДУДЖЫ» РАВДЫСТ** 97

**УÆЛАХИЗ: 70 АЗЫ**

*БАГАТЫ Аврам.* **Æлдаттаты хæстон æфсымæртæ** 107

**НЕ ‘ВЗАГ – НÆ ФАРН**

*ХОЗИТЫ Петр.* **Национ скъолайы кой цæмæн у тобæгонд?** 112

**ИРОН ПРОЗÆЙЫ АНТОЛОГИ**

*ЦÆГÆРАТЫ Максим.* **Новеллæтæ** 127

**АРВИСТОН** 133

**ТÆФÆРФÆС**

**Тотраты Руслан** 142


*Журналы авторты хъуыдытимæ редакци*
*алкæд разы нæ вæййы*

# СЕКЪА: 160 АЗЫ



*СЕКЪА*

# ÆМДЗÆВГÆТÆ, ПРОЗÆ

## ТÆХУДЫ

Тæхуды, ирон лæг
Йæхи куы зонид,
Йæхи, æнæмæнг,
Бæстон куы хонид.

Ирон адæм цытæ сысты?!
Чи гуырдзиаг, чи уырыссаг,
Чи тæтæйраг, чи кæсгон...
Никуы федтон ахæм диссаг, –
Ныр куыд сæфы Ирыстон!..

## МÆРДТÆМДЗÆУÆГ

Уадзын дунеты фæлывдæй,
Æз нал хъусдзынæн сæ маст.
Мæрдты раст лæгæн бæлвырдæй
Æз радзурдзынæн сæ хъаст.

## ÆФХÆРД

Мæ тых фесæфт, мæ ныфс асаст, –
Нал фæразын улæфын;
Зæрдæйы туг мæстæй бацахст,
Æхсæв-бонмæ уынæргъын.

## ИРОН ЛÆГ

Ирон лæгæн арахъхъ дæтт,
Æмæ дæ æдзухдæр ыстаудзæн.
Йæ цуры та дæ дзых бæтт, –
Зон, исчи дæ фæсайдзæн.

# ЛÆГ ÆВИ СЫРД

Уалдзыгон рæсугъд бон, хур арвы астæу тыбар-тыбур кодта, йæ хъарм тынтæ зæххыл æппæрста. Алы цæрæг удгоймаджы мадау рæвдыдта. Цъæх сгæлладау зæлдаджы хуызæн кæрдæг ирдгæ фæйлыдта. Зымты æхситт уасын айнæгæй айнæгмæ сау кæмтты хаста. Гæзæмæ дымгæ фаг улæфыд æмæ йын бæлæстæ фæлмæн хъырныдтой. Æврагъы дæргъдзинады мæргъты зарæг æнцад æнкъуыста. Цард алы къуыбырæй йæ мидбылты худт. Иудзырдæй, бæстæ бæрæгбон кодта.

Урс фосы дзугæн сæгъты къорд сæ разæй – Фидæртты хохыл схæлиу сты. Лæппу-лæг фыййау Ахмæт, нымæт йæ уæлæ, топп йæ хъæбысы, къæдзæхы сынæгыл йæ фарсыл хуыссыд, кæрдæгджын хизæн, уымæл ривæддон, нард фосы дзугæй йæ зæрдæ рухс уыд.

Уалынмæ тигъæй сычъи сырдты къорд æрбазындысты, сæ цæу сæ разæй, сæгътæ йæ фæстæ, къæдзæхы сынæгыл амбырд сты. Кæмæн йæ сæныкк йемæ, чи та æнæ сæныкк. Цæу сæ разæй къуыбырыл лæууыд, æхситтытæ кодта. Хъæбатыры бæрæгæн йæ раззаг къахæй зæххы цъар цавта. Кæй зæгъын æй хъæуы, Хуыцау рæсугъдæн кæй сфæлдыста, зæххыхъæд уæрæхæй кæй барæвдыдта, уыцы рæсугъд цæрджыты уынд æхсызгон кæмæн нæ уыдзæн, бирæ сæм фæкастæн.

Уалынмæ сæм мæ сæгътæ дæр сæввахс сты.

Сычъитæ æмбырдæй æрбазгъордтой æмæ сæгътимæ схæццæ сты. Æз æй нæ фæразын, куыд æй радзурон: уыдон хъæлдзæгад, уыдон циндзинад, æнусон хæстæг хицонтæ, лæджы æхсарæй чи фæхицæн ис. Бæрзонд æдзæрæг хæхтæ, æнæкæрон сау хъæдтæ сæрибар цардæн чи бацагуырдта, уыдон ныр сæ уарзон æфсымæртимæ баиу сты. Кæд дзургæ, ныхас нæ кодтой, уæддæр уарзондзинадæй кæрæдзийыл узæлыдысты, кæрæдзийы былтæ сдæрдтой. Сæ фæстаг къæхтыл-иу фæлæууыдысты æмæ сæ сыкъатæй хъæбыстæ кодтой, æхсæрхуыз гæрæм стыр сычъи цæу къæдзæхы сынæгыл лæууыд æмæ бæрзæндты касти, æхситтытæ кодта, йæ уарзон æмбæлтты знагæй хъахъхъæдта, дæрдтыл фæлгæсыд.

– Ехх, тæхуды, – загътон, – адæм дæр афтæ куы уарзиккой кæрæдзи уынд, афтæ куы хъахъхъæнид тыхджын мæллæгы.

Уалынмæ фалейæ топпы гæрах фæцыд, æмæ цæу асхъиудта, сау комы нарæджы зæйы сæр абадт. Сычъитæ дзыгуырæй тигъмæ сгæпп кодтой. Дыккаг гæрахæн дыккаг асхъиудта, фыццаджы фарсмæ зæйы сæр адаргъ, фаллаг къуылдымæй цуанон ныззарыд: «Радтай, Æфсати, ноджыдæр та радт!» Хæлын худ йæ сæрыл, цъæх пæлæз, æрчъитæ, фæрдыгдзых хъримагæн йæ астæуыл хæцыд. Тигъыл фæцæуы. Туджджыны зæрдæ йæм бадардтон, туджджын мын фестад. «Ма сæ бахæрай, – загътон, – ма дын батайой, цы дæ хъыг дардтой? Цæмæн сæ амардтай? Хохы рындзытæ, кæрдæджы муртæ сын цы хæлæг кодтай?»

Чи ма дзы аирвæзт, уыцы сычъитæ цæгатфарсырдæм Сырхыты хохы сæрмæ слыгъдысты. Фос æрыздæхтон. Рындзыл та бадын. Сагъæссаг хъуыдытæ зæрдæмæ калын. Уалынмæ та Сырхыты хохæй топпы гæрæхтæ, æрвнæрæгау, кæмттæ сараудтой. Зораты Дзоццæ цагъды уæлдай уыцы сычъитæй æртæ рамардта. Фæхъыг та кодтон, ма уын бантысæд, мыггаг ма сæ куы ныууадзат,уæд. Кæд сын хос нæ карстат, цæхх сын нæ дардтат хохы бæрзæндты, цы хъыг уæ дарынц?

Хур дæр æрныгуылд. Фæстаг хатт ма йæ сыгъзæрин тынтæй хохы цыргъытæн салам æвæрдта. Гæзæмæ дыдзы хур урссæр къæдзæхтæ æрттивын кодта. Фос æрыздæхтон, хъæумæ сæ æрбатардтон. Æхсæв-бонмæ дæр нæ бафынæй дæн – уыцы сырдты цагъд мæ зæрдыл лæууыд. Цæй, ныр мын æй зæгъ, уыцы сырдтæй сырддæр кæцы у? Лæг æви сырдтæ?

## ЗÆРВАТЫКК

*Æгас цу, зæрватыкк,*
*Æлдар кæмæн нæй,*
*Дæу чи дары хъыг,*
*Фæкæнæд дæдæй!*

Уалдзыгон хъарм бон, хур арвы астæу тыбар-тыбур кодта, йæ хъарм тынтæ зæххыл æппæрста. Зæхх сулæфыд. Цæрджытæн царды хос цæттæ кодта. Алы удгоймаг, цæрæг базмæлыд: æнцад нал лæууыдысты мæргътæ, сырдтæ, фос; адæм сæхи куыстмæ сарæзтой æндонбырынкъ, иухъусыг гутон зæххы царм гæрзытæ уагъта. Алы зайæгхал, кæрдæг рухсмæ тындзыдта. Мæргътæ

ахстæттæ кодтой, къогъоты, бындзыты сæ лæппынтæн хастой. Иу-дзырдæй, бæстæ змæлæг фестад.

Амонд куы нæ уаид, уæд ыл ном дæр нæ уаид. Амонддджын лæджы цур алчидæр амонд ары, фыдбылызджын лæджы цур та – фыдбылыз. Иу мæгуыр, æнамонд зæрватыкк динамонæг лæджы хæдзары къулыл ахстон скодта æмæ дзы лæппынтæ рауагъта. Лæппынтæ тæхын нæма фæрæзтой, фæлæ сыл хъуынтæ фæхæцыд. Зæрватыкк боныцъæхæй тар изæрмæ æнцад нæ лæууыд, йæ лæппынтæн къогъотæ, бындзытæ хаста. Иудзырдæй, зæрватыкк дунеты амондджынтæй йæхи амондджындæр хуыдта æмæ афтæ зæрдиагæй йæ лæппынтæн уый тыххæй куыста.

Уалынмæ дзырд æрцыд, динамонджыты хистæр, дам, æрцæуудзæн, зæгъгæ. Айда-гъа, динамонæг цъил фестад. Уæды онг кувæндон рыгæй нал зынд, ныр æй афтæ ныссæрфта, ныссыгъдæг кодта, æмæ ранæй-рæтты тыбар-тыбур кодта, фæлæ ма уæддæр йæ къуымтæй рыгтæ сау æндæрг хастой. Йæ хæдзар хæмпæлты астæу хæфсыты цады смаг кодта, ныр уый дæр ныссæрфта, ныррæсугъд кодта. Йæ усы фæнадта æмæ тæргай лыгъд уыд йæ фыды хæдзары. Уый дæр æркодта. Иудзырдæй, уыцы сахат зæд фестад. Фæлæ адæймаджы зæрдæ цы тугыл арæзт уа, уый æндæр фестын кæнын йæ бон нæу. Динамонæг уыцы мæгуыр зæрватыччы ахстон дæр йæ хæдзары къулæй ракалдта æмæ йын йæ лæппынты хæдзары цур къанаумæ ныппæрста. Адæм дæр сызмæлыдысты, динамонджыты хистæры размæ сæхи цæттæ кодтой. Динамонæг бæгъæмсарæй ратæх-батæх кодта, цæмæй йæ хуыздæр æмæ дзæбæхдæрæй фена йæ хицау, уыцы сахат йæхи ууыл хъардта, адæмæн хуыздæр дзуапп, æгъдæуттæ амыдта. Фæлæ фысдзармы дæр бирæгъ бæрæг у.

Мæн та уыцы мæгуыр зæрватыччы лæппынты мæт уыдис æмæ æдзухдæр уыдонмæ кастæн. Зæрватыкк бон-изæрмæ йæ лæппынты алыварс, цъилау, фæзылд. Куы-иу лæппынты цур балбæласыл абадт, æмæ та сæм-иу йæхи æрæппæрста, куы-иу арвы дæргъдзинады фырмæстæй æрбайсæфт æмæ та-иу цæстыныкъуылдмæ йæ лæппынты цур фестад.

Куы-иу ахстоны бынат хæдзары къулыл аныхæст, æмæ та-иу йæ лæппынтæм æртахт, стæй та-иу фæстæмæ æврагъы дæргъдзинады мæстæй катайтæгæнгæ аленчытæ кодта. Афтæмæй зæрватыккыл баталынг.

Æхсæв-бонмæ уыцы зæрватыччимæ мæ зæрдæ фæдзырдта. Дыккаг бон раджы сыстадтæн, æнæуый дæр мæ раджы стын хъуыд, æмæ уыцы зæрватыччы лæппынтæм уынæг бацыдтæн. Федтон æмæ къанауы мидæг лæппынты уæлæ сæ мад зæрватыкк дæр амард.

Райсом хурыскасты адæм æрæмбырд сты кувæндоны раз, динамонæг дæр сæ астæу, æмæ динамонджыты хистæрмæ æнхъæлмæ кастысты. Уалынмæ æрбахæццæ динамонджыты хистæр æмæ адæмæн арфæ ракодта. Адæм дæр ын сæ сæрæй акуывтой æмæ йын арфæ ракодтой. Динамонæджимæ аныхæстæ кодта æмæ кувæндонмæ бацыдысты. Кувæндоны сыгъдæгдзинад йæ зæрдæмæ нæ фæцыд, æмæ куыд æмбæлд, ахæм уайдзæф бакодта динамонæгæн. Уый фæстæ адæммæ раздæхт æмæ загъта:

– Уарзут кæрæдзи. Кувут Хуыцауæн. Уарзут мæгуырты æмæ сын уæ фæллойæ æххуыс кæнут. Ма хъыгдарут уæ гал, уæ бæхы, уæззау тыхкуыст сыл ма кæнут. Уарзут алы цæрæг удгоймаджы æмæ сын кад дæттут, – æмæ ноджы æндæр бирæ хорз ныхæстæ фæкодта, арфæ ракодта æмæ ацыд. Уæд уыцы адæмæй уымæн афтæ ничи загъта, уæдæ дæ динамонæг мæгуыр зæрватыччы хæдзар цæмæн æрбайхæлдта, æд лæппынтæ йæ хæрзсæфт цæмæн æрбакодта, зæгъгæ. Уый зæгъын ничи бауæндыд цæстмæхъус адæмæй, тынгдæр мæхæдæг.

## ФЫН

Уалдзыгон бон изæрмæ гутоны фæдыл афтæ ныффæлладтæн, æмæ фезмæлынхъом нал уыдтæн. Изæры лæппутæ касдонхъæрмхуыпп скодтой, фæлладæй дзы афтæ адджынæн бацымдтон, æмæ буар иууылдæр хид фестад. Лæппутæ æхсæвхизмæ галтæ аскъæрдтой, æз мусонджы мидæг – мæ быны нымæт, мæ кæрц мæ уæлæ æркодтон, – афтæ бафынæй дæн, æмæ мæ цуры хох куы калдаид, уæддæр нал сыхъал уыдаин.

Фыны иу æнахуыр бæсты фестадтæн. Иууыл быдыр, цæст ыл не 'ххæсти. Быдыры астæу карст айнæг къæдзæх – галуан. Галуанæн йæ разы хæдзар, айнæгыл æмхæст, йæ дуар ме 'рдæм.

Æз дойныйæ нал фæрæзтон. Мæ уд сцæйхаудта. Дон та быдыры æппындæр нæ уыд. Цон, загътон, уæртæ уыцы

хæдзармæ, кæд сæм дон уаид, æмæ мын раттиккой. Дуар бакодтон æмæ бацыдтæн, фæлæ мæ бацыдыл фæсмон фæкодтон, мæ дойны цы фæци, уый нал базыдтон: хæдзары астæу стъолы фарсмæ иу лæг бадт, йæ цæсты къæлæттæ сасиры чъилы йас, йæ фындз даргъ, гутоны гинонæй къæдздæр, сау сыджыты хуызæн, хæйрæджы цæстæнгас лæвæрдта, йæ худыл стыр дамгъæтæй фыст уыд «Белиер», йæ цуры дыууадæсы бæрц лæгтæ, салдæтты лæуд кодтой.

Белиеры чъылдыммæ, фæсте, айнæджы – хуынкъ, лæг дзы бацыдаид æви нæ, ахæм рудзынг. Рудзынг æфсæйнагæй æхгæд. Рудзынгæй мæм бирæ адæм зынд, бындзыты хъæр кодтой, кæцондæр æвзагæй сæ хъæлæба цыд.

Белиер стъолыл цыдæр цъæх гæххæттытæ рафæлдах-бафæлдах кодта, æмæ-иу хаттæй-хатт гæххæттыты бакаст афтæ: «Йегула-дыгула, дзаджджын-дзыджыда, хъара-хъуыстил, менталачъи, хæццу-мæццу, гæбыты-габо, рæнхъыл бега, авгтанæнтæчъырчъырæгтæ, донмыстытæ-сæлавыртæ, хохыл бады чысыл цъупп». Æмæ-иу гæххæтт, йæ разы чи лæууыд, уыдонæй иу лæгмæ авæрдта, уый-иу гæххæтт кæдæмдæр аскъæфта.

Мæн тынг фæндыди уыцы адæмы хабар бафæрсын, фæлæ нæ уæндыдтæн. Размæ-иу бакъахдзæф кодтон, бафæрсон æй, зæгъгæ, фæлæ-иу мæ зæрдæ Белиеры тасæй аталынг, цæстытæ-иу атартæ сты æмæ-иу фæстæмæ ралæууыдтæн. Афтæ иукъорд хæттыты бафæлвæрдтон. Иу хатт мæхи фæхъæбатыр кодтон, бафæрсон æй, зæгъгæ, хæстæгдæр бакъахдзæфтæ кодтон, фæлæ фыртасæй цы сдзырдтон, уый нал базыдтон. Мæ зæрдæ кæдæмдæр атахт, дуне мыл аталынг, марды хуызæн уадзыгæй баззадтæн.

Хуыцау зоны, цас фæдæн уадзыгæй. Куы ‘рчъицыдтон, уæд, уыцы галуаны цы адæм уыд, уыдоны ‘хсæн фестадтæн. Дис фæкодтон, ардæм кæцæй æрхаудтæн, зæгъгæ. Гъе дзы дуар куы нæ и, гъе, фæрсаг, уæлейæ мæ æруагътаиккой, зæгъын, æмæ галуаны фæрстæ цъæх айнæг, тынг бæрзонд уыдысты æмæ йæм уæлейæ æруадзæн дæр нæ уыд.

Адæм цыдæр хъæлæба кодтой, кæрæдзийы дзырд не ‘мбæрстой, æз дæр сын се ‘взаг нæ зыдтон. Сæ уындæй зæрдæ рыст, фæлурс, марды хуызæн. Æз галуаны къуымы дурыл сбадтæн æмæ хъуыдытæ кодтон. Иу ирон лæг атæппæт адæмимæ куыд нæй, зæгъгæ, дзырдтон.

Уалынмæ иу лæг мæ цурмæ æрбацыд æмæ афтæ загъы:

– Ды та ам цы ми кæныс, кæцæй дæ Хуыцау æрхаста?

Æз уырдыг фестадтæн æмæ йын афтæ загъын:

– Нæ зонын. Мæ фыдбылыз мæ ардæм æркодта. Фæлæ, Хуыцауы тыххæй, ацы адæм цы сты, ацы галуанмæ кæцæй æрцыдысты?

Уый ныуулæфыд æмæ афтæ загъы:

– Адон – цардагур адæм, царды фæндаг сæ ардæм æрхаста, æмæ сын ацæуæн ничердæмуал ис, цалынмæ арв снæра, мæлдзыджытæ сызмæлой, уалынмæ ам уыдзысты. Арв куы снæра, уæд мæлдзыджытæ сызмæлдзысты, галуан бадон уыдзæн, фæйнæрдæм акæлдзæн, ацы адæм суæгъд уыдзысты, царды фæндаг срухс уыдзæн, æмæ мæрдтæ сæгас уыдзысты.

Ацы ныхæстæгæнгæ рудзынджы размæ бахæццæ стæм. Рудзынгæй мæм равнæлдта даргъ, стæгджын къух, йæ даргъ æнгуылдзтæй мын мæ астæуыл фæхæцыд æмæ мæ рудзынгæй фелвæста. Æз ницыуал базыдтон, бауадзыг та дæн.

Хуыцау зоны, цас фæдæн уадзыгæй. Куы ‘рчъицыдтон, уæд иу дзæбæх быдыры фестадтæн. Йæ тæккæ астæу стыр фурд цыди. Ранæй-рæтты иугай бæлæстæ кæрæдзимæ ауuон лæвæрдтой. Фосы дзугтæ бæлæсты бынты ривæд кодтой. Миты хъæпæнау, урс æрттывтой. Гутонджынты зарæг дардмæ хъуыст, хуым кодтой, тындзыдтой.

Бæласы бынæй мæм, галуаны цы лæгимæ ныхас кодтон, уый сдзырдта:

– Рацу, хорз лæг, кæд минас кæныс.

Бацыдтæн æмæ йын салам радтон. Йæ цуры мæ сбадын кодта. Уалынмæ гутонджынтæ æрæмбырд сты æмæ рæнхъ рабадтысты. Иу лæг сыстад æмæ ныхъхъæр кодта:

– Уæ, нæуæг царды къæбиц, цы и, цы нæ и, алцæппæт минас æркал нæ разы!

Бæласы бынæй зæрин фыр рацыд, йæ сыкъа йын сластой æмæ дзы алы минас скалд, сæ раз байдзаг и.

Фæминас кодтой, фæцæл кодтой, хæрд, нуæзт куы фесты, уæд та йын йæ сыкъа ныссагътой, æмæ фыр бæласы бынмæ бафардæг. Адæм сыстадысты æмæ та хуым кæнын райдыдтой. Иуæрдæм хуым кодтой, иннæрдæм – таугæ. Иу хуым æвзæрди, иннæ – сыгхъæлæс, аннæ – кæрдиппæрд, кæрдынæн бæзгæ. Дис

сыл фæкодтон.

Æз уыцы лæджы бафарстон:

– Ацы адæм, галуаны кæй федтон, уыдон куы сты, уæд сæ чи рауагъта, ардæм кæцæй æрцыдысты, кæрæдзи дзырд куы нæ æмбæрстой, ныр иу æвзагæй куы дзурынц, уæд цы диссаг у? – загътон. Уый мын афтæ зæгъы:

– Арв снæрыди, мæлдзыджытæ сызмæлыдысты, галуан фехæлди, кæрæдзийы дзырд – ныхас базыдтой æмæ сæрибар цардты быдыры хуым кæнынц. Зæхх къухы уонгæй баст æрцыд, уæлдай дзы нал ис. Цæрдтæ мæрдтæй хъауджыдæр нæй.

Уалынмæ хур анығуылд æмæ уыцы лæг бæласы сæрæй ныххъхъæр кодта:

– Уаг уадзын афон у, суадзут кусæг фос, тæригъæд сты. Фидиуæджы хъæрæй фехъал дæн, ракастæн æмæ сбон и. Лæппутæ гутон ифтыгътой.

Бæргæ ма мæ фæндыди дзæнæтон быдыры кусджытæм кæсын мæ фыны мидæг. Фæлæ галтæ сифтыгътой æмæ та иухъусыг гутон сым-сымгæнгæ зæххæй белтъытæ фæйлауын систа.

## ФÆРАНК, БИРÆГЪ, СЫРДТÆ ÆМÆ ФОС

Фосæн, дам, мæ хицау скæн, бирæгъ загъта фæранкæн. Фæранк хъуыста адæмæй бирæгъы фыдгой æмæ æрæджиау, адæм афтæ куыд нæ загътаиккой, фæранк раст хъуыддаг нæ бакодта, зæгъгæ, бирæгъы фосæн хицау кæй скодта уымæй, уый тыххæй фæранк сырдтæм хонæг арвыста, цæмæй æрæмбырд уой фæранкмæ æмæ сæ бафæрса бирæгъы тыххæй.

Сырдтæ æрæмбырд сты фæранкмæ. Фæранк сæ бафарста, бирæгъ куыд цæры, цы ми кæны, зæгъгæ, фæлæ сырдтæй иу дæр бирæгъы фыдгой не скодта, æмæ фæранк бирæгъы фосæн хицау скодта.

Цымæ уæд фос та цы загътой? Уынаффæйы хъуамæ уыдон дæр уыдаиккой.

Замана уый уыд, замана, æмæ дзы нæ уыдысты, ферох сæ кодтой. Афтæмæй фæрсын та уыдонæй хуыздæр никæй хъуыд.

# ЗОНДДЖЫН ÆДЫЛЫЙЫ ЗÆРДÆМÆ НÆ ЦÆУЫ

Рагон ирон зондджын лæг Сем Санибайы комы фæцæйцыд æмæ фæндагыл иу лæгыл амбæлди:

– Дæ фæндаг раст! – загъта Сем.

Уый йæм æрбаздæхт:

– Ды Сем дæ, адæм зондджын кæй хонынц?

Æмæ, арфæйæн фæстæмæ дзуапп радтыны бæсты, Семы æлгъитын райдыдта.

Цæуынц иумæ. Сем хъусы. Иннæ йыл æнæрæнцайгæйæ алывыд калы.

Хъæумæ куы баввахс сты, уæд Сем æрлæууыд æмæ æлгъитæгæн загъта:

– Дæ хорзæхæй, цасдæриддæр мæ ‘лгъитинаг дæ, уыйас мæ ацы ран фелгъит, кæннод, хъæумæ куы бахæццæ уæм, уæд дыл адæм фæхуддзысты.

Нæ басæтдзынæ мæстыгæры сабырдзинадæй, хæрам лæджы – хорз кæнынæй, чъынды лæджы – рæдаудзинадæй, гæды лæджы – рæстдзинадæй.

# БУРДЫМ ÆМÆ БУЛÆМÆРГЪ

Уастырджитæ, уас-хотæ, уас-тутыртæ æрæмбырд ысты Уасы къуыппыл æмæ зарыдысты.

Бурдым æмæ сæм булæмæргъ дæр ахуырмæ бацыдысты. Бурдым бафынæй, хæмпæлы схуыссыд. Булæмæргъ сæм хъуыста, хæстæг сæм ссыд. Æхсæв-бонмæ фæзарыдысты дауджытæ. Булæмæргъ сахуыр уыдоны хорз зарджытыл.

Боныцъæхæй сугдзау хъæдмæ фæцæйцыд æмæ хæрæгыл фæхъæр кодта, гокыс, зæгъгæ. Бурдым хъæрæй фехъал æмæ ма æрмæст сугдзауы хъæр фехъуыста æмæ уый бахъуыды кодта. Куы нæ бафынæй уыдаид, уæд уый дæр, булæмæргъау, дауджыты зарджытæ базыдтаид.

Ныр бурдым «гокыс-гокыс» кæны, булæмæргъ – дауджыты зарджытæ зары.




*Секъайы мæлæтыл 100 азы сæххæсты бонмæ Гæдиаты мыггаджы хардзæй Дзæуджыхъæуы æвæрд цыртдзæвæн. Скульптор* ***Тауаситы Руслан.***

*ХЪАЗИТЫ Мелитон*

# ÆНÆВДÆЛОН

*Уацау-новеллæ*

Хæдзардзин адæймаг æвдæлон куыд уыдзæнис?! Уæлдайдæр, нæ хæхбæсты. Уымæй дæр тæккæ фезмæлыны рæстæджы – хосгæрдæнты. Сыгъзæрин феста æмæ æнæнцой макуы фæуа, уыцы рæстæг нæ хæхбæстæм цинæн дæр æмæ тыхстæн дæр чи рауагъта. Йе 'хцон бонтæ дæр бирæ сты, йæ дæлæ-уæлæ дæр, табу – Уæллаггæн, нæу къаддæр.

Бирæтæ Атынæджы бæрæгбонмæ нал фæлæууынц. Феппар дæ хæдон, сысчъил кæн дæ хæлафы фадгуытæ, фелвас дæ къахыдарæс, кæрдæгæй сби худ æмæ, – гъæйда! Цы базгуытæ базайы нæ хæхбæсты нæлгоймæгтыл! Фæсте сæ ницæмæй фæлæууынц ставдыстæг, дзырдбарон æмæ худæджыдзæкъул чызджытæ.

Фæлæ уæддæр нæлгоймæгты дарæсы конд хуымæтæджы не 'рымысыдтæн. Афтæмæй адæймагæн тынгдæр æнтысы. Цас бæгъæнæгдæр уай, уый бæрц дæ æрдз йæхимæ хæстæгдæр кæны. «Алæбон æгас цæуай!» – дын дзуры. Æрдз адæймагыл йæ къух systa, дарæс ыл куы федта, уæд. Æмæ уыцы аиппыл иуварс хæцын æнæзондæй нæ райдыдтой ныры сылгоймæгтæ – дæ фæрдыгцæст бикъ разынын кæн, æмæ къуыдипп лæппутæ дæ фæдыл ныххал уой, æрдзы сынтæгмæ дæ сайой.

Фæлæ хосгæрдæнты хосдзауты, уæл-

дайдæр нæ хæхбæсты уыдонмæ кæцæй æмæ куыд февдæлы, гормæттæ. Уæд зымæджы сæ папитæ стонгæй бындзагъд куы фæуыдзысты æмæ сыл зымæг-зымæгдæргъы адæм худинаджы зарджытæ куы ныввæнддзысты.

Стæй афæдзæй-афæдзмæ искæмæн йæ род йе 'нæсæрфатæй скъæты цъыфы куы фæхиу вæййы, уæддæр æй æгъдауылхæст хистæртæ æнафоны хосдзауты аххос фæкæнынц – сымах нал фæлæууыдыстут, æнæсысмудæн къулбадджытæ, Атынæджы зæд-дуагæн скувынмæ, афтæмæй уæ рæузондæй бавнæлдтат хос кæрдынмæ, æмæ ныл, уынут, йæ цæхæртæ калы, зæгъгæ.

Сыхы лæппутæ æмæ сæ фарсхæцджытæ сæ ныфс æргомæй кæмæ нæ бахæссынц, уымæ дæр баххæссынц сусæгæй. Хуыснæджы къух даргъ у. Стæй сæ кæрæдзимæ гæды пыррыччытæ фæкæнынц, фыдызгъæлыл та цæй цæхх, цæй туаг æмæ цæй лавры сыф кæныс, зæгъгæ! Йæ ад, дам ын сафынц, йæ ад. Æнæ уыдон, дам æй, фуфугæнгæйæ, куы хæрай, йе 'цæг тых, зæгъы, уæд разыны, уæд. Къулбадджытæ.

Æцæгæй та давæггагимæ уыдон, – цæхх, лавры сыфтæ, туаг, – алы хатт талф-тулфæй адæймаджы къухы нæ фефтынц. Æмæ сыл уæд дæхи цы марыс. Цæхх, туаг æмæ лавры сыф нæ фæагурынц адæймаджы ахсæнмæ фæндаг хицæнæй, æндæра, фыдызгъæл, цин дын фенон, нæ хæхбæсты æнæ уыдон дæр йæ кад нæ сафы.

«Карчы къæрныхты» тыххæй та сыгъзæрин Атынæг чъынды æмæ мæрддзæст адæмæн афæдзæй-афæдзмæ фæвæййы æлгъыстаг. Æнæсæрфат адæймагæй цы домыс. Цыма сын сæ кусæрттæгтæ уый фæдавы.

Фæлæ Цуцури тæккæ хосгæрдæнты æцæг æнæвдæлон уыдис.

Æгас комбæсты зайæгхал кæрдæджы сыфæй бæлæсты тæккæ цъуппытæм кæй бæрны сты, йæ уыгæрдæнтæ кæмæн кæрдиппæрд кæнынц, зымæгмæ хæдзарваг суг æрцæттæ кæныныл чи у, хæдзары куыстытæ иунæг нæлыстæгæй кæй бæрзæйыл æнцайынц, уымæн, уæ бонæй уæ уа, уанцон æвдæлон нæу. Стæй хæдзардзин æмæ хæдзардарæг нæлгоймаг, гормæттæ, куыд уыдзæнис, куы, æвдæлон? Уæд йæ мæлæт æрцыд æмæ уый зæгъ.

Æмæ изæрдалынгты Хуыцауы дæлбазырмæ, – сыхбæсты сæрмæ бæрзондыл кæй цæры Цуцури, уый тыххæй дзы фæдзурынц афтæ, – районæй хæдтулгæ куы стылд, сæумæцъыккæй дæм æгас районы хицау йæхæдæг сиды йæхимæ, зæгъгæ, уæд

ацу, ды хорз лæг дæ, æмæ хур боны арвы æрцæфау, ма фæу. Цæмæн æм сиды? Цы дзы кæны районы хицау? Цы судзаггаджы марды тыххæй йæ бахъуыд? Уымæй дæр, сæумæцъыккæй.

Æмæ фæстаг рæстæджы адæммæ хицæуттæ кæд мæнæ-мæнæ ныммады нал сты, уæддæр аивтæй йæхи цæттæ кодта æмæ цæттæ дæр скодта йæ балцмæ – ныссæрфта йæ арфуафс дзабыртæ, йæ бæлцуаты дарæс сæ ауындзæнмæ йæ дæрзæг армæй аивæй æрсæрфта (йæ арм ардуаны æнгæс у æмæ йын сæ ма ‘рхæсса йæ разæй). Йæ тарцъæх хæдон дæр семæ ауыгъд кæй уыдис, уый йын фехсызгон...

Цуцури йæ цæст ахаста æрбацъæхуæвæг арвыл. Арвы денджызы æвзист кæсæгтæ æмызмæлд кодтой. Сæ тыбар-тыбуры æвдыстой сæ рæсугъд, сæ фенддаджы хуызтæ. Уый хорз у – хосгæрдæнты хур зæххыл атылд, зæгъгæ, уæд уымæй хуыздæр, уымæй бæллиццагдæр цы уа.

Район дард нæу – ныууай æмæ фæссихор фæстæмæ æрбаздæх. Кæд дыл дæ чъынды нæ фæтых уа, уæд дзы искæимæ лæугæйæ бæгæны дæр аназдзынæ. Уыдонæй сæхимæ макæмæ æнхъæлмæ кæс. Æрцæуæг адæймагæн æппынæдзух йæхи дзыпмæ фæкæсынц.

Бирæ аназын дæр дзы никæимæ æмбæлы – уайтагъд иу дыууæ бавæййы, дыууæ – цыппар... Хæсты бын дæ фæкæндзысты. Бæрцæй иу-дыууæ бæгæныйы. Æмæ дыл уыдон дæр цалынмæ не ‘ртæфстысты, уæдмæ дæ фæндаг цыбыр кæн. Кæд стыр куыстытæ нал бакæнай, уæд ма иу æргъом хус сугтæ æрдавынæн суыдзынæ.

Уæддæр æгас æхсæв-бонмæ хуыссæджы цъынд нал æрхæцыд лæджы цæстытыл. Цæмæн, цæй тыххæй йæ æрцагуырдта хицауад? Йæ куыстæй йын нæу райгонд? Æмæ, æнæ бар райсгæйæ, суджы къæцæл куы ничи æрхæсдзæнис йæ къæсмæ. Уый тыххæй алаз-алаз цас пайда барвиты паддзахадмæ, уый ницы у?

Чи зоны, зымæгмæ йын суг нæй?.. Хицауадæн. Кæнæ йæ хæстæг искæмæн?.. Æмæ йын уæд йæхимæ цæмæн дзуры? Быргадæн æй (йæ хистæр, бригадиры, афтæ хоны Цуцури), йæ бон ныккала, цæмæннæ исты загъта уæд. Уый йæм æй æмбисæхсæв дæр фæхæццæ кодтаид.

Нæ, суджы тыххæй йæм нæ дзурдзæнис. Уымæ æргуыбыр кæныны онг не ‘руагътаид йæ кады сæр. Хицауад у! Хицауад та, мæ бон акæнай, алкæуыл не ‘ввæрсы. Алкæмæн нæ кæны йæ хабæрттæ æмæ йæ диссæгтæ.

Уæд та йæ уæлæмæ кæнынц? Уæд та, быргады бынатмæ?..

Нæ, уæлдæр æй нæ кæндзысты. Уæд ын районы цæргæйæ у. Уым та йын, чи дын цы дæтты, фæлæ æввонг хæдзар куы радтой, уæддæр сæхи артæнты аирвæздзæнис – афтæ бастъигъдзысты мæгуыр лæджы, æмæ йæ царм хæдоны бын никуыуал стæфсдзæнис. Куыд уæлæмæ адæм зынæфсисдæр сты. Иу сом дзы кæй къухы радтай, уый дæм стæй дыууæ соммæ кæсы. Уæдæ. Цуцури сын сæ уды кондмæ уымæн никуы бабæллыд. Нæдæр районы паддзахадон æввонг къуымтæм, нæдæр быргады бынатмæ.

Кæдæм уæлæмæ йæ  æвдæлы, йæ хæдзары куыстытæ йæ сæрæй уæлдæр куы сты, йæ къухтæм æмхасæнтæ куы кæны, уæд? Хицауадау хус астæу нæу. Æрвыл бон, тæфсæгæй рынчынау, иу ран æвдæлон рафæрсыл-бафæрсыл кæна, хурыл зивæг æфтауа... Нæ-æ!.. Сæхицæн – фæлдыст сæ хицауад.

Уæддæр, сæумæцъыккæй куы рараст хæдзарæй, уæд йе ‘мкъай, йæ къухтæ йæ дæрдджын раздарæнæй сæрфгæ, уыцы ракæнонхуызæй рагæпп кодта йæ фæдыл:

– Дæ куыстæй дæ куы исой, уæддæр-иу дæ зæрдæйы хуызтæ ма равдис. Сæ астæурæхыстæ сæ галиу уæхсчытыл фæхæссæнт, сæ быны лæдзджытæ – сæ галиу къухты, кæд нæ уæлвæндаг нæ фæкодтой. Уый сын хицауад! Уæ бар, зæгъ – уæхи. Сæ куыст дæр – куыдз æмæ сæхæдæг дæр – куыйтæ! – уыцы æхсызгонæн ныхта йæ рахиз, дзæбæх æрфыг. – Къæлæтджыныл чи фæбады, митæ уый фæкæны. Сæ ныхас-иу сын куыдзмæ дæр ма ‘рдар, куыдзмæ. Æнæдзургæйæ-иу разил æмæ рацу дæ мæгуыр, фæлæ фæрныг къæсмæ. Сæ куыст дæр, сæ мызд дæр сæ фароны фиститмæ – сæхи! Нырмæ дæр уыцы къапеччытæй нæ цардыстæм. Ныр дæр æнæ уыдон кæд нæ удæгасæй истытæ кæниккам, – йæ дзæбæх æрфыг æй кæй хордта, фидарзæрдæ уымæн уыдис. Фæлæ йæ æргом нæ дзырдта. Уæд, цы хорз ыл у æрцæуинаг, уый куынæ уал сæххæст уа, гормæттæ.

Цуцури æрлæууыд. Йе ‘уæхсчы сæрты сабыргай ракаст фæстæмæ. Уыцы тарæрфыг, тарцæсгомæй: «Сыхбæсты сылгоймæгтæ йæм исты ног хабар фæхæццæ кодтой, мыййаг? Æмæ сæ кæй æвзагыл зынджытæ æвæрд уыд?»

– Чи дын загъта?!. – лæгæн йæ рахиз арм йæхигъдауæй æрбатымбыл. Æхсæв-бонмæ, йæ куыстæй йæ сисой, ахæм кой йæ сæрмæ æмгæрон не ‘руагъта, – уанцон нæу, гормæттæ! – ныр

кæс, æмæ – амæ. Уæддæр лæг фæхæцыд йæхиуыл. – Халонауиу ма уас, мæнæ ус.

Лæг цæмæйдæр тыхст æмæ йæ нырмæ нæ фæхатыд – йæ хæлафы фадыг кæм ис, – уалæ йæ батинкæты бæзджын бынты сæрмæ! – æмæ йыл уырдæм кæдæм мæрдтæм ныххæцыд сындзы бындзыг. Хус сындзы бындзыг. Афæлвæрдта йыл къахæй æрлæууынмæ. Фæлæ – нæй. Æмæ йæ уый дæр, цыма фæсалы бындзыг у, – рог, фæлмæн, – ратыдта йæ дæрзæг армæй. Адыгъгъуытт æй кодта фæндагмæ.

Буртуз, йæ иузæрдыг цуанон, уæдæй нырмæ йæхи райвазбайвазгæнгæ, йæ комивазгæ, йæ алывæрсты кæй зилы, уый цыма лæг нæ хатыд. Уадз, зона, рæгъытыл йæ куысты фæдыл нæ цæуы. Бадæд йæ куыдзы бынаты æмæ хæдзармæ дарæд йæ цæст. Уый ныртæккæ – йæ иууыл хуыздæр куыст.

– Мемæ цæугæйæ дын нæу, Буртуз! Ам бад æмæ хæдзармæ кæс. Æз дæр, Хуыцауы фæндæй, тагъд зындзынæн. Æмæ акæсдзыстæм нæ папитæм, – цыма йæ Буртуз бамбæрста, уыйау разыйы нысанæн æрхуыссыд зæххыл. Йе стыр сæр æрæвæрдта йæ раззаг дзæмбытыл, фæлæ йæ разыйы цæстæнгас нæ фæхицæн йæ хицауæй. – Æндæра, уыныс, æфсин мæ фелвæста мæ куыстæй.

– Хорз, хорз, фæлæ уæддæр дæ зæрдæ ма равдис. Сæ зæрдæтæ аскъуыйæнт – уый сын мæ хуыздæр арфæ, – сылгоймаг дзагцæстæй каст йæ фæстæ æмæ фæсмоны æнкъарæн зивæггæнгæ тæлфыд йæ сæры: «Йæ хæлаф ын куы аиту кодтаин, уæд та. Фæстаг рæстæджы мыл цыдæр мæрдырох бафты, æндæра йæ дысон куыннæ æрцахста мæ сæр. Дæлæмæ ныххауæнт, фæлæ, уæддæр – хицауад... Стæй, районы адæмæй лæг кæуыл не 'рбамбæлдзæнис», – сылгоймаг бон-изæрмæ никæй уыдта. Хинымæры дзурыныл ахуыр уыдис.

Йе 'рфыг ныхын æй нæ рох кодта. Фæстаг дзырдтæ дæр, йæ мидсагъæсау, сабыргай загъта, фæлæ хæдзаргæнæг бирæ нæ фынæй кæны – дæлæсыхаг Цамел йæ хæдзары фарсмæ уæрдæх здыхта, – цыма дзы сæумæцъыккæй йæхи ауыгъта, – æмæ æрхымпырдта лæг æмæ усы быцæу ныхас. Комарынгæй хуыфгæ рацыд Цуцурийы размæ, – цыма сывæллон у, æхсæвыцъæхæй ма фæтæрса, – исты ног хабар базоныны ныфсæй.

Сæ кæрæдзийæн дæ райсом хорз куы загътой, уæд Цамелы курæггæг суары хуызæн цæстытæ сæ къуырфыты цъыллынг-сыф-

фытт кæнын райдыдтой. Куыд йæ зæрды ис: кæдæм рабалц ацы зæронд, уый боныфæстагмæ йæхæдæг зæгъдзæнис æви йæ фæрсгæ бакæна?

Цуцури йæ зыдта, æрдæгæхсæв гæдыйы уаст куы фæцæуа, уæддæр æрзайы рудзынджы фæлгæтыл; цалынмæ, цы ‘рцыдис, уый базона, уæдмæ йыл бахус уыдзæнис, фæлæ йæ сæр базмæ не ‘рхæсдзæн. Куы схуысса, уæддæр хуыссæджы цъынд нæ фендзæн, фæнды йæ ‘ргæвдгæ акæн.

Ныр йе ‘рдæгыздыхт уæрдæх йæ армæй йæ цонджы рæмбынкъæдзмæ тæлыйау атыхта æмæ, сыхæгтæй ма ацафонмæ фынæй чи кæны, уыдонæн дæр сæ ныхасæй куыд ницы аирвæза, æмæ йын искуы, æйтт, зæгъгæ, фæцыд, уæд æнæфæцудгæ æвдисæнтæн куыд бабæззой, афтæ гæзæмæ мидбылхудгæ, дзургæ рацыд бæлццоны размæ:

– Тæрсгæ ма кæн. Мæнæн хорз къах ис. Рæствæндаг фæуыдзынæ. Фæлæ боныцъæхтыл къæрццитуйæ кæдæм фæдис кæныс? Мыййаг, исты... Уæд æй махæн цæмæннæ раргом кæныс, цæмæннæ уарзы дæ цæст? Æви дæ фыдызнæгтæ стæм, мах фердæхыны фыдæй фесæфæм?

«Æ, дæ хæдзар дын мастад скæна кæннæуæдæ. Мæ размæ куынæ фæуыдаис, уæд дыл цымæ нал сбон уыдаид, фыдæмбæлæг», – йæхи мидæг рамæсты лæг. Æгас комбæстæ йæ сыгъдкъахæй зонынц. Фембæлдис дыл, уæд дæ фæндаг ныуууадз. Дæ хæдзар бацагур, уæддæр дæ балц хуымæтæджы у. Цуцурийы дæр, стъалыбалцы афон йæ разы лæууа, уый мæнæмæнæ кæцæй уырныдтаид, æндæра цæхæрадæтты, æнæкарст хæмпæлты ныуудаид... æмæ дзы, чи зоны, аирвæзтаид... куынæ йæ федтаид, уæд. Йæ цæст ыл куы скъуырдта, уæд аивæй йæ галиу уæхсчы сæрты фæстæмæ æртæ хатты уымæн атутæ кодта: йæ зæрдæ – йæхи, æндæр ма йын кæй бон цы у.

Цæмæй йæ æгæр ма ракъах-бакъах кæна, куыд тагъддæр дзы аирвæзтаид, уый тыххæй йын йæхæдæг æппæлæгау афтæ:

– Районмæ мæм сидынц. Хицауад. Дысон хæдтулгæ нæ федтай? Мæнмæ ссыд. Районæй! Уырдæм тагъд кæнын, – лæугæ не ‘ркодта. Уыйбæрцытæ йæ не ‘вдæлдис дзæгъæл ныхасмæ.

Уадз, йæ сыхбæстæ йæ зоной, кæимæ цæрынц! Сæ цæхджын хойраг кæимæ фæдих кæнынц! Хицауадæн чи у, æмæ йын сæ цæсты цы аргъ ис! Уадз æмæ йæ зоной! Уæлдайдæр Цамел. Уый хуызæн у? Адæм дзы дардмæ лидзынц!

Кæддæр районы уыдис. Сæныччытæ ауæй кодта. Йæхи хуызæттæ йæ басайдтой хæрæндонмæ. Дзæбæхтæ дзæбæхтæ фæкастысты сæхимæ. Фидын афон куы ‘рцыд, уæд йæ фысымтæ иугайдыгай фæбырыдысты. Лæггадгæнæг сылгоймаг куы ‘рнымадта, уæд ма йæ цæстытæ раирвæз-баирвæз кодтой:

– Æз Цамел дæн, Цамел! Уыдон мæ фæхуыдтой! Нæ мæ зонут?!. Æз Цамел дæн, Цамел!

– Цамел нæ, Æхцамел куы фестай, уæддæр дæхиуæттæ бафид! – æрхæцыдысты йыл æгас хæрæндоны кусджытæ. Йæ сæныччыты аргъ ын йæ дзыппæй скъахтой. Уæдæй ардæм район йæ удхæссæг фестад. Ноджы, дам, æй сывæллæттæ фæскъултæй фæмæстæй марынц: «Æз Цамел дæн, Цамел! Нæ мæ зонут?!.» Æмæ йыл районы æввонгхортæ, ома, иу хатт ма нын куы бакомид хæрæндонмæ, сæ ривæдгæнæнты фæхудынц сæ мидбылты. Фæлæ йæ уырдæм, хæрæндонмæ, стыр хæснагыл дæр ничи уал басайдзæнис.

Ныр Цамел æвиппайд фæтыхст: куыд æм æрбацыд хицауады машинæ?! Куыд æмæ йæм цæмæ сидынц бондзир-дзуры?! Уый та, Цамел – чидæр суг агуры, банымадта. Бынаты лæг у, фæлæ районы ахæм нымад æрцыд, æмæ йæм хæдтулгæ хонджытæ æрвитой? Мæнæ диссæгтæ æмæ тæмæссæгтæ!

Ихыллæууæг каркау, цæй тыххæй арафт-бафт кодта йæ мидбынаты, уый куыннæ зыдта. Уæдæ ма сыхаг æндæр цы фæзоны.

Цуцури æмбæрста, цæмæй йæ бафæрсдзæнис, æмæ дзы, ома, тагъддæр аирвæзон, батагъд ын кодта йæ æнæратгæ фарстæн рæстæгыл фидар, сæрсæттæн цæф кæмæй фæкодтаид, ахæм дзуапп ссарыныл:

– Хицауад мæм йæхæдæг сиды!

– Уый та дæм куыд йæхæдæг дзуры?!

Цамелы зæрды уыд, йæ хуылфы цыдæриддæр ис, уыдон ын кæронмæ иннæрдæм рафæлдахын. Халгай сæ фезмæнтын. Æрдугай сæ базонын. Дызæрдыггаг ын сæ куыд ницы баззадаид. Фæлæ уыдæттæ тынг хорз хатыд, стæй сæ æгæр хорз зыдта Цуцури дæр. Цамелы кæд тынг фæндыд йæ афæстиат кæнын, уæддæр æм уый тыххæй не ‘рлæууыд:

– Нæ йæ зонын. Нæ мæ ‘вдæлы. Нæ йæ зонын. Нæ мæ вдæлы...

Цамел ма йæ фæдыл цыдæртæ дзырдта, цæмæйдæрты йæ фарста, фæлæ йæм нал фæкаст. Цыма æцæг хицауады кусæг лæг у, стыр æнæаргъæвгæ хæстæ йын ис, æмæ йæ нæй йæ къах

атилыны бон дæр, сæрбæрзондæй ахæм хуыз равдыста Цуцури. Куыдзæй, ардыд куыдзæй дæхи тых æмæ фыдæй куыд атонай æмæ дзы, фæстæмæ фæкæс-фæкæсгæнгæ, размæ куыд аппарай дæхи, афтæ дзы аирвæзт, æмæ йæхицæй фæбузныг – æгайтма йæм не 'рлæууыд. Ныр ын кæд йæ сыгъды къах йæ фæндагæн ницы батых кæнид, æмæ фæндараст фæуаид, сусæгæй йын йæ бынатмæ чи хæлæг кæнын, уыцы æргом æмæ сусæг знæгты фыдæнæн. Цас бæллиццаг бынат у, фæлæ йæхи тугвæллойæ цæрæг адæймагæн чысыл капеччытæ дæр, адæм куыд фæдзурынц, «æввонгæй» стыр æххуыс сты.

Æцæг ын йе 'мкъайы фæндарастгæнæн ныхас æхсызгон нæ уыдис. Цæй тыххæй, кæй тыххæй йæ сисдзысты йæ бынатæй? Кæмæн цы кодта? Цæуыл æм фæхæрам сты? Дæлæ, районы кæмæ хауы, уыцы хицауæн æрвыл фæззæджы, раст Джиуæргуыбаты æхсæв, фырнæрдæй сыгъдæг фиуы хуызæн чи свæййы, ахæм цæу ратты? Ратты! Уымæй дæр – лæвар!

Хицауад, дам мæ, фæзæгъы, рарвыста; æнæмæнг, дам, мын фароны сæгъы мыггагæй ссар кусæрттаг. Уый фыдызгъæлы хуызæн, дам, ме 'фсинæн кусарты фыд никуы ма батадис. Æхсæв æмæ, дам æй бонæй æнæфæцухæй куы хæра, уæддæр, дам, дзы нæ зæрдæцъæх кæны. Афтæмæй йæм, зæгъы, сæкæрниз кæдæй нырмæ ис! Алы фыд нæ уадзы йе 'мгæрæтты. Æмæ, уæдæ, сæ хæс нæу, йæ фарс уой? Йæхи фарс дæр, йæ бынаты фарс дæр.

Диссагæн дзуринаг адæм сты: сæхæдæг – туаг, сæ низтæ – адджын.

Æниу, деттæ иу ран бадын æмæ фырхæрдæй, донбын мæры насау, сæ цармы нал фæцæуынц, æмæ адæмы цæстмæ, уайдзæф сæм макуыцæй æрхауа, алы гæды æфсæнттæ фæцагурынц. Йæ зæрдæ миты карсты хуызæн нард фыд, уымæй дæр нæл сæгъы фыд кæмæн дома, уым низ цы ми кæны, цы, гормæттæ? Сæгъы фыд, зæрдæзæгъгæ нард сæгъы фыд, сæйгæ адæймаджы уæнгты дæр цæй низ ныууадздзæнис, цы хæрды кæнæ йæ цы уырдыджы фæкæлын кæндзæнис, мацы базоной. Уадиссаг, гæды митæй дарддæр, мæнæ-мæнæ зонгæ дæр ницы кæнынц, фæлæ…

Æмæ сын бæргæ бацамонид, мацы бамбарой, сæгъæн йе 'хсыр дæр, йæ сой дæр, йæ фыд дæр æнæнизы хос сты. Адæймаджы нымад бонтыл цард кæй æфтауынц. Фæлæ йын хуыргуыбынтæ йæ папитæ иунæг къуыримæ дзæгъæл бæдулы цъæм-цъæм акæндзысты. Сæ цæсгæмттæн аргъ кæнынц. Сæхæдæг куы бафсæдынц,

уæд та фæндаджы хæйттæ фæагурынц. Уыдон – Мыкалгабры кувæндонмæ; уыдон – фæндагсар Уастырджийæн; уыдон... сæ мад æмæ сæ фыдæн æвзæр куыдзы фыд – фæлдыст... Пуй, куыдзы фырттæ! Цыма авд хохы сæрты фæхизынц.

Амæй размæ йын сæ иу та фынгыл æртæ царвыленкгæнгæ уæлибыхмæ ацамыдта: «Адон айс æмæ сыл ставд къуыдырфых хæйттæ дзæбæх-дзæбæх æркал, афтæмæй сæ мæ шофырæн машинæйы бавæрын кæн». Амæйразмæ, дам дзы къоркъулайаг къæбæда иуæн цæрвджын хæбизджын йæ дзыппы нывæрдта. Расыг уыдис æмæ йæ тутсæр не 'рцахста, царв ын йæ дарæс бынсæфт кæй фæкæндзæнис. Æппаринаг ын фесты. Афтæ сын æмбæлы!

Æмæ кæд комы аргъ лæгæй уыцы дæрдбалцы фæцыдтæ, уæд ды дæр иу къафетты мур, уæд та, сылгоймаджы, гъе, искæй сабийы... Йæхи уæттæ горæтмæ фæфардæг сты, фæлæ искæй саби арæвдауыны номыл дæ афтид дзыппы уæддæр райстаис. Ныр ын – фæндаггæгтæ...

Стæй сыл дыккаг бон сæ кæрæдзи фæратон-батон кæнынц. Загътой йæ Цуцурийæн. Фæндагыл сæ, фылдæр дзы мачи ахæра, æрнæмынц сæ къæхты саггæмтты. Уæддæр сыл æвронгæй фæхæрынц сæ кæрæдзи. Æрвитæггæгтыл. Ды дзы фылдæр ахордтай. Ды дзы фылдæр амырхтай уæхимæ...

Чи куыд стырдæр горæты цæры, чи куыд стырдæр бынат ахсы, афтæ кæд сты æдзæсгомдæр. Æдзæсгомдæр æмæ æнæфсисдæр. Сæ гуыбынты номæй фæцæрой, кæд гуыбынæй лæг нæй.

Хицауадæй дæм, зæххæй сисинаг чи нæ уа, уыцы гæдыйы лæппын куы æрбауаса, уæддæр æй ды фæхон. Ды фысым дæ æмæ хонын дæуыл æмбæлы. Дæхædæг сæм куы ныххауай, уæддæр сæ ды фæхон. Ды уазæг дæ, æмæ дæ фæндаггæгтæй истытæ æрирвæзын кодтаис демæ, уæдæ цы. Уыдон ницы 'фсæрм ис. Мæ уд акæн. Уыдон хицæуттæ, уæздæттæ æмæ уæлбикъонтæ сты. Къуылдымыл лæууынц, æмæ уæле дæлæмæ кæд æхсыд стæг радыгъгъуытт кæной, æндæр нуазæн дæр... æгъдау æй ма 'рæлгъивæд, æндæр æй барвæндæй дæлæмæ ма рауадзой.

Ноджы дæ алы бæрæгбонтæм кусæрттæгтæ агурæнт. Стæй цахæм кусæрттæгтæ! Фиуы хуызæн цæу мæнæ ис! Цæукъа нæ, фæлæ – цæу! Диссаджы сæгъы мыггаг ын ис. Йæ цæукъа дæр Цамелы цæуæй стырдæр вæййы, бирæ стырдæр. Стæй – нарддæр!

Фыдджындæр. Хъуынджындæр. Æмæ кæд искæй йæ базонын тынг фæнды, уæд – сыкъаджындæр! Йæ бакаст дæр Цамелы цæуы аргъ вæййы.

Цуцури йæ сыхæгтæн быргадæй, цæу ын уæй акодтон, фæзæгъы, фæлæ дзы кæй сайы? Йæ гуыбыны. Йæ хицауæн сæгъ уæй чи кæны? Кæнæ Цамелы хуызæтты чи фæсайдзæнис? Нæ зонынц, быргады хуызæттæ иу сау суари кæй никæй къухмæ ратдзысты? Куыннæ стæй. Æниу ын йæ сæгъты дзуг æгасæй йæ хуыр гуыбынмæ заргæ куы ныскъæрид, уæддæр дзы иу капекк ратонид. Куыдз амæлæд ахæм цæсгомыл. Ноджы йæм алы дзуарыбонты æгас къуыригæйтты æд хæлæрттæ, æд сыхæгтæ, æд зонгæтæ фæцæуы. Дæ къуымы ма исты муртæ аззадис æви нæ, уымæй дæ нæ фæрсынц. Районы адæм къуыридзуан фæцæуынц. Йæ зæды хайæн чи куыд кувы, хæдзари-хæдзар уый фæбæрæг кæнынц. Сæхи къуымты та мыстытæ пурти ратæр-батæрыл вæййынц. Æмæ фæстæмæ хæрзхаст, тæнджынтæй куы æрыздæхынц, уæд сæ бирæты се ’мкъæйттæ зонгæ дæр нал бакæнынц: «Ай, махон дæ æви мын Уæлладжы цæст æцæг хæрзхаст, хæрзуынд амонд бауарзта?» – фæхынджылæг сæ кæнынц, ома мын искæимæ хæццæ кæныс.

Дыууæ фаззон хойы, дам, сæ ныййарæг мадæн дæр ивддзæгтæ кодтой. Чындзы куы ацыдысты, уæд сын се ’мкъæйтты иу дзæгъæлдзых фæрсы: «Куыд сæ базонут, куыд, чи сæ кæцыйы æмкъай у?» Æмæ, дам, сæ иу йæхицæй раппæлыд: «Æз сæ бæргæ базонын, фæлæ ацы чысайнагæн фæивддзаг вæййынц!» – æгуыдзæгæй ныххудт йе ’мсиахсыл.

Хах-ха-ха!.. Лæгтæ, цас лæгтæ ма дзы и, фæлæ, дам, чидæр йæ хылгæнаг уасæджы дæр хæстоныл нымадта æмæ, изæрбадæнты ахæм хабæрттæ куы фæдзурынц, уæд сыл Цуцури дæр фæхуды йæ зæрдæйы фæндиаг, уæдæ цы. Худын царды хос у. Цæмæн ын æлваса йæ хурх.

Æмæ, худын дæр æмбæлы. Фæлæ адæймаг, кæмæй цы ратона кæна, кæмæй цы ахæра, фæйнæрдæм уасæг халоны каст куы кæна, холыйы коймæ иу комæй иннæ коммæ фæдисы куы тæха, уыдæттæ нымады не сты? Уыцы ницæйаг митæ йæ хицауадмæ, куыдзы туг се ’нæфсис хурхы ацæуа, нæ хæццæ кæнынц? Æви сæм нымады дæр никуы уыдысты æмæ не сты? Оу, мæнæ диссæгтæ æмæ æмбисæндтæ!

Æмæ уæд уый сæхи æнæсæрæны аххос у, – Цуцурийæн йæ

рахиз арм йæхихуызы æрбатымбыл вæййы. Йæ алыварс цытæ цæуынц, йæ адæм цæмæй улæфынц, уыдæттæ цы хицауад нæ зоны, уымæн йæ удæгасæй йæ мæлæт бирæ, бынтон бирæ хуыздæр у. Æмæ уæд ахæмы, хицауы ном худинаггæнæджы, йæ галстукæй ныббæтт стыр дойнаг дурмæ, нывзил æй иу æвзæр хуыдымы. Æмæ йе 'мбисонд – йæхи куыдзы фыртæн. Уæдæ йæ æндæр кæй æккой скæнын ис дæ зæрды.

Дæллаг, кæройнаг хæдзарæй йæ размæ рæйгæ рахызт стыр урс цуанон. Куы йæ ауыдта, уæд цыма æфсæрмы фæци – фæстаг тыбар-тыбургæнæг стъалытæм ма, зæгъгæ, уыдон аххос уыдис, зивæггæнгæ цалдæр хæппы скодта, æмæ хæдзары кау æмбондыл йæ доны хуыпп акалдта. Зæгъгæ, мæ арæн фехалын макæй сæры къуыдыр æрцахсæд. Стæй сæргуыбырæй, фæлæ сæрыстырæй тыргъы иу къуымы бацагуырдта йæ куыдзы бынат. Лæг районы фæндагмæ ахызт æмæ сулæфыд уæгъдибарæй.

Цуцури йæ къæхтæ бæрзæндты иста. Раст цыма хохæй æрцæйхызт, йæ къах дурыл куы скъуыра, уымæй тарст. Æрдзы суссы фæндагыл йæ къахуынæр сысыд. Уый хыгъд, йæхæдæг, сыфтæрты алы фезмæлдыл, кæрдæджы халмæ кæрдæгбийыны сусæг сусу-бусуйыл ахуыр кæй уыдис, уый охыл хорз ахста, йæ размæ уæлвæндагыл ныллæг къутæрты къалиутæ сæхи кæмæйдæр сабыргай, фæлæ тыхæй кæй атонынц, æмæ кæй баризынц сæ мастæй. Къутæрты къалиутæ.

Сырд нæу, уый æвиппайды фæхатыд лæг. Сырдтыл къалиутæ цин фæкæнынц. Фæцин сыл кæнынц æмæ сæ фæуарзынц. Фырцинæй сын фæфасынц сæ лæуд бæрцытæ. Тынг æхсызгон сын вæййы удгоймаг фенын. Уæлдайдæр, сæ удтæн чи нæ иваст кæны, ахæм удгоймаг фенын. Сæхи сыл фæтухынц, ногдзыд кæрдæгау. Раст сыл цыма йæ фендæй хуртæ æмæ мæйтæ ракæсынц, уыйау фæвæййынц.

Къалиутæ сæхи тыхыскъуыд фыдгæнæгæй фæкæнынц. Кæй уынын сæ нæ фæфæнды, уымæй сæ фæфæнды се 'нæхин цæсгæмттæ амбæхсын. Æмæ сæ 'мбæхсгæ дæр акæнынц. Уыцы фыдгæнæг та вæййы лæбурæг, тугдзых сырд кæнæ – адæймаг. Æрмæстдæр лæбурæг сырд æмæ адæймаг. Хорз уой æви æвзæр, уæлдай сын нæу. Бæлæстæн. Стæй къутæртæн дæр.

Цæргæ-цæрæнбонты ныл марæгæй, сафæгæй сахуыр сты, æмæ нын нæ иууыл Хуыцауыысконд адæймагæй дæр се сæфт уынынц. Нæ цыргъаг сæм кæд фæцъортт кæндзыстæм, кæд сæ æрдæрæнтæ

ласдзыстæм, арты æмæ сæ рæмпæджы хай кæд бакæндзыстæм, æрмæстдæр, бецау сæ сæртæ, уымæ вæййы сæ тасы каст. Æмæ нæ стыхсынц. Æрдз нæ свæййы удтыл.

Лæг йæ къахайст фæсабыр кодта. Лæдзæг æнæдзургæйæ цæмæн æмæ куыд айста йæ рахиз къухмæ, уый йæхæдæг дæр нæ фæхатыд. Йæ бирæ азты куыстæй æгæр хорз дæр зыдта – ахæм ран, гæнæн ис, дæ къахы хæдбынæй дæр сгæпп кæна, дæ цард цæрæнбонты дæ чи никуы бауырныдтаид, ахæм æввонг фыдбылыз. Алцæмæ дæр цæттæ дар дæхи.

Æмæ кæсы – къутæртæй цыма ратыдта йæхи, цыма сæм баст уыдис æмæ раскъуыд – фæндагмæ, къæрццытæгæнгæ, хауæгау ракодта хус цъыхырыйы къона. О, тымбыл баст, хус цъыхырыйы къона. Базад ыл къæхтæ. Æмæ рацæуы йæхæдæг.

Зæгъгæ, иудзæвгар не 'рбарухс, уæд ын къæхтæ кæй ис, къонайæн, уый дæр нæ фæхатыдаид лæг. Фæлæ йæ чи хаста, уый уайтагъд базыдта йæ къахайстæй. Æцæг, кæд уыцы уд разынд, ацафон уырдæм уæндгæ дæр ныккæна кæмæй никуы загътаид, стæй йын æй уырнын дæр кæмæй ничи бакодтаид, уый... Ау, арсы æцæг йæ гуыбын ахуыр кæны кафын?

Æмæ тæрсæгау цыдæр фæтæпп кодта йæ зæрдæйы рæбын. Сафиат у... Уæлæ сæ хæрз дыккаг хæдзæртты... О, иу артæй байуаргæ кæимæ сты...

Дæлæмæдæр-уæлæмæдæр ма æрмæст цалдæр зылын-мылын хæдзары сты, кæд ма сын хæдзæрттæ схонæн ис, уæд. Фæлæ æдзæрæг хæдзарæй цæй хæдзар æмæ цæй дуар ис. Хæдзар бинонтæй, сывæллæттæй баргæ у. Сывæллæттæ та хистæрты фæзмынц æмæ асфальтæй йæ къах цъыф æмæ рыгмæ никæй хæссы. Æмæ уыцы цæрæг-æдзæрæг къæстæй иуы саударæг ус у.

Йе 'мкъай раджы, далæ кæд амард. Мæлгæ чи нæ кæны, фæлæ иу ноздджынæй былæй атылд. Кæцæй атулай, уый кæд нæ хæхты нæй, уæд ма йæ æндæр кæм агурын ис дæ зæрды. Дунейы нозтылмардтæ кæцæй фæтулой, уыдон фаг куыдзæппарæнтæ дæр нæм ис. Æмæ дзы, мæгуыр, уыцы æнамонд йæ уæрагимæ йæ сæры къуыдыр ныссаста. Уый адыл ын хæрам ахаста. Нал дæр ын дохтырты бон исты бацис, нал – алыхуызон кæрдæджыты. Уæллаг дæр æй ныууагъта йæхи бар. Чи зоны, йе 'мкъайы тæригъæдæй, ома, цы цæринаг у, уый йæхæдæг кæндзæн. Сылгоймаг-ма зылынбаст æргъомау уыцы æнамонды та цы хæсса йæ сыгъды цардвæндагыл.

Ноджы нозтыл бафтыд. Лæг. Сфыдзонд. Адзал раздæр зонынæн, æвæццæгæн, алчи нæ фæразы. Зонджын лæг йæ ми кæнинæгты къæдзилтæ фелхыскъ кæны, зондцух дзы æрра свæййы.

Уый дæр ын бирæ нæ бафæрæзта. Сафиаты æмкъай. Фæлæ сæрмæкæс сылгоймагæн уымæй нæ фенцондæр – уæдæй-ардæм нал систа йæ саутæ. Цард йæ уынгæгхурх сагъæстæ æмæ фыдæбæттимæ.

Диссаг куыд нæу, нæ хохаг цæсгомджын сылгоймæгтæ цæмæнты ныффæразынц, уымæн – ничи. Галтæ кæмæ ис, уæрдон... æгæрыстæмæй, царæй-зæхмæ хæрæджыйас лæг... Йæ сæрæй йын куыдз раппæрстай, уæд зæхмæ кæмæй ницы æрхæццæ уыдзæнис... уыдон дæр, мæгуыр, се ‘ккæйтты фæхæссынц суг. Хус сугтæ. Цъыхырытæ. Фылдæр хæттыты хуылыдз сугтæ дæр, хуылыдз. Уый артмæ цы батавынц сæ уазал фæрстæ, афтæ ницæй.

Сафиат та – саударæг сылгоймаг... Саударæг, фæлæ йыл йæ саутæ дæр, – Хуыцаумæ æнæгъдау ныхас мацы фæкæсæд, – чындздзон чындзы дзаумайау – гырымбæрц, уыцы дзæбæх, уыцы аив фидауынц... Æви Цуцуримæ афтæ кæсы? Æмæ уæд цæстхаудкæнинаг куы у.

Кæддæр горæтæй зианæй иу гыццыл автобусы рацæйцыдысты... Ныр фæтчы ис афтæ. Горæттæм фæцæуынц цардагур, фæлæ сæ искæуыл исты куы ‘рцæуы, уæд хæхтæм æрбарвитынц машинæтæ – алчи сын куынæ фæкæуа сæ мардыл, куынæ йын балæггад кæна, уæд фæстæмæ куы раздæха уыцы дзæнæтыбадинаг.

Æмæ автобусы Сафиат æмæ Цуцурийы бынæттæ нæ фæци. Лæугæ кодтой. Стæй уымæн цы у – иу сахат алæуу. Нæ хæхбæсты адæмы бадынмæ та кæд февдæлы? Фæлæ иу рæстæджы хæдтулгæ цæхгæр куы фæлæууид – сæ рæзты сæ кæрæдзи фæдыл фæндаджы иу кæронæй иннæмæ асæррæттытæ кодтой дыууæ сæгуыты. Адæмæй лæугæ чи кодта, уыдон сæ кæрæдзи сæрты ахаудтой.

Сафиаты дæр йæ уæз ахаста Цуцурийыл. Йæ къуыпп риутæ уыцы адджын æндæгъд акодтой лæджы риуыл. Цыма сæ нал фæндыд сæ кæрæдзийæ фæхицæн уæвын. Сæ дыууæйы цæсгæмттæ дæр туджы азылдысты. Стæй сылгоймаг йæхи акодта тыхтонæгау.

– Хатыр, – йæхи срастгæнгæ, йæ сæр йæ риуыл æрæппаргæ, тыххæй сфæрæзта сылыстæг.

– Цытæ дзурыс, чындз, – сфæрæзта лæппу-лæг дæр. Йæ сæры та февзæрд: «Ноджы ма мыл иу хатт куы рахауис». Фæлæ йæ къæйных бæллиццæй йæхæдæг фефсæрмы æмæ йæ цæмæй мачи фæфиппайдтаид, уый тыххæй азылд иннæрдæм. Сылгоймагмæ сыздæхта йæ чъылдым.

Ныр, нæлгоймаг куыддæр сылгоймаджы базыдта, афтæ æрлæууыд. Йæ риутæ ма уæды хуызæн тыппыр æмæ æмдынг сты? Нæ, сæурухсмæ дæр æргом зынынц – фесæфтой уæды фидыц, фæлæ сæ нырма цæст улæфы...

Йæ сæры цытæ фегуырд, уыдонæй йæхæдæг дæр фæкъæмдзæстыг – исчи йæм кæсы? Исчи æмбары йæ зæронд, мæлинаг сæры къуыдыры цытæ тæлфы, уыдон? Æмæ уæд йæ мæлæт хуыздæр куы у. Бирæ хуыздæр. Йæ цардæй. Искæмæ дæр ма йæ мыггаджы саударæджы саувæлыст чындздзон чызджы урс-урсид дарæсы хуызæн кæсы, гормæттæ? Худинаг æмæ аллайаг!

Куы ничи йæ фенид, уæд фæсвæндаг амбæхсид. Фæлæ йын йæ бæзджынбын батинкæтыл схæцыд сылгоймаджы цæстæнгас. Фæтæпп кодта уый зæрдæ дæр. Йæ иту æвæринаг хæлаф, йæ дæрдджын уæлæфтауыл сабыргай схылд æфсæрмдзæстыг цæстæнгас. Зивæггæнгæ нæ зæгъдзынæн. Фæлæ дзы æфсæрм уыд. Лæджы зæбул рихитыл чысыл афæстиат.

Сæ сыхæгты зæронд ус хынджылæгæй фæдзуры: «Фæнды æнæрихи лæгæн апъа кæн, фæнды галæн...» Зæронд æмæ æдзæсгом! Уыцы ныхас зæгъы æмæ зæрдæбынæй ныххуды. Цыма Хуыцау йæ зæгъинаг уый дзыхæй рахаста хурмæ. Ныр уыцы зæгъинаг уый номыл цæрдзæнис. Нал ын ис амæлæн. Æмæ йæ къулыбадæг ныхасæй ныббуц вæййы йæхæдæг.

Уыцы... æвзæр ныхасы æфсæрмæй сылгоймаджы цæсгом нал батардта лæджы цæстытæм скæсын. Æмæ æрлæууыд. Цы кæнгæ йын у, уый цыма бæлвырд нæ зыдта. Уæззаугай æрæвæрдта йе 'ргъом. Суагъта йæ кæлмæрзæны кæрæттæ. Ныссæрфта дзы йæ цæсгом. Йæ былтæ. Æмæ йæ бабаста ногæй. Йе 'рмттæй кæлмæрзæны бын афаста йæ халас дзыккутæ. Фæлæ йын уæддæр цы кæнгæ уыдис, уый нал зыдта. Стæй йæ налдæр йæ зонын фæндыд.

Цуцури та йæ мидзæрдæйы йæхиуыл худт æмæ куыдта: афтæ

æвзæр лæг у, æмæ сæм хус цъыхырыйы муртæ дæр уæле дæлæмæ нæ, фæлæ сидзæргæстæ æрдæгæхсæвты сусæгæй дæле уæлæмæ ласой? Ау, йæ бынатæй йын, гормæттæ, тæрсгæ, мыййаг, кæны? Æмæ бирæгъы цармы ис? Цæмæй дзы тæрсы? Диссагæн дзуринаг!..

Цы загътаид сылгоймагæн? Уæддæр фæцарæхст:

– Хицауад мæм дзуры, – уыцы фæсус тыхæй ралæмæрстой йæ былтæ. Сылгоймагмæ цыма къæбæлмæ бастау уыд, афтæ йæм каст. Уæддæр дзы йæ зæрдæйы йæхи тых тонæгау, цуанонмæ лæдзæгæй куы февзидай, уыйау акодта æмæ, зивæггæнгæ, араст йæ фæндагыл. Фæлæ йæ чъылдымыл хатыд, сылгоймаджы хъарм æмæ сатæг цæстæнгас ыл куыд лæдæрст сæурайсомы тынтимæ. Цыма сæкæрæй конд уыдис – тадысты сæм йе уæнгтæ.

Хорз сылыстæг у. Сæрæн æмæ хæдзарон сылыстæг. Æцæг ирон сылыстæг. Фæлæ – æнамонд. Цы федта, мæгуыр йæ бон, цы, ацы æппæттавæг стыр хуры бын цардæй? Иу йæхи хуызæн æмкъай йæ куы фæуыдаид... Кусаг. Хæдзардзин. Уæд сæрмæкæс сылыстæг куыннæ схастаид йæхи аккаг кæстæртæ?.. Куыннæ скад кодтаид йæ сæрыхицауæн!..

Цуцури ахæм фæндтæ цал хатты кодта!.. Фæлæ сæ кæронмæ никуы ахæццæ кæны. Йæхи хуызæн æмкъай йæ куы фæуыдаид, уæд цытæ сарæзтаид... куыд снывæзтаид йæ цард... Уыдæттæ саударæг усæй Хуыцауы дæлбазыр æххæстæй дзурын худинаг у. Ноджы дын мыггаджы чындз куы æххæсса... Уымæй дæр дын, иу артæй байуаргæ кæимæ уыдтæ, уый æмкъай...

Нæдæр æй Хуыцау йæхæдæг бауадзы кæронмæ йæ фæндтæ акæнын. Ныр дæр æвиппайды ацахста бæхы къахуынæр. Æмæ лæг феуæгъд йæ тыхстæй. Йæ амондæн æхцонæй сулæфыд йæ риуы æмбæрц.

Уайы сиргæ. Кæйдæр хайуан. Цыма тымбыл симды цины æмдзæгъд кæны. Цыма хуырвæндагыл нæ, йæ зæрдæйы дзæбæхæн сызгъæринты сæрты тæхы, къыбар-къыбургæнгæ. Цыма йæ гуырыконд æвдисы...

Йæ къахы рог, мыхуырæвæрд истыл зыны, хорз хайуан у. Иу æмæ дыууæ сæрыстыр лæппуйы нæ, фæлæ бæхы мыггагæй дæр цъусты хæлæггæнаг зæрдæтæ нæ хæсдзæнис йемæ. Йæ хицауы фæндиаг уæд. Фос, хайуан куы дарай, уæд – адæмы хуызæн. Кæйфæнды цæсты фиутæ йæм тайæд, уæддæр – адæмы хуызæн.

Йæхæдæг дæр цал хатты абарста йæ фадæттæ – самал кæна иу æфсургъ. Цы ис бæхæй рæсугъддæр, бæхæй зондджындæр! Йемæ ныхас дæр кæн. Адæймагæй дæ уый хуыздæр бамбардзæнис. Баузæлдзæнис дыл. Æвзæрын дæм кæндзæн царды фæндтæ. Æрдæгмард куы фестай, уæддæр дæ макуы ныууадза. Уымæй дзы макуы фæтæрс. Фæхæццæ дæ кæндзæни хæдзармæ.

Кæд бынтон сиргæ нæ уайа, уæддæр æй хæссид хæхтæ, быдыртыл, æмæ зæронд лæг йæ балцы æндæр бæхæй цы кæны. Цас ын рогдæр кæнид йæ къух!

Фæлæ æвзæр куыдз амæлæд рæстæгыл. Нæ царды, нæ мæлæты æнаккаг рæстæгыл – алцы туджы аргъ сси, туджы. Æмæ уымæн дæр ницы у – йæ папитæй иу чысыл дзуг рауæлдай кæнид. Фæлæ бæх, иннæ фосау, сынæр нæ цæгъды. Ницы йæ æфсады хæрдæй. Цуцури та хæдзары – иунæг къух. Кæстæртæ иууылдæр æввонг цардагур дунейыл ныппырх сты. Искуы сæ исчи куы фæзыны йæ ныййарджытæм, уæд æрмæстдæр исты ахæссынмæ æмæ йæм чи кæсы хос кæрдынмæ? Ноджы дæм ахæм æнæвдæлон дуджы хицауад алæбон, æвдæлы дæ æви нæ, районмæ куы дзурой, уæд адæймагыл уынгæджы бонтæ куы ныккæндзысты.

– Дæ сæурайсом хорз, Цуцури! – тæссарвад Хуыдже. Йæ бæх нæма нæ разынд бæлæсты къалиутæй, фæлæ йæхæдæг кæсы сæ сæрты. Саргъыл бадгæ нæ кæны, фæлæ – лæугæ. – Сæумæцъыккæй кæдæм рараст дæ? Уарзын, мæхийау, раджыфестаг чи сты, уыдон. Рагъмæ цæуын. Икъаты Мырзæмæ къарабин æмбæхст хонынц. Уæй мын æй, гъада-гъа, ракæна, фæлæ мæм æй куы авæрид! Æтт, нæ фыдбоны сыхæгтæ!.. Æз уын фенын кæндзынæн, ирмæ куыд бырсгæ у, уый! Уæд Хуыдже амæлæд, Хуыдже, Цуцури, кæд æз гæды ныхас кæнын!.. Кæд мæм уыцы къарабин бафта, уæд сын алæппу, ирон цы у, ирон, æмæ нæм куыд бырсгæ у, уыдæттæ фенын кæндзæнис! Лæгхортæ! Бындзагъд сæ фæкæндзынæн, бындзагъд! Афтæтæ сын бакæндзыстæм, афтæтæ, Цуцури! Уæд мæ мард фен!..

Цуцури йæ зоны. Хæхты арæх вæййы. Цъиуты бæлæлæ. Чермены цæссыгæй йын бафсис нæй. Чингуытæ-цыдæртæ, дам, фыссы. Зарджытæ. Йæхæдæг дæр æвзæр нæ зары. Расыг куы вæййы, уæд. Цыма ныр нæ тæккæ зарыныл стæм. Далæ нæм, æцæгдæр, нæ фыдбоны сыхæгтæ, «фæцæуæм уæм», «цæгъддзыстæм уæ» куы кæнынц, уæд, цыма, зарджытæ нывæнддзыстæм? Цыма нæ ныртæккæ зæххы цъарыл зарæгæй дарддæр

ницы ændавы. Фæлæ, кæсыс, йæ корто æндæр цыдæртæ дæр ахсы къулбадæгæн.

Дуне æхца йын радтой кæцæйдæр. Хуыджейы цъиуты бæлæлæйæн. Æмæ сæ уыцы хайуаныл акалдта. Мæлæты хæтæгбарæг. Æцæг, æппынæдзух хæхтыл хæты. Фæлæ цы у йæ пайда? Цы сæ ныууагъта æмæ цы агуры? Дзæгъæлы удхарæй мары уый хуызæн арвæйкургæ дугъоны, цыма йын аласа у. Ратæр-батæр æй кæны дурвæндæгтыл, Хуыцау ын мацы ракæна, уас. Цуцурийæн æй куы радтид...

Лæг йæхицæй фефсæрмы. Куыд ын æй куы раттид? Карчы цъиу афтæ куы ничи уал никæмæн дætты, уæд кæйдæр усгур лæппу кæйдæр зæронд лæгæн дугъонтæ дætта? Цыма сæ цардхæрæфырт у. Цыма сæ фæдисы фыццаг барæгæй уайын уымæ кæсдзæнис. Цыма...

Стæй цы зæгъиккой адæм, дæ бонæй дæ уа, Цуцури? Ды дæ кæстæр æви уый? Кæнæ йыл цы цæсгомæй сæвæрис саргъ та? Кæд дæ бауадза, уæд. Æмæ адæмæн худинаггаг фæуаис, зæронд.

Тæлтæг бæхæн тæлтæг барæг йæ рохтыл хæцы фæстæмæ. Нæ йæ уадзы йе уæнгтæ йæхи фæндиаг айтынг кæнын, æмæ йæ идоны æфсæнтæ уыцы зæрдæбынæй æууилы. Æфсургъ. Цæуы йæ дæндæгты сæртæг къыбар-къыбур. Цыма тæвд цæкуытæ тыхæууылд кæны.

– Æз та хицауадмæ цæуын, – лæг бакодта йæхинымæры.

– Хах-ха-ха!.. Хицауадмæ цæуын мæрдтæм цæуын у! – Куыд æй бамбæрста æдылы, йæхицæн дзурæгау æй куы загъта?! – Фыны сæ куы фенай, уæддæр дæхи цæттæ кæн стыр фыдтæм. Фæлæ ды ма тæрс. Мæнæн хорз къах ис. Дæуæн та куыд къах ис? Рæствæндаг фæуыдзынæн? – Нæ йæм лæугæ æркодта, нæ йæм кæсгæ кæны, нæ йæ лæджы дзуапп æндавы, уæддæр æй стъæлфгæ бæхæй фæрсы. – Фæуыдзынæн рæствæндаг, уæдæ, цы! Зæронд Мырзæ, ныры адæмау, фалæмæ алидзын йæ сæрмæ нæ бахæсдзæн. Лигъдæттæ!.. Бр-р-ы!.. Хæдзары уыдзæнис, уæдæ цы... Гомеры нæ зоныс, Гомеры?.. Уæллæй!..

Лæг нæу, уæдæ, цы у? Цыма афтæ æмбæлы – фæрсæг дæр, дзуапдæттæг дæр – йæхæдæг. Цыма дæу фæрсы, афтæ йæхиимæ ныхас кæны. Лæг у, уæдæ, цы у. Дыууæ бæхыл дыууæ лæджы бынат дæр бацахсид æмæ, дам, лæг нæу. Лæг æмæ æрдæг уæддæр уыдзæн. Уæдæ, уæдæ. Цъиуты...

Æцæг цъиутысайдтæ, далæ нæм цы фыдбоны сыхæгтæ бырсынц,

уыдон сты. Уæ зæхх, дам, уын байсдзыстæм. Быронау, дам, уæ тъунелы дзыхæй уæ уарзон уырысырдæм асæрфдзыстæм. Рагæй фæстæмæ, дам, уыдонимæ аразут æрдхæрдтæ. Æмæ, дам, уыдонимæ цæрынæй бафсæдут.

Æцæг цъиутысæйдтæ уыдон сты, гъе. Цыма мах æмбыд къодæхтæ стæм æмæ сæм хæлиудзыхæй кæсдзыстæм: «Рацæут, асæрфут нæ!» Се сæфт æрцыд, æндæр ницы. Уыдæттæм куы æрцæуæм, хотыхтæ куы райсæм, уæд нæ чи кæй асæрфдзæн, уыдон адæм фендзысты. Мах хотыхрæвдз никуы вæййæм, уый зæгъ. Уыдонæн сæ фæсарæнтæ æнæнымадæй фæкалынц. Цæмæй нæ скуынæг кæной. Æрмæстдæр, уырысимæ æфсымæрты цард кæй кæнæм, уый тыххæй. Æмхуызон хотыхрæвдзæй-иу адæм фениккой, чи кæй кæцæй асæрфид.

Сæ къухы иу æнæхотых ирон куы бахауы, уæд ын фондзыссæдзæй цæрдудæй йæ туг баназынц. Йæ фыд ын бахæрынц. Æмæ зылынахсæнтæй тыхлæджы цыд ракæнынц. Нæ Хуыджейы хуызæн тæвдтуг лæппуты нын бар-æнæбары, сæхийау, тæригъæдджын кæндзысты, тæригъæдæй æрцæуа сæ мæлæт, æвзæр мардхортæн. Ницæйæгтæ нæм æцæгæй куы ‘рбафсæрой, уæд сæхи дæр сафдзысты æмæ мах дæр.

Уартæ, дам сын æй фæсарæнты иу куырысмæдзог куырм сылгоймаг загъта. Уый, дам сын комкоммæ загъта, цы сæм кæсы фидæны, уый.

Мæ зæрдыйæ кæмдæр æм фæрсæг фæцыдысты – дыууын фыццæгæм æнусы, дам, нæ Фыдыбæстæ кæуылты ныззилдзæн æмæ дидинæг куыд ракалдзæн, уыдæттæ-ма, дам, нын дæ сыгъдæг зондæй бæстон рахабар кæн.

Уый, дам, фæуынæргъыдта, фæракæ-бакæ кодта, фæцагуырдта сын, мæгуыр, йæ зонды цæстæй сæ «дидинкалд» фидæн, цæмæй сын сæ зæрдæ фæфидар кæна, исты ныфсæвæрæн дзырдимæ сæ рафæндараст кæна æмæ сын афтæ: «Дыууын фыццæгæм æнусы уын стыр Фыдыбæстæ нæ зыны».

Æмæ уыцы дзырд куы бахæццæ се ‘ррадонæй ракæнгæ паддзахмæ, уæд фырмæстæй тъыфылтæ акалдта. Абалц æм кодта йæ равзаргæ лæгты. Æнæмæнг, дам, мын уыцы зæронд хæрæг фыстæй рарвитæд, нæ паддзахад дыууын фыццæгæм æнусы цахæм уыдзæнис, уый.

Æмæ йæм уыцы куырысмæдзогæй фидар фæдзæхстæй æрластой иу къопп – йæ сæр ын æрмæстдæр паддзахы цур куыд

байгом кæной! Цинæвдылгæ йæ куы байгом кодтой, уæд дзы стахт, йе сæфт кæмæн æрцыд æмæ базыртæ кæуыл разад, ахæм мæлдзыг.

О, фæлæ йæ махæй цæмæн домынц, махæй?! Сæ бынысæфт махæй, ираттæй цæмæн домынц, бынсæфт сæ Стыр Хуыцау фæкæна. Цæрæнбонты сæ, мæгуыр лæг артæй цы калмы фервæзын кодта, уыйау нæ роны кæй фæдардтам, адæмы рæгъы сæ кæй ракодтам, уый сын фаг нæу?

Сæ райгуырæн бонæн æвзæртæ – фæлдыст, кæм райгуырдысты, уым сæхи дарын нæ зыдтой. Лæбурдтой сæ сыхæгтæм. Мард, дзуар сын нæ уагътой. Давтой, æргæвстой, хордтой, кæуыл тых кодтой, уыдон. Йæхи мæрдты чи хæры, уый искæй удæгæстыл æлгъ куыд кæндзæнис. Се ʻмбыд стджытæ дæр сын æхсыдтой, сдæрдтой.

Хуыцауы сконд чи сты, уыцы адæм, уынгæджы фæуой, куыд ныббыхсдзысты ахæм фыдмитæ? Æмæ сæ куынæ уал фæрæзтой, уæд сæ уыцы бынæттæй се ʻвзæр, сæ ницæйаджы тыххæй фæсырдтой сæ сыхæгтæ, нæ абоны фыдбоны, æхсæны дурæй маринаг, адæймаджы ном худинаггæнæг ницæйæгты. Нал, дам, уæм фæразæм кæсын æмæ, дам, ныр уе ʻмбисонд – уæхи! Кæм уæ хæра, уым æй ныхут, зæгъгæ.

Мах тæригъæдгæнаг адæм стæм. Искæй тæригъæддагæй куы уынæм, уæд нæ дзыхмæ къæбæр нæ исæм. Нæ фыдæлтæ – алантæн, уыдонмæ кæсгæйæ, сæ зæрдæты тугтæ тагъдысты. Сæ парахат удты охыл хæдзарæйсыгъд ницæйæгтæн радтам нæ дардылзылд, дзадджын зæххытæй. Æрравдыдтам сæ. Адæмы рæгъы сæ ракодтам. Зæххыкуыст, саукуыстмæ сын æмбал нæй. Ныр, алы хæстыты куы рафтыдыстæм, уæд нын нæ ингæнты зæххы гæппæлтæ байсын дæр ис сæ зæрды. Хуыйы кæримæ куы бауадзай, уæд йæ сæрмæ быры, дæлдæр сæ Хуыцау фæкæна.

Ахæмтæ лæгау-лæгæн сæрмæхæссинаг не сты æмæ никуы уыдысты. Уый – лæгау-лæгæн. Æцæг лæгау-лæгæн, тыхлæгæн нæ, фæлæ. Æмæ уыдонмæ иу лæг нæй, сæ ницæйæгтæн «астæмæ, Мила!» цæмæннæ зæгъы?

Ноджы сын фæсарæнтæ куыд гауырдæрæй æмдзæгъд кæнынц. Амæй-ай фыддæр æмæ сын фылдæр хæцæнгарз калынц. Цæмæй стъигъой, марой, æргæвдой. Зæххы цъар чъырын арты басудзой. Æмæ дзы, цы уыдис æмæ ис, уыдонæн сæ фæд нæ, сæ кой дæр куынæ уал разына, ахæм ми йын бакæной.

Рæстæгмæйы паддзæхты æнустæмы фаг стыр бынтæ скæнын фæфæнды. Æмæ йæ фыдæй бынæн хæдзары рудзынг лыггæнæн дæр кæмæн нæ баззайы, уыдон дæр бирæгътæ фестынц; æрфæнды сæ Фыдыбæстæ ныллыгтæ кæнын, æмæ сæ хуыр уæцъæфтæм æввонгæй ныккалын. Кæсаг ахсынæн змæст донæй хуыздæр нæй. Æмæ фезмæнтынц, сæ ныхтæ кæдæмыты феххæссынц, ууылты. Фезмæнтынц адæмы цард. Митæй мæсгуытæ фæамайынц, кæм цы æнæсæр ис, уыдонæн. Нал сæ иутæн вæййы, нал се 'ннæтæн зæххыл æрхæст. Сæ ныфсæй нæ фыдбоны сыхæгтæ дæр нæ бынтæм ссынц се згæ дæндæгтæ.

Ахæм цаутæ йæ сæры луаргæ, Цуцури фæцæй хæццæ кодта, доны был иннæ фарс цы цалдæр хæдзары уыдис, уыдон коммæ. Хатгæ дæр нæ фæкодта, уырдыгон, уæдæгонд Бышти, зивæггæнгæ, куыд рацæй цыд йæ ныхмæ. Йæ, куыдзы скъуыдтау, зæу-зæугæнаг пысултæ йыл ныддæлæ-уæлæ сты. Рæстæгæйрæстæгмæ йæ хæлафы комдæл дыууæ къухæй сласы йæ дæлæрмтты онг. Фæлæ хæлафыл роны 'фсон хуыйæндаг дæр нæй, æмæ та йын, мæгуыр, æрбыры йæ сины сæртæм.

– Цуцури, дæу та чи фæхуыдта? – дзуры йæм дардæй. – Куыд раджы нæм цæуыс? Æз та Рагъмæ цæуын. Къæбырты Маркъелы хонын. Уый, дам нæм æн-н-нæмæнгæй хъуамæ ам уа! Ныр æм дык-к-каг хатт цæуын хонæг!

– Кæдæм?

– Нæ цæрæнбынаты ном ивæм. Маркъел, дам, хорз нæмттæ зоны. Ды æгæр раджы цыд фæдæ. Кусæрттаг нæма акодтам, фæлæ йын ницы у. Аггæлтæм фæкæс, æмæ дын физонæг бахæрын кæндзысты. Æз дæр Маркъелы æркæнон, æмæ тагъд зындзынæн...

Уый дын лæг!

Цуцури бахудæнбыл:

– Æмæ уæм дæуы йеддæмæ ничи уыд, хонæг кæй рарвыстаиккой?

– Æ-æ!.. – хæрдмæ фæхаудта Бышти. – Афтæ дæм кæсы, уæ дыууæйæ дарддæр никæй хонæм? Ду-у-унейы уазджытæ нæм уыдзæнис! Нæ куывды хабар æ-æ-æгас Ирыстон базондзысты!

– Мæн ничи фæхуыдта.

– Ничи дæ фæхуыдта? Уæдæ æнæхонгæйæ кæдæм цæуы-ыс? – ныддис кодта Бышти æмæ фенкъард. – Хонæг дæм нæ уыд, афтæмæй æрцыдтæ, уый куы базоной адæм, уæд фæхудинаг

уыдзынæ. Ома, хæдцæугæ у. Хонæгмæ нæ кæсы. Цæй, ницы кæны. Афтæ-иу зæгъ, Бышти, зæгъ мæ йæхæдæг фæхуыдта. Мæ номæй-иу сын зæгъ, мæ номæй!

– Хорз, Бышти, – бахудт Цуцури. – Фæлæ районмæ цæуын. Хицауад мæм йæхæдæг дзуры. Куывдмæ мæ не вдæлы.

– О, о, о... Хицауадмæ цæуын хорз нæу. Хицауад æр-р-ра у! Кæд цы рбалæудзæнис йæ зæрдыл, уымæн ничи ницы зоны. Хицауад æр-р-ра у!.. – йæ фæстæ каст уыцы æнкъард, уыцы тæфæрфæсгæнæгау.

Фæлæ лæджы уый сагъæстæм нал æвдæлд. Бахызт нарæг фæндаджы мидæггаг фарсмæ. Атагъд кодта. Нырма раджы у, фæлæ йæ донæн уыцы фарсæй мачи ауына. Фæхондзысты йæ. Æмæ сæм куынæ бацæуай, уæд – худинаг: дæ сæрмæ никæй хæссыс, зæгъгæ. Ома, дæ бынаты цæсты кæсыс, аргъуцы аккаг дын ничи у. Мæ фыдгул-фыдзæрдæ адæмы цæсты бахауа.

Лæгæн йе мкъайы фæдзæхст æрбалæууыд йæ зæрдыл: «Дæ куыстæй дæ куы исой...» Куыд æй исой йæ куыстæй? Ау, Хуыцауы хай никæмæн уал ис æви адæмыл, æцæг, сæ цæсгæмтты царм алæбырд.

У, де взагыл дур макуы æруайа, кæд æй кæцæй систай! Сылгоймаджы зонд!.. Чи йæ исы йæ куыстæй? Цæмæн æй исынц йæ куыстæй? Цы фæрæдыд? Кæй къусы сæ фæтъыста йæ къах? Сугласæн уæрдæтты дзаг сæм суджы аргъ кæй хæссын кæны, уый тыххæй?

Уæдæ æмæ, сылыстæг куы райгуыры, уæд ын йе взаг фæсаджил кæн, æмæ ныхасы йæхи ма тъысса. Йæхицæн дæр пайда уыдзæнис æмæ, йæ алыварс чи уой, уыдонæн дæр. Ацы мæгуыр адæм дæр сылгоймаджы азарæй кæнынц тыхкуывд. Дзæгъæлдзых сылгоймаджы тыххæй. Ацы æнæвдæлон рæстæджы адæм сæ къухтæм æмхасæнтæ кæнынц, уыдон та!.. Уæдæ.

Æгас сыхбæстæй уым куы æрбынуат кодтой, уæд иу фæззыгон изæр æртымбыл сты суадоны былыл. Арты фарсмæ сæхи тавтой æмæ фæндтæ кодтой, цы стырдæр ном сæвæрой сæ ног цæрæн бынатыл. Цæмæй, йæ базыртæ дардыл куы айтындза, дунейы хабæрттæ скъуыддзаг кæнын йæхимæ куы иса, уæд ын ног ном мауал агурой, фæлæ сæ райгонд фæдонтæ буц уой сæ калак-хъæуы стыр æмæ фæрнджын номæй.

Кæмæн сæ куыд йæ зонд карста, афтæ йæ не ‘вгъау кодта. Мысыдысты амæй-ай кадджындæр нæмттæ: Æрхыбыл, Донгæрон, Ног Калак, Фарн, Райдзаст, Бæркадджын, Сæуæхсид...

Чидæр сæ йæ фыртæвдæй Зæрæхсид дæр срæцыгъта. Æмæ йæ фæцæй мардтой. Дæ сæр, дам, кæм ис, не суинаг дзæнæты зынг нын, зæгъ, цардцухæй куыд хуыссын кæныс?! Цы дæлимон, дам, дын бадзырдта де 'мбыд сæры къуыдырмæ уыцы ном?! Æви, дам, де 'намонд сæр де 'мпъызт æрчъиты ис æмæ, цы ууилы, уый де 'взаджы бон нæу бамбæхсын?!.

Ахæццæ-иу сты нæ кадджын фыдæлты нæмттæм дæр: Скъифтæ, Сарматтæ, Алантæ, Фарняс, Бæгъатыртæ, Фарны Ир, Иры Фидæн...

Фæлæ дзы, мæгуыр, иу ном дæр сæ зæрдæмæ нæ цыд. Адæймаг цас гыццылдæр вæййы, уыйбæрц дарæсæй дæр, æмкъайæ дæр, хæдзарæй дæр æмæ алцæмæн дæр се стырдæртæ фæагуры. Йæхæдæг цух цæмæй у, уый æндæр истæмæй баххæст кæнынмæ фæтырны. Цæмæй йыл йæ бон макæмæн мацæмæй уа бахудын, æрныллæгдæр æй кæнын.

Чысангомы æмбисондæн баззад, иу ныллæггомау лæг сæм усгур дард куыд фæцыд æмæ уырдыгæй къæдзæхыйас æмкъай куыд æртеу-теу кодта стыр уæзласæн машинæйæ, уыцы хабар. Уыйфæстæ-иу адæмы фырхудæгæй артæнхæлдтæ кодта: «Исчи афтæ цæмæн загътаид, гыццыл лæг дæн æмæ дардмæ нæ ауæндыдтæн; кæнæ стыр усмæ мæ ныфс нæ бахастон».

Нæ ног цæрджытæ дæр дæрдты уымæн цæвæнтæ æмæ гæрæхтæ кодтой, стыр нæмттæ уымæн агуырдтой. Удæй цы фæцух сты, уый номæй баххæст кæнын уыдис сæ зæрды. Æмæ сын сæ удхармæ каст сæ ног чындз. Ома, сæ къух сын фæрог кæнон – йæхи айвæзта, æмæ сдзырда чъызгæ:

– Уæдта йæ ед схонæм...

Фæлтау дзы æнæрайы «ед» куы скодтаикккой йæ ныййарджытæ æмæ йæ ратджытæ. Кæд æм уый фаг нæ каст, уæд – йе 'ркæнджытæ дæр. Сæ цæрæнбынатыл æй цы ном сæвæрын фæндыд, уый, æвæццæгæн, зын сæппарæн уыдис... Йæ кой чи фæкæны, уыдон дæр æй кæронмæ зæгъыны размæ... Худæгæй артæнхæлдтæ фæвæййынц, куыд æй зæгъой, уымæ куы 'рхæццæ вæййынц, мæгуыр, уæд.

Цæвиттон, чындз ном нæ загъта, фæлæ... Пуй – налат: гæды – салдат, мыст – афицер... Гæды чи зæгъа – штрейкбехер! Æмæ кæй фæнды йæ адæмыл гадзрахатæйцæуæджы ном хæсса? Æмæ алчи дæр зæгъы кæронмæ, ног чындз йæхи куы айвæзта, уæд цы 'рцыд... фæцыд йæ цъыззытт...

Йæ радтæджы мæрдтæн æй ныффæлдиса, уас... Æмæ йæ цармыстъыгъд цæсгом, кæугæйæ йæ фарсмæбадæджы кæлмæрзæны бын фæцавта, цыма йын, йæ... цъыззытт... исты уый аххос уыдис.

Адæм æнæсымæй аззадысты. Стæй ныккодтой уыцы æмхудт. Æрæджийау сæ хистæры ‘рфгуытæ фæтар сты:

– Цъыззытт ном дæр, чи зоны, бынтон æвзæр нæу, фæлæ йæ макæмæн срæдиат. Фидиссаг фæуыдзыстæм. Фидиссаг номæй нæм дзурдзысты адæм.

Æмæ, къуыппæн зарæгæй тæрсгæйæ, сæ ног ном æмбæхстæй бирæ фæдардтой. Сæхи, сæ кады фыдæлты, сæ фидæны разагъды кæстæрты фæхудинаджы тасæй ныххуыдтой сæ дзыхтæ. Нæ йæ æргом кодтой суинæгтæн дæр. Уырнындта сæ, рох у алкæмæй дæр. Семæ йын æнæамæлгæ нæ уыдис – афтæ алыг кодтой, æмæ сæ уый уырнгæ дæр кодта.

Фæлæ сылгоймаджы æвзаг ныссаджил кæнинаг уымæн у, æмæ сусæггаг нæ уромы. Ног чындз фыццаг-фыццаг адæмæй хызта йæхи – дзырд ын макæимæ асайа, æндæра, мæстыйæ дæхиуыл дæр макуы бауæнд. Фæлæ рæстæг алцы дæр рохуаты фæуадзын кæны. Уымæй дæр байрох йæ номæвæрд, æмæ сыхы устытæй фыццаг кæимæ фæзулдзых, уый ма, æндæр ын мацы бантыса, хуыздæр хотых цæмæн агуырдтаид – лæгмарæн фидисæн ыл ныххуырста, уый аххосæй кæй сты æнæном.

Дзыхæй цы дзырд раирвæза, уæлдайдæр фидисы номыл, уый уромæг нæ бауромдзæнис. Къулбадджытæ сын сæ фидиссаг ном айстой дзыхæй-дзыхмæ. Авæрдтой йæ саргъы бæхыл æмæ ма йын иу ран æрлæуд уыдис. Фæдисы дзæнгæрæгау æрзылд къуыппæй-коммæ, комæй-хохмæ. Адæм сыл нырма дæр лæгæй-лæгмæ фырхудæгæй артæнхæлдтæ фæкæнынц. Кæдæй нырмæ! Æмæ номсæфт адæмæн, бецау, нæлгоймагæй-сылгоймагæй, хистæрæй-кæстæрæй фехæлдысты сæ нуæрттæ. Сæ худинаджы ном хæссынæй.

Æнæзонгæ исчи сæ куы афæрсы – кæцон дæ, ома, уæддæр йемæ загъд самайынц, ды нæ хынджылæг кæныс; чидæр дæ сардыдта æмæ дæхи дæр æмæ мах дæр фыдбылызы тъыссыс, зæгъгæ. Хынджылæджы ныхас дæр дзы вæййы – рæстаджы хæрамæй нæ тæрсæм. Фæлæ масты хай бирæ æнæаххос адæмы фæкæнынц. Бынтон ницæй тыххæй.

Фыдбылызы кой та уымæн фæкæнынц, æмæ дыл ахæм

рæстæджы, марæнгарзæй сæ къухы цы фæуа, уымæй нæ бацауæрддзысты. Сæхæдæг æй афтæ диссаг кæнынц. Цы фæцæуы, уый нал æмæ нал фæхатынц. Адæм та, бынтон стæмтæй дарддæр, ахæмтæм ноджы фыддæр, знæтдæр кæнынц. Куы сыл æй чи ныххуырсы, куы – чи. Кæцæй йæм нæ уай цæттæ, уырдыгæй дæр. Цæмæй, цæмæй, фæлæ сæ цæрæн бынаты номæй федтой се сæфт.

Æмæ æрымысыдысты стыр куывды фæрцы сæ худинаджы ном – сæ нæуæг чындзы... цъыззыттæй... исты хуызы фервæзын.

Хуыздæр фæндаг ницы æрцахста сæ зонд. Æмæ уый тыххæй дæхи сраст кæнынæн мысгæ дæр цы ‘ркæндзынæ? Нæуæг, йе ‘нусон дунейы, æвæццæгæн, стæг дæр кæмæй нал ис, уыцы, уæды нæуæг чындзы...

Табу уæ фарнæн, адæймаг йæ кой дæр куыд кæна, нæ зонын... Фæлæ уыцы... Чи ис, уыцы... Æви сын чи нæма ис, уыцы номыл исдзынæ сыкъа? Кæцыйæн сæ куыд æмæ цы хуызы, стæй цы зæрдæйæ кувдзынæ, гормæттæ – афтæ, афтæ уæ... ном!.. Ноджы дæм уыцы номы тыххæй нуазæн куы ‘рхауа!

Æмæ, цыфæнды кой кæн, уæддæр, цы фынджы фарсмæ бадай, уый аххосаг куыд сæфдзæнис дæ зæрдæфысты? Иу-цалдæр хатты уæддæр æрхаудзæнис йæ кой. Æмæ уæд куыд дардзынæ дæхи?

Ома сæм Маркъел саккаг кæна? Æмæ йыл йæ зæрдæйы къултæ баруадысты? Лæджы худ чи хæссы, уый цы зæрдæйæ æрбаддзæнис, цы адæн ацаходдзæнис ахæм фынджы фарсмæ? Кæд æй сайгæ фæкæной, æргом ын æй ма зæгъой. Æмæ Бышти уый куыд, цы хуызы бамбæхсдзæнис, мæгуыр?

Цуцури тагъд-тагъд ауадис, куыд никæй цæст ыл æрхæца, афтæ. Хур дæр скаст, æмæ тæвды йæ ком ахус. Акодта мæсты ту: ахæм фынгыл æрбадыны фæлтау бонцау стонгæй фæцæуздзæнис. Ахсæн кæм ис, æмæ сæр та кæм ис! Сæ бынæттæ сын иу хуыргуыбынæй дарддæр ничи баивдзæнис. Ууыл лæг дызæрдыг нæ кодта. Уымæн фæтарст йæ сыхаг адæмы æргом хуындæй. Йæхи сæры кад дæр бавæра, сæ зæрдæхудт дæр ма райса.

Цыд сагъæстæгæнгæ. Нæдæр æм худын цыд, нæдæр – кæуын. Фæлæ уыцы рæстæджы ацахста сæ удтæисæг мотоциклы мæнæ-мæнæ æмæ тарст бæхы знæт мыр-мыр, цæфхæдты тæссонд тыбар-тыбур.

Лæг бамбæрста, цыдæр фыд цæуы. Кæд фæндаггæронмæ

ласта йæхи йæ хонджыты тæсæй, уæд ныр алæууыд фæсвæндаг. Æмæ фæбуц йæхицæй. Йæ тæккæ цæстыты раз, йæ цæфхæдтæй цæхæр калд, афтæмæй, мотоциклау, фæсте гуыр-гуыргæнгæ, фæздæг калгæ, знæтæй, тарстæй ныццавта иу мæллæг ефс. Йæхи кæуыл скъуырдзæнис, кæуыл ныффæнык уыдзæн, кæнæ кæм фæуыдзæн цъыбыртты сыгъд, уый йæ мæгуыр уд нæ, фæлæ, æвæццæгæн, йе сфæлдисæг дæр æххæстæй нал зыдта, афтæмæй далæ фæтæхы... Хæйрæг зоны, кæдæм.

Цуцури систа йæ худ. Йæ алыварс ахаста йæ цæст. Скаст уæлæмæ. Дзургæ ницы скодта, фæлæ йæ цæстæнгас æмæ былты змæлдыл ахуыр адæймаг бакастаид: «Хуыцау, мæ уд дæ цæуæнты сæрдæн фæуæд. Цы уынын ай?!» Фæстæмæ аздæхид, æмæ цы зæгъа адæмæн? Цы, дам, федтон?

Цы уыдта, уый, æвæццæгæн, Хуыцау йæхæдæг дæр тынг хорз не 'мбæрста: ау, адæймаг куы фæлдыста, уæд дзы ферох йæ сæры йын зонды цъыртт ныттадзын? Уæдæ, уанцон диссаг нæу – цытæ цæуы зæххыл? Уæлæрвтæм тæхынц, æмæ нын уæллæгты судзгæ цæхæр нæ сæртыл калын кæнынц. Фæлæ уыцы тæригъæд чи схаста йæ сæрмæ, удæгас бæхы мотор чи нывæрдта æмæ йын йæ мæгуыр удæй чи хынджылæг кæны?

Æй, гормæттæ, гормæттæ! Хуыцауы хай дæр кæмæн нал ис æмæ дзуары хай дæр. Æй, бын бауат, ныры адæм, кæд уæ сæртæ уæхи зынгæй цæмæн судзут; гыццылæй-стырæй Хуыцауы къахæргæвдджытæ цæмæн систут?

Цуцури иу чысыл нæма ауад, афтæ ацахста дыууæ тыхст уды фæсус æмæ цъæхснаг æрдиаг: «Бауром æй, бауром!.. ДВЖ... К.»; «Хæц ыл, хæц!.. Бæх, бæх!»; «Бауром æй, бауром!.. ДВЖ... К.»; «Хæц ыл, хæц!.. Бæх, бæх!» Уæддæр бадис кодта: чи сты, цы йын уромын кæнынц, цæуыл хæца, уынгæджы уа йæ сæр? Æмæ ацахста – цы фæцис, йæ уд скъуынгæ чи тахт, уыцы мæллæг бæх? Поствæндагыл куыд тагъд æрбайсæфт, царм æмæ дзы стджытæй дарддæр куы ницы ис, уæд?

Лæг бахаудта дисы – куыд æй уромын кæнынц, куыд ыл хæц? Æнæ Хуыцауы хæйттæ йын куыд ахсын кæнынц, арвы гæрахау, чи тæхы, йæ цъæх фæздæг кæмæн кæлы æмæ, цæст кæуыл нæ хæцы, уыцы удæгас мотоциклы? Уыдон йæ тæригъæды бацыдысты – мотор дзы нывæрдтой, скусын æй кодтой æмæ йæ суагътой, ныр, Цуцури, ды уынгæджы фест, йæ фæстæ ныззынг у æмæ сын ыл ды хæц. Уæд, зæгъгæ, æххæст мæныл дæр

сæвæрут мотор æмæ нæ дугъы ауадзут – змæста йæхинымæры.

Бæх цæстыныкъуылдмæ асæррæтт кодта, фæлæ йæ фæдыл сæ тых, сæ бонæй айдагъ трусиччытæ æмæ резинæ бæрзонд уафсджынты чи фæцæй æнтъæрдтой, уыдон, йæ арммæ кæсæгау, хорз, бынтон хорз федта.

Уыдисты дыууæйæ. Сæ иу цыма иннæмæй чысыл кæстæр уыд. Ныллæг, фæлæ – уæйгуытæ арæзт. Дзыгуын галау, ныггуыбыр кодта, йæ уæхсчыты тъыст сæр йæ риуы æмбæрц æруагъта, афтæмæй, йæ галиу уæхск размæ аппаргæ, фуртт кæны фæндаджы тæккæ астæуты: «Бауром æй, бауром! ДВЖ... К!.. »; «Бауром æй, бауром! ДВЖ... К!..»

Асдæр уымæй, бæрзонддæр уыд. Йæ синты цыма фыййауы лæдзæг тъыст ис – размæ нæ тасы. Нырраст. Йæ цыбырфадыг мидæггаг, æнæмæнг, йæ астæуы стджытæй кæцыдæрыл цасмæй ауыгъд у, æндæра, цæуыл лæууы? Куыннæ йын æрхауы? Ноджы йæ тæнæг риу аппæрста размæ, афтæмæй, йæ даргъ къæхтæ бæрзæндты исгæ, æйййафы Ныллæджы: «Хæц ыл, хæц! Бæх, бæх!..»; «Хæц ыл, хæц! Бæх, бæх!..»

Æгуыдзæгтæн сæ хайуан сæ къухы куы уыдис, уæд æй сæхæдæг нæ урæдтой, сæхæдæг ыл нæ хæцыдысты зивæггæнджытæ, ныр æй кæмæн ахсын кæнынц, уый сæхæдæг дæр нæ зонынц. Цыма Цуцури сæ сывæллон у – ды сын æй бауром, ды сын ыл хæц. Сæхи йæм не ‘вдæлд.

Æнæмæнг милицæйы кусынц. Уыдон фæисынц абырджытæ æмæ лæгмартæн сæ нывтæ фæсте-разæй-цæхгæрмæ, стæй сæ ауадзынц, æмæ нывтæ фæныхасынц алы фæзилæнты – Хуыцауы къахæргæвдæг у! Куы йыл сæмбæлай, уæд нæм фæдзур кæнæ йæ æрцахс.

Куыдзы фырттæ, æмæ йын йæ нывтæ куы цъыллиппытæ кодтат, уæд æй уæхæдæг цæмæннæ ахстат?! Кæнæ, уæ къухы нæ уыд, кæдæм æй уагътат? Абырджыты иууыл дæр иу ахст куы ‘ркæнат, уæд æгуыст кæнут, нæ? Æмæ Цуцурийæн тæккæ хосгæрдæны уыдон ахсынæй дарддæр ницы мийаг ис, гормон фæуат? Адæмы къулбадджыты ахсынмæ йæ æвдæлы?

– Нæ мæ æвдæлы – Хицауад мæм сиды.

Дæргъындзæг фæзылд фæстæмæ:

– Уæдæ... уæдæ, ды махæй... уынгæджыдæр дæ, – æмæ та фентъæры.

Йæ дзырды сæппæрст – цыма тæвд картоф хæры.

Лæгмæ цыдæр зонгæ фæкаст. Сæ комбæстæй ацæугæ уыдзæнис. Раджы чи ацыдаид, ахæм. Ныр сæ цæйдæр тыххæй æрфарстаид. Уæдæ сæм æндæр кæй хæссынц йæ къæхтæ? Сæхи уæттæй сæ фыдæлты уæзгуытæ рох куы сты, уæд сыл æндæр исчи ныцъцъæх уыдзæнис?

«Æмæ цы ми кодтой æдзæрæг комы, – æдзæрæг макуы фæуой, – æхсæвы цъæхыл бæгънæгæй? – ферттывта лæджы сæры. – Уымæй дæр резинæ къахыдарæсы? Дысон-бонмæ сæ моторджын бæхы уым тымбыл кодтой?»

Цуцури, дугъы цæуджытæм кæсгæйæ, йæхæдæг дæр ныххаудта уыдон ауæдзы æмæ, йæ фæндаг куыд фæцыбыр, уымæн ницы базыдта. Гомеры бæзджын, фæдисы сидтмæ куы фестъæлфæгау кодта, уæд фæхатыд, цас ауайын ын бантыст.

Гомеры хурхы уадындзтæй уæлдæф нæрыд зæйрацыдау:

– Æу-у!.. Амы æмгæрон ничи ис, уæдæ?! Æу-у!..

Дзуапдæттæг ын нæ уыд.

Лæг бакатай кодта. Иугæр ничи ис йæ фарсмæ, уæд ыл фыццаг уый сæмбæлдзæн. Куы дæ базона, зонгæ та дæ æнæмæнг бакæндзæн, уæд æм æнæрлæугæ нæй. Йæ иувæрсты куыд ахиздзынæ? Стæй дæ бауадздзæн йæ иувæрсты ахизын? Куыннæ стæй! Мæ уд акæн. Æмæ йæ ирхæфс ног хабæрттæй. Зæрырдæм адæймагыл мæрдырох æфтаг у, æндæра уын дæ дзыппы иу æрдæг авг уæлæмæскæсинаг, цыхты къæртт дзулы тыхтæй удыбæстæ уыдаид. Цы загъдæуа зæры бонтæн.

Цуцуримæ ног хабæрттæ чи хæссы, фæлæ, Гомер йæхæдæг кæй зоны, уыцы диссæгтæ æмæ æмбисæндтæ тыххæй ласдзæнис Цуцурийы дзыхæй, цыма йын сæ уый дзуры. Æмæ уымæн ныртæккæ ахæм рæстæг ис? Хицауад æм ма сидæд, фæлæ йын фæстæмæ здæхгæ уæддæр у, йæ хæдзары зылдтытæ йæхимæ хауынц. Чи йын фæрог кæндзæнис йæ къух?

Лæджы уырныдта, Хуыцау йæ фарс фæуыдзæн, æмæ кæд аирвæзид Гомерæй. Нырмæ дзы никуы аирвæзт. Алы хатт дæр æй базоны. Ныр дзы аирвæздзæнис. Хицауадмæ дæр æм нырмæ никуы сидтысты, фæлæ йæм ныр дзурынц. Æрмæст йæ батинкъæты бын лыстæг дуртæ куынæ хыррытт кæниккой. Цуцурийæн. Гомерæй дæр...

– Æу-у!.. Амы æмгæрон, уæдæ, змæлæг нæй?!. – Гомер нæ сæтты йæхи. Стæй ныссабыр. Уыцы æнæнхъæлæджы ныссабыр. Æвæццæгæн, цыдæр фæцис. Цуцурийы ныфс фæдывæр. Æмæ

йæм раст уыцы рæстæджы фæдзырдæуыд: – Цуцури, цуаны дæ? Дæ дæлфæдтæ зæххыл куынæ уал ныдзæвынц. Æви мæ иувæрсты ахизын ис дæ зæрды? – цыма йæхиимæ дзуры, фæлæ кæцæй-кæдæм... Цы хурхы сæртæ йын ис!

– Хистæры иувæрсты чи ахиза, уый цæй адæймаг у...

Цыма Цуцурийæн йæхи знон баиртæстой дзидзийæ. Фæлæ Гомерæн йæ райгуырды аз... йæхицæй дæр раджы ферох. Æцæгæй та йæ искуы зыдта æви нæ, комбæстæй уый æмбарæг нæй. Йæ бæрц кæстæртæ йæ разæй фесты. Йæ сайраг сæр, сау сынтау, Сынтыты рагъыл баззад. Æхсæвыгæтты йæ сусæг цæссыджы батад йæ цæсты рухс. Уæддæр адзалæн йæ бон нæу къæдзæхы йас лæджы афæлдахын. Сынтыты рагъыл...

Цас рагъаг у, фæлæ дзы раздæр æгас мыггагæй æрвыстой сæ цард. Ныр лæгæвзæрстæй фæфардæг сты се 'нусон дунемæ. Цы лæхурæнтæ ма сæ аззад, уыдон та горæттæм фæфардæг сты хуыздæр царды агур. Æмæ алы бон фæстæмæ фæкæс-фæкæс кæнынц. Æхсынæнтæхæрæг йæ гуыбын сайы.

Уый ныры адæмæн сæ туджы ис. Дзур, истытæ аразыны æфсон цыдæртæ хылы-мылы кæн, æмæ ахæм хуыз æвдис, цыма цыдæр марыс. Афтæмæй сæ рох сты, сæ гæды дзуринæгтау, сæ митæ дæр. Лæг йæ дзырдæй лæг кæй у, уый дæм нымады дæр ма уæд, уæд дæхæдæг дæр цы лæг дæ? Йæ дзырды уæз кæмæн нæй, уый йæхæдæг дæр ницы акæрддзæнис.

Гомер йæхи дæр никуы сайдта æмæ искæй сайын дæр нæ сахуыр. Саудзыдзыдайæ кæдæм фæцæуа. Тоны йæ сау, фæлæ даргъ, æнæ удыскъуыд бонтæ иунæгæй. Сæ уæзæгыл ма цæрæццаг удтæ сты сæ сыхæгты лæппу, – йæ кæстæрты кæстæртæ горæты стыртæ сты, фæлæ Гомерæн лæппу у, уæдæ, цы, – гъе, æмæ ма йын ис сæ сыхæгты лæппу Джуджу æмæ чындз. Джуджуйы 'мкъай. Гомеры карæн кæцæй сты, уæддæр пенсийы уартæ кæд æмæ кæд ацыдысты. Сæхи зæрдыл дæр рæстмæ нал лæууы. «Рохгæнаг сты ныры кæстæртæ», – уымæн акæны Гомер.

Чъребайы сахары, дам, æнæхицау зæрæдты хæдзар ис. Йæхæдæг сыкъа сисынæн чи бавæййы, йæ чъирикувæгыл йæ къух чи сисы, уыдон сæ уырдæм баппарынц. Хицауад сæ дары, дзурынц. Уым, дам, дæ гуыбын æфсæст уыдзæнис, дæ рагъ – æмбæрзт. Æмæ цæр. Æмæ хæр. Хах-ха-ха...

Æмæ хицауадæй кæд чи баззад райгондæй æмæ ныр уымæ

ныккæсой. Домгæ дæр дзы цы кæныс – йæхи уæттæ, голладжы бызгъуырау, кæй раппарой, уымæн хицауад йæ дæндагæй цырагъ куыд дардзæнис.

Стæй, хæрдыл, кондыл, ноздыл кæд батыхсын кодта искæй? «Гуыбын талынг скъæт у æмæ дзы куыдз амæлæд», – фæдзуры. Фæлæ чи сты уыцы зæрæдтæ? Зонынц æй? Зоны сæ? Кæнæ йын йæ гуыбын чи 'фсаддзæн, йе рагъ ын чи æмбæрздзæн, уыдон чи уыдзысты? Кæнæ сын йæхæдæг чи у? Æмæ ныры кæстæртæй сæ ныййарджытæ рох куы сты, уæд кæй уыдзæнис уый мæт? Æцæгæлæтты? Йæ фæстаг уысм ын уыдон æрхæцдзысты йæ цæстытыл? Кæд... куыйтæ йын фæлдисгæйæ.

Чи йæ зоны, йæ цæстыты раз чи байрæзт, уыдонæй Гомерæн йæ мад æмæ йæ фыды сæвæргæ ном рох куы у, уæд ыл æнæзонгæ адæм сæхи мардзысты? Цы бауыдзæн æцæгæлон дзыллæйы 'хсæн? Йе 'намонд сæрæй йын, урс халонау, алчи дæр хиздзæнис йæхи.

Стæй уыдон цы, йæхицæй дæр раджы куы байрох йе 'цæг ном, уæд искæмæй цы дома? Кæй дара азымы? Стæй дзы азымыдаринаг дæр цы ис? Кæмдæр, дам, стыр, фæлæ куырм фæндырдзæгъдæг уыдис, Гомер – йæ ном. Фыддиссаджы кадджытæ, диссæгтæ æмæ, дам, æмбисæндтæ зыдта, æмæ уыдонæй адæмæн баззад мысинагæн.

Лæг йæ сусæг куыды йæ цæсты рухс куы фесæфта, уæд, адæмы йæ фæндырæй кæй фæирхæфсы, фыдæлты мысинаг хабæрттæ сын кæй фæзары, уый тыххæй йæ чидæр Гомер номæй рахуыдта, æмæ йыл йæ ныййарджыты ном – Къæдзæхмæтæй уый хæсгарды карстæй  хуыздæр абадт. Зæгъгæ, фæсномыгтæ æвæрынау, хабæрттæ кæнынæн дæр стæм, уæд нæм Уæллаг йæхæдæг дæр бирæ цæмæйдæрты тæхуды кæнид. Фæлæ нæ фæсномыгтæ, фидистæм фырдиссаг кæй стæм, уырдыгæй цæуы. Цард та аразгæйæ у, æмæ йæ хуыздæр кæнынмæ та æппынæдзух зивæг кæнæм.

Гомерæн дæр цынæ сразы уыд йæ фæсномыгыл. Æмæ мæрды рох фæцис йæхи номы уидаг. Баззад ма йын йæ судзгæ, дудгæ кæрон – мæт. Кæд Гомеры номыл ныхæст нæу, уæддæр зæронд лæгæй атонын нæ комы. Мæт – йæ цард, мæт – йæ бон, æрдиаг аккаг – йе 'хсæв. Фылдæр хатт æй нал фæфæнды рабадын. Йæ зæрдæ уымы бæстæм, йæхиуæттæм, йæ туг, йе стæгмæ фехсайы, фæлæ æнæбонæмгъуыд мæлæт нæй.

Йæ уды судзгæ рис та куыд æвæра искæй æккой? Йæ цудыд къæсæй фæндагмæ æрхизæны стыр къæдзæх дуртæй скодта сынтæджы хуызæн бадæн – «Гомеры Ныхас». Æмæ дзы куы лæугæ фæкæны, куы йæ кæрцы къæридыл йæхи æруадзы. Йе ской – йæ иунæг цъæх сæгъ. Æрмахуыр ын у. Дард нæ цæуы. Куы йæм фæдзуры, уæд балæууы йæ цуры. Чындзы куынæ февдæлы, уæд æй лæг йæхæдæг дæр радуцы. Ногдыгъд æхсыр ын алæгъз кæны йæ хурхы уадындзтæ. Йæ сæныкк та – Джиуæргуыбатæм, – сыгъзæрин тæбæгъты сын фæкуывдæуæд, – цæттæ кусæрттаг.

Цалдæр каркмæ зилын дæр ын нæу уа зын. Зымæгмæ йæ комахсæйнаг тæрс æмæ тулдзыл йæхæдæг снард вæййы. Мит куы рауары, уæд Джуджуты фосимæ йæхи къахæй æрцæуы, цæмæй йæ акусарт кæной. Цæхджынгондæй йын уалдзæджы æмбистæм аххæссы. Уый та бады æмæ йæ таурæгътæй ирхæфсы иуырдæм цæуджыты дæр æмæ иннæрдæм цæуджыты дæр.

– Æу-у!.. Цуцури, кæд дын зын нæу, уæд ма уым фæсвæндæгты дæ цæст ахæсс – мæ цайдан никуы зыны?

Æцæг, йе 'рхуы, чи йæ зоны, кæдыккон æрхуы, дæргъæццон, нывæфтыд цайдан фырдисæй йæ дзых ныххæлиу кодта арвырдæм – цы нæрцæугæ хабæрттæ уыны уый? Æви зæрырдæм йæ цæстытыл исты ауад? Чысыл дарддæр йе 'мбæрзæн, йе 'нæхсад, фæлæ рæсугъд æмбæрзæн дæр, цыма цæвынæй тæрсы – йæ къух йæ сæрыл тымбылтыхт, цъынддзæст æмæ гомдзыхæй кæсы фæсвæндагæй.

«Адæймаджы ныхыфыстдæттæгæн æвзæртæ фæлдыст макуы фæуæнт, – февзæрд Цуцурийы сæры. – Иу цард ын дæттыс æмæ йын æй дæ цæст, куыд æмбæлы, афтæ, – цæстджынæй, къухджынæй, къахджынæй, зонджынæй, – ратт, цæмæй удхарæй ма мæла. Дæу дæр ма 'лгъита æмæ йе 'намонд сæр дæр. Æндæра, цæргæ-цæрæнбонты искæй къухмæ куы дзыназа, уæд уый цæй амонд, цæй цард у, æвзæр куыйтæ йыл амæлой».

Цуцуримæ афтæ фæкаст, цайданы хицау дон хаста, æмæ фæкалд. Ахаудта æмæ, куы сыстад, уæд нал ссардта йæ донгарз. Фæлæ дзургæ ницы скодта. Цайдан куы систа, уæд сабыргай адзырдта Гомермæ:

– Мæнæ ис, ныртæккæ дзы дон рауадзон.

Фæсвæндаг, сæ кæрæдзийыл ныттыхсæг æнусыккон бæлæсты бынæй æфсæн хæтæлæй калд уыцы ихы къæртты хуызæн суадоны

дон. Хætæл ын нæ фаг кодта, æмæ-иу йæхинымæры бакодта мæсты гуым-гуым. Цыма кæмæдæр мæсты кæны. Цыма йын, йæ хætæл кæй нæ фаг кæны, уый йын кæйдæр аххос у æмæ, йæхимæ дзурæгау, уымæ æвзиды.

Цыхцыр кæмæн нæ фаг кодта, донæн йæ уыцы хай йæхицæн фæндаг айгæрста бæлæсты лыстæг уидæгтимæ фæлмæн быд мæрæй. Хætæлы дзыхы-иу куы фæцæйхуыдуг ласта, уæд-иу уыцы мæсты футт ракодта.

Уæддæр, нæ хæхбæсты бæлццон азгай нæ, бонгай кæй стæм кæны, суадон сыл йæ зæрдæйы фаг кæй не 'мбæлы æмæ йын йæ уæнгроггæнæг сатæгæй фаг кæй нæ кайынц, уый тыххæй Цуцурийыл уыцы хионы узæлд бакодта. Йæ буцтæтæйау, йæ узæлд лæджы дæрзæг æрмттæн замманайы æхцон уыд, цыма рагæй нал банкъардтой доны ад, æмæ уымæн схуыскъаг сты.

Уый алфæн разæнгардæйдæр æрæхсадта цайданы фæрстæ. Стæй дзы рауагъта дон, æмæ йыл схæцыд зæрдæбынæй. Куыд æхцон улæфт скодта, уый Гомер ацахста, æмæ бакодта сæрыстырæй:

– Суадон нæ, фæлæ æвдадзы хос у. Марды йæ сынтыл рабадын кæндзæнис, марды, сыгъзæрин феста! – Цуцури суадонæй кæй байрад, уый уыцы æхсызгон уыдис Гомерæн. – Чи зоны, мæ удыл мын уый, уыцы æвдадзы хос суадон ныххæцыдис?!. Чи зоны...

– Ахæм цин дын фенон! – æнæ ракæ-бакæ уайтагъд йемæ сразы Цуцури. Райгæ йæм бахаста сатæг донæй дзаг цайдан. – Æвваxсмæ дæ бон – хорз.

Гомер бадт йæ «Ныхасы» къæлæтджынгонд дурыл тыгъд сæгъы цармыл æцæг къæдзæхыйасæй. Йæ быдырыйас армы – лæгæмбæрц лæгъзбуар зыкъуыррытæ лæдзæг. Цыма йыл царды диссæгтæ нывгонд уыдысты. Ныры кæстæртæй алкæй бон нæ бауыдзæнис зæххыл лæугæйæ йæ 'мраст бауромын. Лæдзæг. Лæгæн йе уæнгтæ, йæ уадулты стджытæ фæрæтæй амадтытау – дæрзæджытæ. Йæ зачъетæ рагæй нал уыдысты ног арæзт. Йе 'рфгуыты æрдутæ – нырыккон тыффытт-мыффытт чызджыты æнгуылдзты стæвдæн. Йе стыр нымæт худ ныггæлиртæ йæ сæрыл. Йæ дарæс – къæрид кæрц æмæ бæмбæджджын хæлаф, цыма фыдыусы ставд сынчытæй хуыд сты, – зæу-зæу кæнынц йæ уæлæ. Бадт цъынддзæстæй.

«Уагæры, æвзонгæй цахæм уыдаид?» – февзæрд Цуцурийы сæры.

Фæлæ йæ Цуцури мæстыйæ, фæлурс æмæ тыхулæфгæ, кæй баййæфта, ууыл бадис кодта: йæ чемыл цæмæннæ у? Нæ дзы бамбæхста йæ фарст:

– Æвæдза, цыдæр кæныс, Гомер?

Хохыйас лæг байгом кодта йæ урс, стыр цæстытæ, цыма йæ фенын уыд йæ зæрды. Ныккаст æм комкоммæ:

– Дæ къух ма мæм авæр, Цуцури, дæ рынтæ ахæрон, – ахæм цин ыл бакодта, цыма рагæй никæй уал федта. – Куыдтæ дæ? Æз, мæнæ мæ къодах цы фæкæнон, уый нал зонын, фæлæ мын ды исты хабæрттæ ракæн, ды.

– Ды мæнæй фылдæр адæмыл æмбæлыс...

–Цæй адæмыл, дæ рынтæ ахæрон... Ацы цард уазæгуаты хуызæн у: адæймаг искæмæ цас афæстиаддæр вæййы, уый бæрц æгадмæ хауы; удхæссæгæй куыд фылдæр рох кæнай, афтæ дæм адæм тынгдæр кæсдзысты тигъмæ. Мæ райсомы куыстыты фæстæ, зæгъын, дон æрбадавон. Чидæртæ – бæх æмæ мæнæ... «матациклетыл»... Æвæццæгæн, чи сæ фæраздæр уа, уымæй быцæу кодтой... Федтаис сæ ды дæр? Мæнæ-мæнæ фæсвæндаг агæпп кæнынмæ нæ фæцарæхстæн, уæд мæ ныцъцъæл кодтаиккой. Ахæм мæллæг бæхы ахæм тард кæн!.. Æй, гормон фæуат, гормон!

Цуцури йæм фæрсæджы каст бакодта, ома, цæстæй куынæ уыныс, цæмæй базыдта, бæх мæллæг уыд? Ноджы – ахæм мæллæг!

– Æмæ дын чи загъта, къуырма дæн? Ибон мын дæлæсыхаг Сурены æдылы – уый, дам, хорз у, хорз, ацы царды цъаммар митæ, дам, кæй нæ уыныс. Зæгъын, æххæст ма къуырма дæр куы бауаин, уæд дын де ‘дылы ныхæстыл нæ дис кæнин. Мæ сыхæгты цæрæнбонтæ бирæ уæнт, уыдон фæрцы мыл хур кæсы. Мæллæг бæх уæраджы магъзæй арæзт нæ вæййы. Чысыл тыччыйыл дæр быры. «Фидар къахайст ын ис», – дзы нæ зæгъдзынæ. Мæллæг æмæ фидаркъахайст... Иннæ, бензинæй куыд рæвдз у, уый нæ зонын, фæлæ бæхы бон уыцы уадæй дард нæ бауыдзæнис.

Ноджы дыууæ æнæзонгæйы сæ фæдыл дугъ кæнынц: «Бауром æй, бауром! ДВЖК!..»; «Хæц ыл, хæц! Бæх, бæх!..» ДВЖК, æвæццæгæн, сæ бæхы ном у. Ныры адæмæн нæмттæ дæр нал фаг кæнынц...

Мæнæн ма мæ бон адæмы æрраты уромын æмæ уыдоныл хæцын куы уаид, уæд мæ цайдан мæ къухæй атахтаид? Сæхæдæг

ыл тагъд хæцдзысты, кæд ахæм уадæй уайой, уæд, мæллæг бæх кæйонг фæдугъ кæндзæнис?

Дæуæн дæ цæрæнбонтæ бирæ уæнт – мæ мигæнæн мæ къухы кæй фæрцы бафтыд. Цы дæ мæ амондæн æрбахаста мæ тыхсты? Зæддонæй абадæд.

– Хицауад мæм сиды.

– Хицауад?!. Æмæ цы фæрæдыдтæ? Хицауадæн йæ рæвдыд – мур, йе схуыст – куыфыдзаг. Ды та, дæ рынтæ бахæрон, Хуыцауысконд адæймаг куы дæ, цы сын кодтай, цæмæн дæм сидынц? Дæ фыдгул-фыдзæрдæйыл уыдон бафтæнт. Цалынмæ адæймаг йæ уды уа, йæ уæлæ-ма фыды муртæ зына, уæдмæ йæ æрдугай æхсындзысты. Стæй йæ сæ къæбылатæн... Сæ кой – авд дæлдзæх! Мацы срæдийай сæ цуры. Цæхæры дын куы тъыссын кæной дæ къух, уæддæр ыл фæстæмæ ма фæхæц. Зынджы сыгъд дæр гас кæны, уыдон хæстæн байгасгæнæн нæй. Ацу. Ацу, дæ рынтæ. Ма дын байрæджы уæд, дæ тæригъæд дын фæхæссой, æндæра сын уый дæр у дæ бафхæрыны фаг, – Гомер ыл йæхæдæг ратагъд кодта, æмæ дзы иу галы бузныг фæцис. Уæддæр æм фæсте радзырдта: – Æмæ Цъыззытты куывдмæ хуынд нæ дæ?

Цуцури бахудæнбыл:

– Быштийы хуынд дæн.

Гомер йæ мидбылты парахатæй кæй бахудтаид, уый хорз зыдта лæг, фæлæ йæм нал акаст. Атагъд кодта йæ фæндагыл, йæ къæдз лæдзæг æмæ йæ батинкæты дуры хуызæн бынтæй зæхх хойгæ.

Дæлæсыхмæ йыл ничиуал амбæлд. Уым дæргъындзæг Сурен йæ кæрты михты цъуппытыл баста тулдз къалиуты къона. Æргуыбыр æм, афтæмæй йæ баста уыцы бæстæтты. Цыма йын цæргæ-цæрæнбонты уым лæудзæнис.

Кæрты сæрыстыр рацу-бацу кодта стыр, фырнæрдæй тъæппытæ чи хаудта, ахæм урс цæу. Суренæн йæхи даргъ цæнгты йас уырынгтæ, ставд сытæ йын цыма уæз дæр нæ кæнынц – уыцы сæрыстырæй сæ хафы арвыл. Зæгъгæ йын тымбыл къухæй йæ синтæ дæ тых, дæ бонæй фæцæф кодтай, уæд фиугай фæйнæрдæм атæхдзæнис. Куыннæ уыдзæнис йæхицæй буц дæргъындзæг! Уæддæр æй Цуцурийы сæгъы мыггагмæ къахдзæфтæ æмбæлы.

Цæуы фæдыл зилы мæллæг дзæргъ. Цæуы фæдфæд. Йæ сины

стджытæ, сæ кæрæдзимæ быцæугæнæгау, хæрдмæ фæцыдысты. Йæ фæрсчы стджытæ, фæндыры нымайæнты ‘нгæс, иу фæкастæн сын сæ нымæц базондзынæ. Фæлæ Цуцурийы ныртæккæ ацы æнæвдæлонæй уыдон нымайынмæ æвдæлы? Бакъуырдта-иу æй йæ бырынкъæй. Дзæргъ цæуы. Æмæ-иу æм уый дæр фæзылдта йе стыр сытæ. Дзæргъ-иу, тъизгæ, дыууæрдæм срæуæг кæрты къуымты. Йæ къæхтæ-иу йæ быны фæцæй кодтой.

Лæг цыма Цуцурийы фендмæ рагæй бæллыд, уыцы цин ыл бакодта. Стæй йыл цин дæр цæмæннæ кодтаид: нæ хæхбæсты лæгаулæджы зæрдыл донæй адæймаг арæхдæр райдыдта лæууын. Тагъд нæ иуæггай цæрджытæ, – Хуыцау бахизæд, фæлæ, – цыма нæхиимæ ныхас кæнын байдайдзыстæм. Æмæ Сурен аныхас кæнын мондагæй ныууагъта йæ куыст. Йæ зæрдæ йæм сдзырдта, лæджы размæ рацæуа. Йæ къух ын райса. Афæрса йæ царды хабæрттæй. Фæлæ бæлццон, йæ цуры афæстиат уа, æнæмæнг хабарыл кæй нæ нымадта, уый бæрæгæй фæзынд йæ цæстæнгасыл. Гормон, уанцон æнæвдæлон нæу! Уæддæр ма йæ ныууроминаг уыдис йæ фарстæй:

– Мæ цæу куыд дæ зæрдæмæ цæуы?

Цæу зæрдæзæгъгæ нард кæй у, дзæргъ æнагъæддаджы мæллæг, уый хохаджы цæст фыццаг фæкастæй ацахста. Йæхи мидæг дис дæр бакодта – бырынкъджыны кондæй цы дары, ауадз æй, астæумæ кæрдæгыл хиза. Ныр ын, кæд ыл хорз баузæлыд, уæддæр Сурены фелхыскъ кæныны фадат фæцис:

– Дæ хуыйы фыдтæй цы ратыдтай, уый дæ цæуыл бафтыд.

– Тобæ, тобæ, тобæ, Цуцури! Афтæ ма дзур. Ацы табуйаг цæумæ Джиуæргуыбатæм зилын. Афтæ ма дзур. Бырынкъджыны йын йе ‘мсæр куыд кæныс?! Дзобойы мæнæ нæ Уастырджийы ‘хсæв, – сыгъзæрин феста, – рабынæй кæндзыстæм æмæ раргæвддзыстæм. Табу йæхицæн! Зæрдæбын куывдтытæ йын фæкæндзыстæм цывзыджынæй. Сæн дæр мæм фаг ис. Богъы туг! Цæуы фыдимæ йын зæрдæбынæй фæкувдзыстæм. Афтæ! Ды дæр хуынд дæ. Ма-иу бамбæхс. Æнæмæнг-иу нæм фæзын. Раййонаг уазджытæм ма кæс.

– Ды та махмæ дæ хуынд!

Цуцурийæн йæ цæстытыл ауад се стыр, дзуарсасы цæу. Ифф-ифф-ифф! Фыццагифтыгъд уæныджыйас у. Цæй уæныг!.. Кæд æй сæ цуры цуайнаджы ихы къæртты хуызæн суадоны цыхцырæгмæ нывæра, цæмæй тæвды ма фесæфа, æндæра уый кæд

фæуыдзæнис хæрд æмæ уыйбæрц уазалгæнæнтæ кæм ис?! Стæй йæ ныссæлын кæнын дæр нæ фæччы.

Йæ дзуапмæ Сурен нæ фæтыхст:

– О, о, о! Иу бонмæ та сæ ма ныккалут. Æгас къуыри кусартгæнæнтæ у. Иннæ... – ацамыдта хуымæ. – Хуы та хуы у. Йæ ном йæ уæлæ ис. Далæ кæй хуызæн у, уыдонæн фæлдыст фæуæд! Афтæ! Уый сын мæ хуыздæр арфæ.

Фæлæуу, фæлæуу. Ма ацу, мæ ныхас дын кæронмæ зæгъон. Уартæ, дам, Дменисы, – æгас калак у! – иу усæн йæ дзæргъ ныззад... Æмæ цас!.. Зоныс æй? Нæ йæ зоныс æмæ чысыл фæлæуу. Æз дæр хуыртæ не ‘хсæдын.

Гыццыл æмæ ницæйагæй цыдæриддæр ис, уыдон иууылдæр бæргæнаг сты. Йæ лæппынтæй иуæн дзидзи нæ фаг кодта. Дзæргъæн. Нæ йын фаг кæны, æмæ йын йæ къубал акъуыр. Аппар æй куыйтæн. Фæлæ мады зæрдæ!.. Дыккаг уæладзыджы йæ хæссынтæ систа сывæдæгæй. Дменисаг сылгоймаг. Алæбон бырынкъджыны «сидзæры» надта сатæг суадоны дон æмæ сапонæй... Афтæ, афтæ.

Цæмæннæ кафыдаид хъисрагъ, йæ бонæй йæ уа! Мæ куыйтæ йын фæлдыст! Афтæ. Дменисаг урсарм сылгоймаг мах дæр куы наид, а?!. Фæлæуу, фæлæуу. Зæгъон дын æй. Уæд мах дæр куыннæ кафиккам!

– Тагъд кæнын.

– Уæд нал тагъд кæнис. Сылгоймаг-иу дæу тыххæй дæр алкæимæ куы кæнид хæснæгтæ, уæд. Ацы Хуыцауы сконд... Тобæ, тобæ, тобæ!... Уый дæр æй Хуыцауы сконд хуыдта. Йæ «сидзæры». Цъыф, дам, никуы федта. Цъыф, дам, цы у, уый, дам, зонгæ дæр нæ кæны. Йæ къах, дам дзы куыд атулдзæнис?!. Уыйгæнæнтæ, дам, куыд ис!.. Афтæ.

Æмæ йæ хæснагыл куы рахæссид æддæмæ. Стыр хæснагыл! Уымæн... Ацы хуыйы мыггагæн! Куыддæр йæ къах зæххыл аныдзæвд, афтæ фæйнæрдæм асмыстытæ кодта. Стæй ныццавта... Скуыси... Кæм, зæгъыс?.. Фаджысы! Азмæстытæ йæ кодта. Абырыд йæ мидæг. Иуырдæм дзы сфæлдæхт. Иннæрдæм дзы рзылд... Æмæ йæхи фаджысæй хорз куы сызмæста, уæд зæрдæбынæй сулæфыд. Æрсабыр, æхцон оххытæ скодта.

Хуы хуы у, æмæ йæ кæдæм фæнды фæхæсс, уæддæр фаджыс ссардзæнис. Æнæ уый йын нæй фæцæрæн. Куыд æй барыс сыгъдæг зæды сыгъдæг кусартимæ, фенæг лæг куы дæ, гормон?! Афтæ.

Фæлæуу, фæлæуу. Кæронмæ дын æй зæгъон.

– Тагъд кæнын. Хицауад мæм сиды.

– Мæ куыдз фæлдыст хицауадæн! Кæсыс нæ «хæстæджыты» митæм? – нæ хуссайраг фыдбоны сыхæгтæй йын дзырдта. – Уыдон хицауад сты, нæ? Нæ дзæнæты къуыммæ сæ æрбауагътам. Нæ зæххыты хуыздæртæ сын сæ разæй скодтам. Се смаггæнаг туг сын нæ сыгъдæг тугæй фæивтам… Тых натлиатæ, лымæнтæ сæ фæарæзтам… Цæстмæ сæ гæды митæн æмбал нæй – цыма нæ удылхæцæг уыдысты. Афтæмæй сын бафсис ницæмæй ис. Къусыдзаг ын радтай – мæртыдзаг агуры; мæртыдзаг ын радтай – тæсчъыдзаг домы… Афтæ, гъе! Хицауад сты, уæдæ цы мæрддаг уой!

Æй, уæ бонæй уæ уа, нæ нычъчъырхтонтæ, кæд афтæмæй искæимæ цæрæн нæй! Кæд уæ афтæмæй æнустæм ничи æвæрдзæнис! Æниу, цы ‘вæринаг сты?! Хуыйы куыд уадзыс кæримæ?!.

Ноджы нæм бызийы фырттæ сусæгæй кæм æрбаххæссынц, уым нын гадзрахатæй нæ чъылдымы кард ныссадзынц! Æмæ ноджы сæ мæнгард миты цинæй, сæхи хуызæтты цур, сагау, сыкъатæ фæуадзынц.

Цы ма уа æнаккагдæр, цъаммардæр ми?! Афтæ!

Цуцурийæн Сурены æнæрцæф, хаттæй-хатт æгæр дæрзæг ныхасы уаг æнæзонгæ нæ уыдис, фæлæ ныр, йæ маст искæуыл акалыны тыххæй къух бакæнæнтæ кæй агуры, уый хатыд, æмæ хæцыд йæхиуыл. Уадз, йæ зæрдæйы цы мæстытæ уадзынц цъæх арт, уыдон скала. Арæх никæуыл æмбæлы æмæ, уæдæ, цы сараза. Стæй йæхæдæг æрсабыр уыдзæнис.

– Ацы дзæргъ дæр афтæ у, – йæ дзуринæгтæ дарддæр нымадта Сурен. – Зымæг-зымæгдæргъы фосы раз хурмæсыгъд хосы мур нæ уадзы. Хуыргуыбын сæ æнæуууылдæй фæдæлæмæ кæны. Фæлæ ныр сойджын кæрдæг йæ сæрмæ нæ хæссы. Куыд æй бахæра? Кæмæй у, уыдон мæрдты былтыл уымы бæсты, цытæ не ‘мбæлы, уыдæттæ фæкæна, æндæр ын исты куы зæгъон. Æнаккаг! Афтæ.

Æниу, æз дæр… Цæй мæрдтæ сын ис? Чи сæ амæлы, уый, дам, хæргæ кодтой, æмæ сын цæй мæрдтæ уыдзæнис? Исчи йæ мæрдты уыдонæн дætты? Æртæсæдæ арагуйаджы дæр махæй уыдысты!

Сæ номыл сæ сæйраг калачы метройы станцтæй иу уыдон

номыл у. «Ӕртæсæдæ арагуйаджы» – комкоммæ афтæ хуыйны. Афтæ, афтæ. Цæрæнбонты махуæтты æнтыстытæ сæхиуыл фыстой, æмæ сæ сæртæ бæрзæндты хастой: мах, дам, ахæм тыхджынтæ, ахæм ныфсджынтæ, ахæм домбæйттæ уыдыстæм! Ӕвзæр, ницæйаг тъетъиатæ! Афтæмæй сæ иунæджы ном дæр нæ дзурынц. Арагуиæгтæй! Нæдæр – сæ мыггæгтæ! Уæд адæм базыдтаиккой, чи уыдысты, знаджы ныхмæ удæгас мæсгуытæй чи лæууыдис, уый. Ӕмæ сын уыдæттæ ныры дуджы къух нал дæттынц, нал. Сæхи цæмæй стауой, уыдæттæ агурынц.

Фæлæ теман голладжы кæдмæ ис æмбæхсæн? Ӕмæ, чи уыдысты арагуйæгтæ, уый сындæггай куы æргом кæны, уæд сæм куыд фæстæмæ хардзау райдыдта кæсын – сæ метройы станцы ном цæмæн у æртæсæдæ арагуйаджы номыл? Ӕмæ, дам, сæ цы нæмттæй нæ райдыдтой хонын: «Ныр уыдзæнис «Ӕртæсæдæ куыдзæфтыдтаджы» æрлæууæн»; «Ӕртæсæдæ ‘нæсæры» фæгæдзæ кæнæнмæ фæхæццæ кæнæм»; «Ӕртæсæдæ сыстрагъы» æрлæууæны нæ хизæм?»… Уыцы станцмæ, дам, куы бахæццæ вæййынц, уæд сæ ницæйæгтæ сæхи æхсæн цынæ фидиссаджы нæмттæй нæ фæхонынц. Уымæн æмæ сæ зонынц – ирæттæ уыдысты.

– Ахæм ницæйæгтæ сты, ахæм! – мæсты кæны Сурен. – Махæн та фаджысæй павидлæ аразын ис нæ зæрды. Чи ма кæны афтæ, гормон?! Куы дын бантыса йæ саразын, уæддæр æй стæй кæй размæ ‘рхæссын ис дæ зæрды? Кæд, хуыты. Уæртæ уыцы дзæргъы хуызæтты размæ. Уыдон ахæмтыл æлгъ нæ кæнынц. Сæ Хуыцауы хай дæлæмæ æрхауа, кæд афтæ æвзæртæ æмæ фыдцъылызтæй цы фæлдисинаг уыдысты. Кæсыс, кæрты алыварс иууылдæр къæйдуримæ бетон у. Уымæй дæр, цахæм бетон! Дуры къæртт дзы нæ раппардзынæ. Афтæ.

Цуцурийы цæст ыл æвиппайды æрхæцыдис, æмæ батæхуды кодта Сурены хæдзардзин куыстмæ. Уыйбæрц бæстон куыстытæм кæй æвдæлы, уый æнæмæнг амонддждын адæймаг у, уæдæ цы, зæгъгæ.

– Ӕмæ фырбуцæн кæнын уыдæттæ?! Ӕви мæ сæрæн уæлдай фыдæбæттæ агурын? Нæ, мæ мард фен, кæд мыл æндæр бон ис, æндæр бон. Цы даринаг у бырынкъджын! Фæлæ, дам, чидæр йæ къахы ныхтæ кæныныл афтæ фæцахуыр, æмæ-иу ын кæнинаг куынæ уыдысты, уæддæр-иу сын сæ тугтæ фæкалдта. Афтæ. Фесафин æй, фæлæ стæй зымæгмæ комахсæйнæгтæ чи дæтдзæнис? Ӕмæ йæ æнæбары дард кæнын.

Уый куы базона, кæрты бынты абырæн айгæрдын йæ бон бауыдзæнис, æвзæр аирвæздзæн æддæмæ, уæд йæ удæн иу уысм æрулæфт нал ратдзæнис, нал. Æхсæв йæ цæсты уæлтъыфалтæ сæ кæрæдзийыл нæ авæрдзæн. Йæ конд афтæ у. Нæ йæ аивдзынæ, дæхи куы амарай, уæддæр. Фæхырхдзæн, фæнæтдзæн, фæкъохкъох кæндзæн, цалынмæ аирвæза æмæ бахæра искæй хуым. Хурмæ скала ногæвзæрд картæфтæ. Афтæ. Уымæн æмæ хуы у.

Æцæг афтæ у рагæйфæстæмæ хуыйы мыггаг! Цæттæ хуым бахæрыны ад ын ницы кæны. Уæлдай йын нæу, искæй уа æви сæхи. Æмæ нæ ивы йæ туг. Уымæн æмæ хуы у.

Фæлæуу, фæлæуу, зæгъон дын æй кæронмæ...

– Хицауад мæм сиды...

– Кæртмæ цæмæн ныггуыбыр дæн, æмæ йын ацы сыфтæрты къона йе рагъыл цæмæн бæттын? Цæмæй сæм æвзæр, смаггæнаг хуы ма сæххæсса. Искæй картофы хуым афæлдахынмондагæй сойджын кæрдæгыл чи æлгъ кæны, уымæн ахæм адджын сыфтæртæ æвгъау сты. Уадз, цъыфæйдзаг афтæ сæгъы фæдыл разил-базил кæна бæркъадзуан, ома, йын афтæмæй йæ уд хæрд фæуон. Уый, табуйаг цæу та, уыцы цъыфæйдзаг æнаггаджы йе 'хсаргæрдтæй хойа. Хуыйы мыггаг æндæры аккаг нæу...

Тобæ, тобæ, тобæ... Хицауад дæм дзуры, загътай? Æвæццæгæн, бынаты лæуд дæ, æмæ дæ исты ралвыныны фæнд скодтой? Уыдон зæххæнкъуыст æмæ арвы цæфæй дæр æрмæст сæхи мæт ис. Æз рæдион, фæлæ дæ æнæмæнг цыдæр домынц. Фидар-иу сæм фæлæуу. Афтæ.

Æз мæ дуаджы кусæрттаг æддæмæ цæмæннæ уадзын? Куы йæ феной, уæд мын æй сæ абырджытæн адавын кæндзысты. Бахæрдзысты мын æй бирæгътæ. Бирæгъты холы сæ Хуыцау фæкæнæд. Афтæ. Стæй ацу, æмæ Уастырджийæн дæхи рæстытæ кæн: афтæ уыдис, уфтæ уыдис... Æмæ уый де 'фсæнттæй дарддæр æндæр ницы æндавы, гормон?

Ома, йæ Джиуæргуыбатæмы цæу бахæрыны фæнд ын скодтой, æндæр ницы – февзæрд лæджы сæры. Уæдæ, уыцы ныхас Сурен дæрдтыл цæмæн кæны? Лæгæн йе уæнгты, уазал донау, зыр-зыргæнгæ ацыд цыдæр. Ау, афтæ сæнаккаг сты, æмæ Хуыцауы къахæргæвдджытæн Хуыцауы хай дæр нал ис æмæ дзуары хай дæр?! Куыд ын исынц йæ Джиуæргуыбатæм кусæрттаджы?!.

Суренæн, мæстджын дзураг кæй у, уый тыххæй нал уыд æрлæуд æви йыл æндæр цыдæр фыд æрцыд, уымæн Цуцури

рæстмæ ницы бамбæрста. Фидарæй цы базыдта – рæстæгыл куынæ ацæуа, уæд лæджы æфсæртæ зынг кæнын райдыдтой, æмæ ныппæртт кæндзæнис. Æнæссудзгæ йын нæй, æмæ стæй ацу, ууыл дæттæ кал. Хуыссын æй кæн.

– Нæ зонын. Зæгъын, рæстæгыл æрбаздæхон, – Цуцури ма иу хатт цæстæнгасæй ацахста, дзæргъ йæ бырынкъæй цæуы куыд стъæпп кодта, ома, бæркъа æрæппар. Уый дæр æй æхсаргæрдты йас сытæй ахаста йæ разæй. Уæддæр нæ саст. Къох-къохгæнгæ та-иу йæ фæдыл фæцæйцыд. Мæнгæй нæ акæнынц – хуы уа, æндæра, фаджыс ссардзæнис. Тыхæй дæр. Æмæ йæм худæг фæкаст Сурены цæу æмæ дзæргъы хабар.

Лæг уыцы бæрзæндтыисгæ даргъ къахдзæфтæй атагъд кодта йæ фæндагыл. Тыхæй дæр æй ничи уал баурæдтаид. Ныфс æй уыд, ныр районмæ хæстæг никæуыл уал сæмбæлдзæн. Йæ фæндаг цыбыр кæндзæн йе 'хцон мысинæгтæй. Бонизæрмæ сыл æгæр дæр сахуыр.

Æмæ, æцæгдæр, йæ зæрдыл æрлæууыд, раздæры, иу-ссæдз азы размæйы рæстæг ма уæддæр куы уыдаид, уæд афонмæ сæхицæй уырдæм фæндагыл цалдæр æмбæлццоны кæй бауыдаиккой. Сæ фæндæгтæ-иу алыхуызон таурæгътæй дзæвгар фæцыбыр сты. Районы-иу куыд балæууыдысты, уый-иу адæймаг рæстмæ зонгæ дæр нæ бакодта.

Фæлæ йæ ныр йæ фæндагæй дарддæр йæ лæдзæг дæр нал æндæвта. Йæ дæларм æй атъыста. Даргъ, гуыбыргомау фындзы сæрмæ айтынг сты йæ бæзджын æрфгуытæ. Йе 'рмттæ йæ роны æрсагъта æмæ, йæ рихийы бын йæхинымæры заргæ, йæ цыды хай кодта:

*Ой, Хазби, комы нарæджы*
*Джауыртæ 'рбацæуынц, уæдæ.*
*Ой, сæ фæндаг сын сæхгæнæм,*
*Кæннод худинаг куы уыдзæн, гъей!*

*Ой, уæдæ, Хазби, дам, куы бадзуры:*
*– Нæ фыдæлтæ рагæй фæстæмæ*
*Хæхты æрцардысты*
*Æмæ сæрибарыл тох кодтой, гъей!*

«Пуй, куыйтыхæринаг зæрдæ фæу!» – лæг йæ хæстон зарæджы тыххæй йæхимæ фæхæрам. Нæ фыдбоны сыхæгтæ нæм

ærвыл бон «фæцæуæм уæм», «фæлæбурæм уæм» кæй кæнынц, æмæ адæмы рыст нуæрттæ кæй суæлæнгай кодтой, уый дæр зæронд-зæронд йæ зæрдæфысты кæй стыррыккуд, уый тыххæй фæхæрам йæхимæ. Куы æрбалæбурой, уæд цы? Цы сæхæдæг сты, цы сæ лæбурд. Цæрæнбонты ныл гадзрахатæй цæуынц æмæ уый зæгъ. Стæй...

Кæд нæм нæ лæбурдтой, кæ? Гæбыдзиты гаццайау нæм цæргæ-цæрæнбонты размæ се згæ дæндæгтæ æвдыстой, фæсчъылдымæй та нын нæ бацæбитты нуæрттæ лыг кодтой. Нæ зæххыл сæ цæрын куы бауагътам, стæй нæ къах куы фæцудыдта, уæдæй фæстæмæ нæм сæ дæлæрмтты дуртæ æмбæхст дарынц. Афтæ никуы уыдис, ирон фæзылд, джауыр хуыйæн фадат фæцис, æмæ йын йæ фæскъæбут нæ ныххафт ласта йæ дæларм æмбæхст дойнаг дурæй. Никуы ма уыдис афтæ, нæ ныхмæ сын фыд ракæныны фадат уа, æмæ йыл барвæндæй сæ къух сисой. Никуы ма уыд афтæ! Куыдз æмæ хæрæг аргæвдой сæ мард æмæ сæ дзуарæн!

*Уыдзæн ма*

*КОСТЫ Лизæ*

# ГОМ АРТЫ РУХС

## НÆРТОН ЭЛЕГИ

Ацы хин æхсæв, ацы,
Стæй сæумæйæн йæ сæртæг!..
Лæппу тугвæдыл ацыд,
Æмæ фесæфт Æхсæртæг.

Уæд æррагæнæг амонд,
Уæд æнæ афон зымæг!
Зæрдæ, фæндаг нын амон,
Уæд Хæмыц, уæд Уырызмæг!

Хъуырыл бахуый æгънæгæн
Сахъ æфсымæрты, Кадæг!
Уæд æнускар Уæрхæгæн
Алы ног райсом адæн.

Цард – цæдджинаг, æмæ дзы
Чи бæхджын у, чи – фистæг,
Фæлæ нозт, уæд – æдзæлы[1],
Фæлæ кувгæ, уæд – хистæр!



Уæд мæ тæргæ бæх уисын,
Æмæ ма цудæд хæрды!
Мæнæ – Хæдзары фисын,
Мæнæ – стыр ызмæлд кæрты!

Уды – уидæгты стæлфын,
Æмæ – цотæн сæ фыддæр –
Æз мæхи хъæрæй стъæлфын:
«Байрйат, Нарт! Æз æрцыдтæн!»

*2010*

[1] Æдзæлы – Нарты кадджыты: адæймагæн цæлы фынгыл йе ‘фсис чи сæфта æмæ йæ æвронг чи кодта, ахæм нозт.

## ХУРМÆЗИЛÆГ



Ску кæнæ схуд, уæлæ уыцы гæлхуыр, –
Искуыцæй зæрдæмæ бакæса хур:
Уарыны зарынæй, хуры æртахæй.

Къæвдайы тæгтæ æз райсин дыдагъæй –
Уаид мæ уæлæфтау алдзæн[2] æндахæй!

Хуры зæрин дæр нæ уаид æвзæр –
Хуры хуызæн у мæ сыгъзæрин сæр!

Фæлæ ныгъуылы йæ сагъæсты арф –
Ницæмæ дары мæ ныхæстæ арв!

*2010*

* * *

Æз æрцæудзынæн ардæм фæстаг бон,
Æз æрхæсдзынæн мемæ мæ бандон[3],
Æмæ ацы æнусон æнгузæн
Æз йæ зæнджы хъарм хатдзынæн русæй.

Азтæ ахастой цардæн йæ сыгъдон,
Зынг фæзыны йæ тарфбыны, худгæ.
Срухс и хъуыдыты лами, чъылыхдон.
‘Руайы, уды цы рис кодта дудгæ.

Зилы бæлæстыл гæркъæраг, цоппай.
Кулæн тайы йæ их агъуд хъармы.
Дары малусæг зæххæй йæ гоппа,
Æмæ нал цæуы уалдзæг йæ цармы.

*2012 азы мартъи*

* * *

Алцы нæ ахсы зонд.
Алцы æмбары зæрдæ.
Артæн хæссын нывонд
Ацы бæркады сæртæ.

---

[2] Алдзæн – æмбисондæн хæссинаг, диссаг, хæлæггаг.
[3] Бандон ахæссын – бирæ фæбадын.

Арвыл æхцон хæрздæф
Амбæла бузны охыл:
Алы ахъаззаг цæф,
Алы хъæдгом дæр – рохы.

А зæххыл амонд ис,
Макæмæн уæд цæнкуылтæ.
Цинæй у цард къæрис,
Фарнæй та у йæ былтæм.

*2014.13.09*

* * *

Мæ дард фыдæлау гом артмæ нымдзаст дæн:
Зынджы бардуаг, æнцой мæ удæн ратт,
Мæ райгуырдæй цы артдзæстимæ баст дæн,
Куыд фæивгъуыйа уыцы ранæй фат.

Нæ фæивгъуыдта – сæмбæлди йæ астæу,
Æз æм æррайау дзагъырдзастæй кастæн,
Æмæ нæ уыд мæ хъуыдыты сæрфат.
Мæ сæрмæ сау мигъ сау æндæргау бадт.

Нæ кæны комы хор дæр, дон дæр ад.
Хъысмæтæн сты йæ хорзæхтæ нымад.
Лæбуры хурхмæ стонг бирæгъау уад.
Æххуысмæ мæм фæзын мæрдтæй, мæ мад!

Нæй хуры тын мæ развæндагыл, ау?
Мæгуыр Ийовау[4] – сыгъд æмæ уырыд.
Мæ мæгуыр сæрыл ихкъæвда æрцыд,
Уæд та мын зæгъ, цы ракодтон, Хуыцау!..

*2013 азы август*

## ÆРÆГВÆЗЗÆГ

Чи зоны ‘мæ ма стæвд уа,
Дардтон æз арвмæ арм,
Фæлæ цæй хур, цæй хъарм! –
Расайдта митмæ къæвда,

[4] Библийы *(Рагон Фæдзæхсты)* сæйраг персонаж. Уырыссаг традицийы – Иов.

Зымæг æрфистæг ам.
Митыл – гæдыйы фæдтæ.
Урс дзæмбы тилы наз.
Зымæгон фæткъуы сцæттæ,
Миты бын баззад нас.

*2013*

## КУЫРДАДЗЫ

Амонд дæр цы хæсджын у, цы дарæг?
Къухты ис дзæбуг æмæ хъæсдарæг!
Зæрдæ мард у, удрæбын та – зарæг,
Стæхынæввонг, базыртæ – хъандзал,
Удæн у йæ цæдисон æмбал!

Разæй ма дын цал уысмы и, цал,
Ис дæ уды уал кадæджы, уал.

Табу Дын, æрвон хорзæхтæ уарæг!

Бонтæ-бонтæ, мæйтæ-мæйтæ, аз, –
Акъул та и рæстæджы тæраз.
Байрæзт хъæды азивæны наз,
Слæууыд фæзы Ногбоны бæлас,
У йæ фæлыст иууылдæр хæрдгæйæ.

Арвæй æз цы ракурин зæрдæйæ?

Дарын артмæ сау æфсæйнаг. Ут,
Хорз арт æмæ сау æфсæн, хъæрмуд!

*2014.21.12*

* * *

Бон фæкъул, фæтулы рагъæй хур.
Райсом дæр æнтæф уыдзæн бæгуыдæр.
Хуры тæвдæй цъымара ныссур,
Хæфсытæн сæ цæрæнуат фæцыдæр.

Æрдзы фæткæн бабыхсдзæни уд.
Хæфс, мæ хæлар, ут æмæ тæлфут!
Къодахы бын ма бафснай дæ сæр,
Рацу æмæ зарæджы æрцæр!

*2014.21.07*

## БУЛГАКОВ[5]

Дæ уынд цæмæндæр нæу мæнæн æхсызгон,
Мæ рагуалдзæджы табуйаг нæхстæрон[6].
Дзындзæрдуйæ[7] æвдисы æрдз йæ чызгон,
Йæ уалдзыгон цъæхснаг фидыц, æгæрон.

Цы сахар уыд æнæуынон дæ удæн,
Цы сахар у йæ рæбинаг мæ удæн,
Мах уым лæууæм кæрæдзи ныхмæ, дымгæ
Йæ цъæх фæлыстæй хъазы, хъавгæ, уынгæн.

Зыны æндæргау сау гæды дæ цуры.
Кæсыс æдзынæг арвгæрон цæмæдæр.
Поэт Бездомный æррадонæй дзуры.
Фæхæссы поезд Римскийы кæдæмдæр[8].

Уынын: цыма – зындоны дуæрттæ
гомæй,
Ныккæуын, цыма – судзаггаджы
мардыл,
Æнæмæлгæ уд баивæн ис кадыл,
Æрттиваг сом куы уа зынаргъдæр
номæй...

*2014.21.05*
*Дзæуджыхъæу*



---

[5] Булгаков – стыр уырыссаг фыссæг Михаил Афанасьевич Булгаков (1891–1940).
[6] Нæхстæрон – балцыты чи цæуы, ахæм дзырддзæугæ зындгонд лæг.
[7] Дзындзæрду – ногдзыд хъуын; ам: ногдзыд зайæгхал.
[8] Поэт Бездомный, Римский – М. А. Булгагковы зындгонд роман «Мастер и Маргарита»-йы персонажтæ.

* * *

*Осетинская мельница мелет зерно...*
А. Тарковский

Ныр къада куырæйттæ хæхбæсты дæр нал и.
Зæриндзых, мæ уæзæг бынтондæр ысхъал и.
Æндæр рæстæг-дугæн сах абадт йæ хъул.
Ирон æфсин нал кæны хæдзары дзул.

Мæ уд та æхсызгонæй абон дæр мысы:
Мæ зæронд мад куыройы дзуллаг æрыссы.
Фæстæдæр, куы равæра дзултæ рæгъ-рæгъ,
Уæд та мын цыхтимæ нæртон минас зæгъ!

Сæттын ыл, æз, чи зоны, талынг, æвзæр дæн,
Нæ агуры бирæтæ уымæн мæ зæрдæ:
Фæстæмæ мæ уырдæм æдзухдæр фæфæнды,
Кæм баззад мæ нана æд куырой, æд хæндыг...

*2015.12.01*

* * *

*Артурæн*

Æз куы уаин фæндаггон дæ бæсты...
Тайы ивгъуыд хæрвæгау[9] мæ цæсты,
Уасы халон, фыд-фидиуæг, кæртæй
Ды фæцæуыс, ды уадзыс æппæтдæр,
Ацы цардæн йæ цин дæр, йæ мæт дæр,
Уды галиуæй, растæй цы хастай
Æмæ а зæххыл бирæ цы уарзтай.

Райста охы бон цадæг йæ гæрзтæ,
Уафы сау сусæн сау тын æдæрсгæ.
Ехх, куы уаин фæндаггон дæ бæсты,
Ды куы цæуис, кæугæйæ, мæ фæстæ...

*2013 азы июль*

[9] Хæрвæг – æцæгдзинадмæ чи ницы бар дары, фæлæ æрмæстдæр цæстытыл чи ауайы, ахæм цыдæр ныв, æндæрг.



## САБИДУГ

Куыкæуа Ганимеды[10] баба Трос,
Йæ хъæбулмæ куы сида уый æфхæрдæй,
Олимпы хицау уымæн скæндзæн хос –
Дыууæ бæхæй йын балхæндзæн йæ зæрдæ.

Æрвон бæхтæ – зæххон тырыны аргъ:
Æвæццæгæн, нæ уыди паддзах хъал лæг!
Йæ бынаты, æд нектар æмæ маргъ,
Олимпæгты ныффæйлыдтаид Фарнæг.

...Кæйдæр мифтæ æнахъом саби каст,
Тæмæнтæ калдтой Скирос[11] æмæ Спартæ,
Сæ разæй та йæ фæндаг уыд æмраст
Йæ фыдæлты æгъуыстаг бæстæ Нартæм.

*2015 азы январь*

*Æмдзæвгæты цикл аивгонд у*
***Хуыбылты Зæринæйы** нывтæй.*

[10] Ганимед – зæххон паддзах Тросы фырт, æмбисонды рæсугъд æвзонг лæппу. Зевсы *(бердзенаг хуыцæутты сæйрагдæр)* цæргæс æй арвмæ аскъæфта, æмæ хуыцæуттæн уырдыг лæууыди, сæ дзагдар сси. Ганимеды фыд Тросæн йæ фырты ныхмæ Зевс радта дыууæ æмбисонды бæхы.

[11] Скирос – сакъадах Эгейы денджызы. Таурæгъмæ гæсгæ, æнахъом Ахиллесы *(Гомеры уацмыс «Илиадæ»-йы сæйраг герой)* уыцы сакъадахыл æмбæхста йæ мад, донычызг Фетидæ – æмбисонды гуырд Тройæйы хæсты йæ мæлæт кæй ссардзæн, уый рагагъоммæ зыдта æмæ йæ бахизынмæ хъавыд æгъатыр хъысмæтæй.

*ДАУЫРÆ*

*Дауырæйы сфæлдыстад нæ дзырдаивады ахсы сæрмагонд бынат. Йе 'мдзæвгæтæ æмæ прозаикон уацмыстæ сты оригиналон, æнкъарæнтæй, фæлгонцтæй – хъæздыг. Зæрдæбынæй йын арфæ кæнæм йæ гуырæн боны фæдыл. Нæ цæст ын уарзы æнæниздзинад, ног æнтыстытæ литературæйы.*

# МАСТИСÆГ

*Радзырд*

– Нæ зынаргъ хъæубæстæ! Бæзджын мæрддзыгой! Хæстæгдæр æрбалæуут æмæ фæндараст зæгъæм зианæн! Сыхæгты номæй ныхасы бар – Хъæсболатæн!

– Рухсаг у æмæ рухс дзæнæты бад, Уæзинцæ! – райдыдта хъæрæй йæ ныхас Хъæсболат, урсбоцъо, кардзыд аив лæг. – Дæ рæстæг дыл хинæй рацыдис – цы мыггагмæ æрцыдтæ, уым дæр, цы мыггагæй рацыдтæ, уым дæр зиантæ æмæ зындзинад йеддæмæ ницы федтай. Фæлæ уæддæр дæ адæмуарзаг зæрдæ не сдæрзæг ис – дæ фæстаг бонмæ адæмæн фæлæггад кодтай. Раст æмæ æргомдзырд адæймаг уыдтæ, Уæзинцæ, æмæ дыл кæд азтæ дзæвгар цæуы, уæддæр дæ зын æппæт хъæуæн дæр зын у, уымæн æмæ хицæн кæнæм нæ фæрныг зондамонæгæй.

Рухсаг у! Мæнæ цы кæстæрты уадзыс, уыдон сæ ныййарджыты æнамонддзинад куыд нæ рахæссой царды, сæ хорз мыггаджы кад æмæ фарнæй хайджын куыд уой, ахæм амонд сын дунескæнæг Хуыцау раттæд! – йæ бухархуд йæ сæрыл æркæнгæйæ, чырыны кæроныл йе 'нгуылдзтæ авæрдта Хъæсболат æмæ ма бынтон сабырæй загъта: – Рухсаг у!

– Ныр та мыггаджы номæй ныхасы бар Мæирбегæн! – тынг хъæрæй, цæмæй йæ мæрддзыгой иууылдæр фехъусой, уый тыххæй загъта хъуыддæгтæ амонæг.

Мæирбег æгæр æрæгмæ куы цыдис ныхас кæнынмæ, уæд адæм сцымыдис сты:

– Кæд ын афойнадыл нæ загътой æмæ цæттæ нæу дзурынмæ?!

– Кæд æй Уæзинцæйы зианы дзурын нæ фæнды?.. Нал зоныс?.. –

йæ былтæ йæ сæрбæттæны кæрæттæй амбæрзгæйæ, бадзырдта иу зæронд æнæдæндаг ус иннæйы хъусы.

Уæдмæ Мæирбег сындæггай чырыны цурмæ бацыд.

– Хорз адæм! Хуыцауы хорзæх уæ уæд! Мах, ирон адæм, Хуыцауысконд адæм стæм æмæ нæ цины хъуыддаг дæр, нæ зыны хъуыддаг дæр Хуыцауы номæй райдайæм. Абон мæнæ ацы кæртмæ, нæ мыггаджы зианмæ чи æрбацыдис, уыдонæн Хуыцау сæ къахы фыдæбонæн дæр æмæ сæ фæлхасæн дæр æххуысгæнæг фæуæд! Мах дæр уын уæ лæггæдтæ хорздзинæдты куыд фидæм, ахæм амонд мах дæр æмæ сымах дæр уæд! – загъта Мæирбег æмæ, цасдæр рæстæг йæ даст сæр йæ армытъæпæнæй асæрф-асæрфгæнгæ, мæрддзыгойыл йæ цæст ахаста, стæй та дзурын райдыдта:

– Æз æргомныхас адæймаг дæн æмæ никæмæй фæтæрсдзынæн рæстдзинад зæгъынæй. Уæзинцæ мах мыггагæн падарæк нæ уыдис! Уæзинцæ уыдис тынг принципиалон адæймаг – йæхи цы фæндыдис, уый кодта æдзухдæр! – тынг хъæрæй дзырдта Мæирбег.

– Ехх, æмæ ныр ацы мæрддзыгой куы зониккой, цæй тыххæй дзы исы йæ маст Мæирбег, уый!

– Æмæ цы хабар у, цы? Мæнæн дæр-ма йæ зæгъ! – цымыдисæй афарста æнæдæндаджы йæ фарсмæлæууæг фыдхуыз ус...

– Уæзинцæ æртын æвдæм азы æнæдарæгæй куы баззад, уæд æм мæ фыдæй хæстæгдæр ничи уыдис, æмæ хъуамæ йæхи ууыл ныффæдзæхстаид, – дзырдта та тынг хъæрæй Мæирбег, хатгай йæ къæбут аных-аныхгæнгæйæ. – Фæлæ хивæнд кæй уыдис, чи зоны, уый тыххæй йыл æрцыдисты йæ бæллæхтæ – йæ фырт æмæ йæ чындз амардысты фæд-фæдыл. Баззадис мæнæ ацы æнахъом сывæллæтты æвджид, – Мæирбег ацамыдта, чырыны цур кæрæдзиуыл чи нынныхæст æмæ сæ фыдымады цæсгомæй сæ цæст чи нæ иста, уыцы куыдвæллад дыууæ лæппумæ.

– Æмæ мæнæ абон уынут! – ноджы хъæрдæрæй загъта Мæирбег, – йæ хъуыддæгтæ йын уæддæр мыггаг нæ кæны?!

– Æмæ кæмæн нæ балæггад кодта Уæзинцæ йæ мыггаг æмæ йæ хъæуккæгтæй? – райхъуыстис мæрддзыгойы æхсæнæй цъæхснаг, тызмæг хъæлæс.

– Уый Уæзинцæйæн йæ фыды æфсымæры лæппу у! – бадзырдта та æнæдæндаг цымыдис усы хъусы, – нал æй базыдтай, Куырттаты комы куы цæры!

– Куыд нæ йæ зонын, куыд нæ? Арæх æй бæрæг кодта.

Бæстæ сдзолгъо-молгъо ис. Мæирбег цы дзырдта, уыдон нал хъуыстысты. Хъæрæй йын уайдзæф кодтой Уæзинцæйы фарсхæцджытæ – йæ сыхæгтæ, йæ цæгат æмæ ма суанг йæхи æрвадæлтæ дæр.

Уæзинцæйы фырты фырт, æртындæсаздзыд Алан, йæ ныййарджыты амарды фæстæ хæдзары хъуыддæгтæ æнафоны йæхимæ чи райста, уый фырмæстæй рафыхт. Тынг хъыг ын уыдысты Мæирбеджы ныхæстæ. Хæстæгдæр балæууыд йæ дыууадæсаздзыд æфсымæрмæ, йæ хъæбысы йæ æрбакодта æмæ дыууæйæ дæр кæуын райдыдтой. Адæм æмбогъ ныккодтой дыууæ сабийы тæригъæдмæ.

– Иу чысыл-ма уæ дзыхтыл фæхæцут! Нæ зиан нын баныгæнын бауадзут! – тынг мæстыйæ хъæр кодта Мæирбег, – æз ма уын иу хатт зæгъын: нæ уыдис нæ мыггагæн Уæзинцæ падарæк!

Нал бауагътой дзурын сыхæгтæ æмæ хъæубæстæ Мæирбеджы. Цыдæртæ ма дзырдта тынг хъæрæй, фæлæ сæ йæхи йеддæмæ ничиуал хъуыста.

– Ды Уæзинцæмæ цæуыл мæсты дæ, уый æз тынг хорз зонын! – æрбахъæр кодта сыхæгты ус, – фарон ын арахъхъ кæнын кодтай, уымæн та йæ бон нæ уыд. Уæд æм ныртхъирæн кодтай, гъемæ фендзыстæм, зæгъгæ.

– Мæнæ хорз адæм! Рухсаг уæд Уæзинцæ! Цы мæрдтæм цæуы, уыдоны хорзæх æй уæд! Бон цыбыр у, æмæ фæтагъд кæнæм! – загъта, дзурджытæн ныхасы бар чи лæвæрдта, уыцы лæппулæг.

Систой Уæзинцæйы чырын сыхаг лæппутæ æмæ, цыма Мæирбеджы мæстæй мардтой, уыйау æй сæ уæлныхтыл ахастой.

– Æгъдау нал ис мах хъæуы, æмæ цас тагъддæр лæг амæла, уыйас хуыздæр! – лæгты астæумæ балæугæйæ æмæ йæ къухтæ тилгæйæ, дзырдта Мæирбег, зианы фæстæ иунæг къахдзæф дæр нæ ракæнгæйæ.

– Уæддæр-ма мын зæгъ, дæ хорзæхæй, цæуыл мæсты уыд Мæирбег Уæзинцæмæ? – афарста та цымыдис æнæдæндаг усы.

– Ныууадзут мæ Мæирбегæй! Бынтон йæ цæсгом бахордта! Айфыццаг Хаджумар куы амардис, уæд зианы кой кæныны бæсты нæ колхозы нымайæгæн арфæтæ кæныныл схæцыд. Адæм дис кодтой, цы хабар у, зæгъгæ. Куыд рабæрæг, афтæмæй бензины куыстмæ цæуынмæ хъавыд, æмæ йын æнтысгæ дæр бакодта, уымæн æмæ нымайæгæй аразгæ уыдысты хъуыддæгтæ! –

мæстыйæ дзырдта, дыууæ усы фæстæ цы гуыбыр ус цыдис, уый.

– Æмæ йæ фырты университетмæ куы кодта, уæд та? Зианы-иу куы дзырдта, уæд-иу, нæхи хъæуæй уым чи кусы, уымæй æппæлыд, кæд уый мардмæ дæр æмæ мæрдджынтæм дæр ницы бар дардта, уæддæр.

– О, о! Уый ма æз дæр хъуыды кæнын! Афтæ-иу загъта: «Ахæм лæгтæ цы хъæуæй рацыд, уым цæрын дæр æнцон у æмæ мæлын дæр!» – баппæрста йæ ныхас æрыгондæр устытæй иу, йæ алывæрстæм аракæс-бакæсгæнгæйæ.

– Нæ-æ-æ! Сымахæй иу дæр нæ зоны, Мæирбег Уæзинцæмæ цæуыл хæрам у, уый. Сымах иууылдæр æрыгæттæ стут, уыдонæн та сæ фыдæх рагон у!

– Омæ-ма нын æй зæгъ, ничи йæ фехъусдзæн! – бауырдыг та ис цымыдис æнæдæндагмæ. Кæд зиан адард ис, æмæ йæ баййафыныл нал тыхстысты устытæ, уæддæр ма сындæггай йæ фæстæ цыдысты, æвæццæгæн, ныгæнджыты æрбаздæхыныл сæ зæрдæ даргæйæ, ома, уыдонимæ фæстæмæ зианджынты кæртмæ сабæттæгтæ раттынмæ бацæуудзыстæм, зæгъгæ.

– Уый уыдис тынг раджы. Уæд Мæирбег уыдис цæргæсы хуызæн, саджы фисынтыл амад. Йæ зæнæгæй уæд дыууæ йеддæмæ гуырд ничима уыдис. Тынг рынчынтæгæнаг уыдысты йæ сывæллæттæ, рынчындонæй æддæмæ нæ цыдис йæ ус, мæгуыр. Йæхæдæг та уæд Культурæйы хæдзары куыста. Æдзухдæр – зард, кафт. Йæ бинонтæ-иу дзы ферох сты, фылдæр хатт-иу уым, клубы дæр баззадис, – зæронд ус фæстæмæ дæр акаст, размæ дæр йæ къухы аууонæй акаст, æмæ йæ йæ фарсмæцæуджытæй уæлдай ничи хъусы, уый куы бамбæрста, уæд дарддæр дзырдта:

– Уæд дын хъæуыл куы айхъуысид, Мæирбег, дам, йæ фыдымады æрвадæлты чызджы басывæрджын кодта, – къухæй йе ‘нæдæндаг дзых æмбæрзгæйæ дзырдта ус, æмæ йæм иннæ устытæ цымыдисæй хъуыстой. – Басывæрджын æй кодта, æмæ Уæзинцæйæн та чызг йæ сыхаг уыдис. Иу бон куы уыдис, уæд Уæзинцæ Мæирбегмæ ныллæбурдта æмæ йын йæ бинонты цур загъта: «Худинаг дын нæу! Цæуыннæ хъуыды кæныс дæ хорз мыггаджы номыл? Цы хъуаг дæ? Дæ замманайы ахуыргæнæг ус дæ фаг нæу? Цæмæн фенамонд кодтай мæгуыр сидзæр чызджы? Цы ми кæнынмæ хъавыс ныр?!»

– Æмæ, æмæ, дарддæр та цы уыдис?

– Дарддæр та цы уыдис? Мæирбеджы усы хотæ чызджы ныддæрæн кодтой! Афтæ йæ фæнадтой, афтæ, æмæ йæ гуырдз ахаудис! Алыгъдис Астæуккаг Азимæ æмæ ардæм никуыуал ссыдис. Рухсаг уæд, фарон, дам, уым амард.

– Омæ уым Уæзинцæйы аххос цы уыдис? Уæддæр нæ рахъæр уыдаид!

– Уæзинцæйæн Мæирбег диссаджы митæ бакодта, де ‘взагæй, дам, фæхудинаг дæн. Уæдæй фæстæмæ дзы йæ удхæссæг уыдта.

– Уыныс, уыныс! Абон дзы йæ маст куыд райста!

– Мæ мард фенут, æз ацы хабар никуы никæй цур радзырдтон. Абон æм афтæ смæсты дæн, æмæ мæхи нал баурæдтон.

– Мæ уд сæ фæхъхъау адæмæн! Дзурын æй куыд нæ бауагътой!

– Уæдæмæ ныртæккæйы æмтъеры цардæй æнаккаг адæм сæхирдыгонау пайда кæнынц. Мæирбег йæ хæдзары хъуыддæгтæ иууылдæр кæйдæр зианты дзургæйæ фæкодта. Мæн бар куы уаид, уæд æй иунæг зианы дæр дзурын нæ бауадзин! – æртæ усы кæрæдзийы дзыхæй истой ныхас...

Зиан бавæрджытæ кæртмæ куы ‘рбаздæхтысты æмæ сæ фынгтæм куы хуыдтой, уæддæр ма Мæирбег адæмæн уайдзæфтæ кодта, мæ сæрыл цæуыннæ рахæцыдыстут, зæгъгæ. Адæм хæрнæджы куы рабадтысты, уæд тæргай лæуд кодта кæрты дуармæ.

Уæзинцæйы фырты фырттæ тынг хъуыддагхуызæй цæуылдæр дзырдтой, саударæн æмбырд чи байгом кодта æмæ ныр дæр хионы зылдтытæ чи кодта кæрты, уыцы лæппулæгимæ:

– Махæн нана цы бахæс кодта, уый хъуамæ сæххæст кæнæм!

– Омæ уæ фыдæлты хæзна уæхимæ цæуыннæ уадзут? Сымах дæр кæддæр ралæгтæ уыдзыстут, æмæ уæ рæбыны уæ фыдæлты лæвар куы уа, уæд æвзæр у?

– Нæ, Бестол, нæ! Мах хъуамæ нанайы ныхас баххæст кæнæм! – æцæг лæджы хуызæн загъта Алан.

Тыххæйты бахуыдтой Мæирбеджы хæрнæгмæ. Æрбадын æй кодтой дыккаг хистæрæн. Æртыккаг гаджидауы фæстæ Бестол фынджы цурмæ бакодта Уæзинцæйы лæджыбындзæфхæдты – цалдæр азы размæ сæ мад æмæ сæ фыд рæуджыты низæй фæдфæдыл кæмæн амардысты, зæронд фыдымады æвджид чи баззад, уыдоны:

– Мæирбег! Мæнæ уæ мыггаджы кæстæрты дæуæн цыдæр зæгъын фæнды!

– Табуафси! Ныр кæстæртæ скъæйных сты! Кæд уыдонæн дæр сæ зæрдæмæ мæ ныхæстæ нæ фæцыдысты?! – фæгæпп кодта йæ бынатæй Мæирбег.

Лæппуты хистæр – Алан, йæ сæр æруагъта. Йæ дæлармæй раласта, æрттывдтытæ чи калдта, ахæм æвзист хъама, йæ дыууæ къухæй йыл хæцыд, афтæмæй йæ бадаргъ кодта Мæирбеджы ‘рдæм, фæлæ йæ дзыхы ныхас нал бадт æмæ та-иу хуыфæгау скодта.

– Зæгъ, зæгъ, мæ хур! – басхуыста йæ Бестол.

Мæирбег йæ цæст нал иста æвзист хъамайæ.

– Нана куы фæтыхстис, уæд нæм фæдзырдта мæнæ Бæппуимæ æмæ нын бафæдзæхста, ацы æвзист хъама, дам-иу Мæирбегæн раттут. Уый, дам, нæ хæзнаты хæзна у. Уæ фыдæлтæй, дам, баззад, æмæ, дам, уадз æмæ мыггаджы хистæр – Мæирбеджы хæдзары уа. Уæ уынаффætæ кæнæг дæр, дам, уый уыдзæнис!

– Уынаффæ уын исты бакæна, уый мах зынтæй уырны, фæлæ уæ хорз фыдымады фæдзæхст кæй сæххæст кодтат, уымæй хорз кæнут, – бадзырдта Уæзинцæйы фыдыфсымæры лæппу.

Хъама къух-къух Мæирбегмæ куы бахæццæ ис, уæд æм фæлæбурдта æмæ йæ йæ роны акодта, цыма йын фæстæмæ байсынæй тарстис:

– Хорз адæм! Стыр хатыр мын бакæнут! Æз ацы хъама цалдæр хатты куырдтон Уæзинцæйæ, фæлæ мын æй йæ удæгасæй никуы радта. Æз æм мæсты дæр тынгдæр уый тыххæй кодтон... Рухсаг у, Уæзинцæ, æмæ мын мæ карз ныхас ныббар!..

*КОКОЙТЫ Махар*

## ИВЫ РÆСТÆГ

‘Хсæвæй бон йæ бартæ исы,
Ахъуызыд йæ балцы тар,
Арвæй хъарм уддзæф æрхизы,
Карз зымæджы суры дард.

Хур зæлдаг тынтæ рæдзæгъды,
Къуыбыр рухс сыгæй нæрсы,
Арвы цъæх йæ тæрттæ сцæгъды,
Малтæй ирд цæстæй кæсы.

Мæргътæ хъал зарæг нывæндынц,
Дон сын аивæй хъырны,
Дардыл цъититæ фæлгæсынц,
Мит зæйдзæуæнты нæры.

Ивынц бонтæ, ивы рæстæг,
Карз зымæг фæци сæргой.
Айрæз, алæг у, мæ кæстæр,
Суæд дæ царды сæр фæллой!

*ГУСАЛТЫ Барис*

# МАСТАД ЦИНТÆ

## ФÆНДÆГТЫ ÆЛХЫНЦЪ

Цал фæлтæры фæцыд, цал – фистæгæй уа, барæгбæхыл, уæрдонæй уа – ацы быдырыл Зилгæйæ Бесլæныхъæумæ, стæй та фæстæмæ дæр!..

Чи – куысты фæдыл, чи – хуыцаубоны базармæ, чи – поездмæ: горæтмæ дзы ацæуа, науæд та дзы суанг Мæскуымæ дæр афта, науæд Баку-Астраханмæ... Уæдæ амырыкдзауты фæндагæн дæр ауылты æнæ айгæрдгæ нæ уыд...

Не ‘рвадæлты лæг Микка райсомæй раджы сæвджын санчъехтæй тындзыдта МТС-мæ*, изæрыцæстыл та-иу куыствæлладæй уыцы уæзбын цыдæй здæхти хъæумæ. Фæскулакгондæй чысыл йæхиуыл куы фæхæцыд, уæд фыхдурæй хæдзар скодта йæ куыстмæ хæстæг...

Афтæ тыннывæндæн кодта мæ мад Замирæт дæр: хъуамæ райсомы 8 сахатыл собесы йæ куысты уæлхъус уыдаид, хурæн йæ тæккæ ныгуылгæйæ та нæхимæ Зилгæйы Къуыбыры сыхы. О, æмæ-иу уæлæмæ цæугæйæ дæр æмæ фæстæмæ здæхгæйæ дæр къуыри цалдæр хатты хæрхæмбæлд кодта Коваль Любовь Петровнаимæ – не скъолайы черченийы ахуыргæнæгимæ.

Уæдæ-иу нæхæдæг дæр – æвзонг лæппутæ, киноуынæг, зæгъæм, «Тарзан» кæнæ

* МТС – машинæ-тракторон станцæ.

«Аршин мал Алан», уыцы æнæзивæг куы схæццæ стæм РДК-мæ (ома районный дом культуры), уæд та-иу нæхимæ тъæбæрттæй згъордтам уæрдонвæндагыл. Ерысы-иу бацыдыстæм, чи нæ фылдæр бафæразид æнæрлæугæйæ згъорын, зæгъгæ. Артæны рæбынтæ-иу куы срыстысты цæхгæр рыстæй, уæд дын-иу æнæрлæугæ цы уыд æмæ æнæбаулæфгæ. Фæлæ дын бирæгъы нуæрттæй конд Болиаты Исламбег ма ‘рлæууа йæ иугæндзон тъæбæрттæй! Фæллад циу, уый цыма йæ фæсонæрхæджы дæр нæ уыд, уыйау-иу фондз километры æнæ сулæфгæйæ фæдугъ кодта. Уæдæ бæгъæввад къахæй та дурдымст хъæбæр футбол афтæ тыхджын цавта, æмæ йыл бутсæтæ куы уыдаид, уæддæр-иу æй уымæй арæхстджындæр æмæ тыхджындæр цæфæй дуарыл нæ бакъуырдтаид. Мах-иу хъазгæйæ дзырдтам: «Йæ левая нога смертельная нога у!»

Кæд ма Джимиты Дзиука æмæ Беруаты Рем уыдысты ахæм фидар къæхты хицау æмæ дæсны хъазджытæ. Фæлæ дзы дæсны футболистæй та цы диссаджы дæсны уыд, цы, Æхсараты Бадджери – футбол цыма йæ къæхтæм баст уыд, уыйау ын æй ничи байстаид. Ноджы ма-иу ахæм финтытæ – сайæн змæлд – кодта æмæ!..

Цы хорз, цы зæрдæхæлар хур кæсы уыцы дард бонтыл! Уый уыд æцæг амонды хур – нæ бæгънæг, не ‘ххормаг æвзонг азты хур. Хæсты сидзæрты хур.

О фæлæ, зæгъæм, рацыдысты сæ дзæнæты бæстæй фыццаджы фæлтæртæ, уæд ацы быдыр нал базоникккой: ахæм фæндæгты алдымбыд æлхынцъытæ-зиллæччытæ сарæзтæуыд хæрз цыбыр рæстæгмæ Зилгæйы хуссарварс къуыбырты дæлфæдтæм, æмæ нæ бæстæйæн – ома Иры дзыхъхъæн, диссæгтæ æмæ æмбисæндтæ. Райдианты сыл шофыртæ дзæгъæл кодтой, æндæрырдæмты-иу арæдыдысты. Фæндаггæс инспекторæ дæр сын сæ уавæр æмбæрстой æмæ сæ нæма ивар кодтой паддзахады пайдайæн (мæ хъустæ мæ сайынц, æви чидæртæ æцæгæй худынц?..)

Стыр удæнцойы хос фæцис ног фæндаг бæлццон адæмæн, иннæмæй та Беслæныхъæу дæр фервæзт сæдæгай машинæты уынæр æмæ фæздæгæй. Уæдæ экономикæйырдыгæй дæр пайдайаг куыд нæу.

Æппæт дæр æмбарыс, фæлæ уæддæр сдудæгау кæнынц зæрдæйы рыстæмхиц тæгтæ – нал ис, нæ бæгъæввад къæхтæ цы фæндæгты хъæрмуст рыг хъуыды кæнынц, уый.

Йæхирдыгонау зæрдæ фæфæлмæн кæны нæузæххы астæуты къæдз-мæдзыты нывæст уæрдæтты цалхвæд фæндаг – цыма нæ фыдæлты дунеимæ йæ бурбын тæгтæй фæбæтты...

Уæддæр ма мын æхсызгон хабары æрцыдау цы фæцис, æххæст ма уый дæр зæгъон. Ацы айктулæн лæгъз æмæ уæрæх фæндаджы дæлдæр-уæлдæр æлхынцъыты иувæрсты зымæгон хурбонты ныссагътой дуне тала бæлæстæ – цы мыггаг сты, уый нырма нæма базыдтон. Æмæ мæ нæ уырныдта, фæхæцой, уый. Фæлæ сæм зæрдиагæй базылдысты, алырдæмты сæ зæххы хост цурчытæм синагæй бабастой, цæмæй сæ дымгæ уæлдай æнкъуыст ма кæна, уый охыл. Уалынджы дын уалдзæг сыфтæрæй фæлындæн бонтæй иуы кæсын, æмæ талатæ уыцы æнæнтыст цъæх-цъæхид адардтой иу бæласау. Сæдæтæй!

Лæджы цинæн ахорæны хуызтæ куы уаид, уæд мæ уæдыккон цин хуындаид кæрдæгцъæх цин.

Æмæ уæд батæхуды кодтон зæрдæхъæрзгæйæ, æмæ, зæгъын, куы сбæлæстæ уой, куы скъохтæ, уæд дæр сæ ма фен, ма! Уæлæ сæм Чонкыры Къуыбыры къох бæрзондæй ныллæгмæ райгондæй куы кæса, уæд.

Ацы фыдæлтыккон къохæн йæхи Стыр хæсты замана заманты хæцæг адæм иуæй артагæн басыгътой, иннæмæй та йын йæ пæлæхсар къæбузтæй сæ танктæ æмæ сармадзантæ æмбæхстойæмбæрзтой. Фæлæ йæ цалдæр азы размæ Чонкыры – Болиаты Бечырбийы байзæддаг Майрæм райгас кодта, йæ сагъд акъацитæ æмæ хъæддаг бæлæстæ фесгуыхтысты, тындзынц арвмæ, ивазынц сæ къабæзтæ фæйнæрдæм – зæхх дæр æмæ сæ арв дæр разы у.

## ÆНДÆР БÆЛÆСТЫ ХЪЫСМÆТ

Ныххур, ныттæвд вæййы бæстæ, уæдæ нæ! Æмæ уæд раст дзæнæты æмсæр амондау рауайы сыфтæрджын бæлæстæн сæ ауудоны ирвæзынгæнæг сатæгмæ дæхи байсын.

Йæ къухтæ фæрнæй фæдара бæлассадзæг, зæгъгæ, æнæ ахæм арфæ ракæнгæ нæ фæлæууыс.

О, уый æнтæф бон. Фæлæ ‘вдæлон куы уай, уæд та бæлæсты бын сæрмагондæй æвæрд стыр бандæттæй иуыл дæ зæрдæйы дзæбæхæн, дæхи фæстæмæ ауадзгæйæ, сбад иунæгæй æмæ дæ хъуыдытæ æлвис, дæ мысинæгтæн сæ къæмдзыджытæ æхснуд;

науæд та, дæ удæн йæ аурæйæ хæстæг чи у, ахæм æмбалимæ сбад æмæ Экзюперийы базырджын ныхæсты рæстдзинадæн æвдисæн ныллæу – ома, дам, в мире есть единственная роскошь, – это роскошь человеческого общения.

Æрмæст нæ уæддæр, цымæ, исчи арфæйагæй æрхъуыды кæны, зæгъæм, проспекты бæлæстæ раджы кæддæр чи ныссагъта, чи сæм фæзылд æмæ кæй фæрцы суæйыг бæлæстæ сты, уыдоны рухсаггаг нæмттæ?..

Японы та цынæ ис, цынæ! Ис дзы бæлæстæм зилæг дохтыртæ дæр. Тынг къæрцхъус. Махмæ та сын сæ хус къалиутæ æмæ къабузтæ кæд тыхджын дымгæтæ бахсæдынц, науæд та сæ æмбыддзæф хусæй афæлдахынц, æндæр... О, уалдзæджырдæм сæ æнахъинон æхсæст дæр бакæнынц.

Нæ, фыдгæйттыл нæ дæн, уымæн æмæ уæддæр æмæ уæддæр горæты бирæ рæтты фæзынд тынг аив ног талатæ – цæсты рухс æмæ зæрдæйы сой айдагъ сæ уындæй дæр. Уæлдайдæр æмрастзæнг æмæ тымбылсæр бæлæстæ.

Æмæ мæ зæрдæ сонт асау вæййы, искуы-иуы дзы хусæй, науæд зæнгсаст, астæудихæй куы фенын, уæд...

Аз, дыууæ азы размæты Дзæуджыхъæуæй Беслæныхъæумæ паддзахвæндаг зынгæ фæуæрæхдæр кодтой, йæ асфальт астæрд бынтон слæгъз, йæ фæйнæ кæрæтты та йын хъомыл зазтæ дывæр рæнхъæй ныссагътой. Æмæ зæрдæ фæкатайаг, æгæр хъомыл талатæ сты æмæ куынæ фæхæцой уыцы кары, зæгъгæ.

Уалынмæ афæдзы афон фæсæрдæмбис. Æмæ дын æнусон цъæххих бæлæстæ бæрæгбонарæзт æмæ цардбæллон кæрдæгхуыз цъæхæй лæууынц – зæрдæ дæр, йæ бонæй уа, цытæ ма йæ æндавы! – æхцонæй сулæфыд. Цалдæр сæдæ зазæй нымадæй дыууæ-æртæ кæй бахуыскъ, уый йæм афтæ хъыг нал фæкаст.

Стæй дын айфыццаг кæсын, æмæ, горæтæй тæккæ ахизæны чи зайы, къæсæрыл, хурдзæсты тæккæ комкоммæ, йæ пецы дзыхмæ – ома æппæты разæй, уыдон æртæйæ сырх æрхуыйы хуыз равдыстой, бадзæгæрæг сты. Раст цыма сæ риуыгуыдыртæй се 'мбæлтты хуры судзгæ-араугæ артæй хызтой, уыйау.

Фæлæ 'рдзон æцæджы хъуыддагæй та цы уа, цымæ – цы сыл амбæлд, цы сын фæхъыг уыйбæрц?..

Къардонырдыгæй куы сцæйцæуай горæтмæ, уæд та æххæст ма ма схæццæ у горæтмæ, афтæ фæрссаг фæндаг айтынг вæййы «Викалинæйырдæм». Гъемæ ацы сосайæн йæ фæйнæварс ахъаззаджы

рæхснæг талатæ цалдæр сæдæйы ныссагътой – урс бæрзытæ. Æмæ уæлдæр хицауадæн фехъусын кодтой, хъуыддаг конд у æмæ нын нæ мызд æвæстиатæй.

Мыздæн йæ бæлвырд нæ зонын, фæлæ уалдзæг æвæстиатæй ралæууыд, бæстæ йæ уалдзыгон райдзаст хуыз скалдта, дуне никкæрдæгцъæх дуне. Æрмæст…

Æрмæст хæрзæлвæст, хæрзконд тала бæрзыты уындæй зæрдæйы маст пæлхъ-пæлхъæй фыцыди: кæд дзы нымадæй иуцалдæр фæхæцыд, æндæр дзы сæдæтæй лæдзджытæ рауад, æнгуырыхъæды уистæ. Кæмдæр сыл чидæртæ стыр фыдæбæттæ фæкодтой, сæ зæрдæ сæ тухитæй рад, цы суинаг бæлæстæ сæ рауад, уымæ кæсгæйæ; стæй сæ горæт адæмы фæллойæ зынаргъæй балхæдта, радта сæ бæрнон кусджыты къухмæ, фæлæ уыдон та нæдæр бæрнон уыдысты, нæдæр кусджытæ – цы номæй сæ схуындæ уа, уый та…

Комкоммæ фыдгæнд куысты-архайды, кæнæ æгуыст-æнархайды тыххæй æппындæр иу дзуапдæттæг куы нæ разыны, рувасæн йæ хинтæ, бирæгъæн та йæ кæрæфæй лæбурын куы батайы, уæд та лæг йæ тугмондаг, йæ мастисæн цъаммар зæрдæйæ кæд æмæ æрымысы Сосойы – уый сын фенын кæнид, уый, зæгъгæ!

О, фæлæ сталинтæ дæр инкубаторы цъиутау уадзгæ не сты, искæд бон æй мæлын бахъæуы зæххон адæймагау. Æмæ та уæд йæ былары æфтауæн рад ралæууы Хъалтур-Халтурæн, кæнæ та фыддæр гуырдæн: уркæ, давæг, стигъæгæн, уый дæр æргомæй. Уый та уымæн афтæ у, æмæ…

Æмæ Уæрæсейы рагæй æрæгмæ дæр æлдариуæг æнусон закъон нæ кæны, фæлæ иугай мæлинаг лæгтæ – домбай зонд æмæ налатуаг лæгтæ. Æмæ йыл нæхæдæг дæр сæттæм: мах адæмимæ, дам, æнæ афтæ гæнгæ нæй, æнæ золочъи, æнæ ехс-лæдзæгæй дзургæ. Нæй, нæй, цалынмæ не 'хсæнад гражданты – йæ райгуырæн бæстæйæн бæрныцыд гражданты – æхсæнад суа, уæдмæ.

Уыцы тæхудиаг дуг кæд ралæудзæн, уый та…

## ФЫДЫУÆЗÆГ, ФЫДЫЗÆХХ, ФЫДЫБÆСТÆ

Цы рæсугъд, цы аив, цы хъæздыг цъæхсæр хæдзæрттæ æмæ галуантæ-бæстыхæйттæ æрбынатон сты бирæтæн цæрæнуæтты номыл, цы! Стæй ма алы куыстуæттæ дæр. Æмæ сын куыд бадзæбæхтæ кæнынц сæ рацæуæнтæ-ракæсæнтæ дæр!

Æмæ фæцæуы кæрдагдзырд, рухсзонд, цыллæзачъе, Секъайы уарзон лæг Рубайты Мистъалайы байзæддаг куы иу галуаны цурты, куы иннæ бæстыхайы рæзты, куы кæсгæйæ баззайы æддæгуæлæ амад цæхæртæкалгæ агъуыстмæ æмæ – æнæфенд хохаг! – аивæй бафæрсы, кæйты сты уыцы уæрæхзылд гæнæхтæ, уымæй.

– Ницы дæ кæсы, дæ хъуыддаг нæу! – гъе, ахæм ын вæййы фендджын адæмы дзуапп.

Уымæн та ис авд хосдзау, хъæддзау, куыройдзау æмæ амырыкдзау фырты. Гъемæ, Хуыцау мауал зæгъæд, фæлæ та йын сæм фыдыуæзæг, фыдызæхх, фыдыбæстæ бахъахъхъæныны сæрвæлтау хæстмæ куы фæсидой кæйдæр фырттæм сидынмæ æмбисонды дæсны патриоттæ, уæд йæ фырттæн уый, цымæ, нæ зæгъдзæн:

– Ницы уæм дзы кæсы хæсты хорзæй æмæ уæ дзы ницы хъуыддаг ис!

Æви?..

Æви, саг-сæгуыттæ, зымтæ-дзæбидыртæ нын куыд хизинагæвæринаг сты, афтæ ауæрдинаг сты æууæнкхор знагæй де ‘мзæххон, де ‘муæзæг, де ‘мбæстон бирæгътæ, рувæстæ ‘мæ æрсытæ дæр?

## РЕДАКТОРЫ ТУГДЗÆССЫГТÆ

Фæлæ уал, иннæрдæм дæр куыд вæййы, уый тыххæй. Цензурæйы кой нæ кæнын, фæлæ хаттæн редактор ахæм маст скæны фыссæгæн, æмæ йын йæ чиныг фенад вæййы – ноджыдæр ма иу хатт бакæсут Къостайы фыстæг Гаппомæ.

Уæдæ Куыдзæг дæр мæрдтæм мæстæйхæлгæ зæрдæимæ ацыд, йæ чиныгмæ, «Нæ буц хистæртæ», зæгъгæ, редактор Цомартаты Изæтбег куыдтæ базылд, уымæй. Хæблиаты Сафар та ныммыхуыр кæныны бар дæр нал радта йæ уацмыстæн Баситы Михалы редакциты фæстæ. Мæхицæн мын Михал цы фыдтæ бавзарын кодта, уыдоныл нал дзурын...

Дæнгæл æмæ тыппыр уыд Булкъаты Михал дæр Тедеты Георгийы ныхылдæй йæ уацмæ.

Раджы-ма раджы – уартæ ма советон дуг йæ тæккæ тугфыцгæйæ куы уыд, уæд дын бæгуы лæгау куы бауырдыг уаин «Мах дуджы» прозæйы хайады уæды редактор Бицъоты Грисмæ:

– Ныр, аивадон уацмысы номыл, цытæ раттыс журналы, цытæ?!

Фæллад цæстытæй мæм скаст æмæ мæм бадодой кодта:

– Мæнæ искæд бон дæхæдæг мæ бынаты æрфæтъæн уай, уæд дæ фендзынæн, ды цæмæнты дæтдзынæ фæндаг, уый!

Нæ бадис кодтон, ау, уæдмæ дæр ма графомантæ æгас уыдзысты, зæгъгæ, уымæн æмæ мæ зæрдыл хорз лæууыд иу ахæм афоризмгонд: «Конечно, гении бессмертны, зато графоманы живут дольше!»

Бонтæ, мæйтæ, азтæ царды былгæронæй акалдысты æнæбын сæрсæфæнмæ, æмæ дын æцæгдæр мæнæн та Грисы бандоныл мæ тъæпп куы фæцæуид æмæ...

Æмæ – нæй, нæ рауад мæнæй дæр цæлхдур графоманты дзыбандыты фæндагыл мыхуыры джипмæ – нæдæр сæм сдзырд и, нæдæр бавнæлд. Уайтагъд сæ хъаст-хъыллист сæйраг редактормæ бахæццæ кæнынц. Æмæ та мын уый дæр, нæ иумæйаг мæгуыры бон зонгæйæ, фæзæгъы:

– Ма сæ редакцитæ кæн – уæддæр сæ фысджытæ нæ рауайдзæн! Сæ грамматикон рæдыдтæ сын-иу барæстытæ кæн æмæ уадз æмæ сæхи, аивадон дзырды ад ма чи ‘мбары, уыдоны цæсты ‘фтауой... Нæ литературæ заууаты уавæры кæй ис, нывыл аивадон уацмыс нæм æрмæст стæм хатт кæй фæзыны, уыдæттæ куы зоныс, Барис. Гъемæ ныл хуыздæр бон кæй нæй, цауд фыстытæн фæндаг уый тыххæй радтæм. Цауд уацмыс та ды цасфæнды куы фæредакци кæнай, уæддæр дзы æцæг аивад нæ сараздзынæ.

Ай-гъай, нæй бауромыны фадат лæмæгъ фыстытæн, ноджы ма сæ сæрыл рахæцынц, дзырдæн йæ хорз æмæ йе ‘взæр чи не ‘мбары, не ‘нкъары, ахæм бæрнон адæм – тæккæ уыдонæн свæййынц графомантæ дæр «адæмон фысджытæ», Къостайы ном æгадгæнæг премиджынтæ.

Иннæ хъаймæты бæллæхæвæрд та ирон аив дзырдыл уый у, æмæ йын йæ ад дæр чи ‘мбары æмæ йæ хъомыс дæр чи зоны, уыдон дæр ауазæнтæ нæ амайынц æмæ нæ бийынц «бронебойный» графоманты ныхмæ.

Уымæн, æмæ, дам, уыдон дæр хъæуынц, мæнæ цæмæй стыр стъалыйæ дæр æмæ чысыл стъалыйæ дæр ирддæрæй цæмæй æрттивой, уый охыл талынг куыд ахсджиагæн хъæуы, афтæ. Ноджы ма, дам, рагон латинæгты загъдау, ахæм цауд фыссæг нæй, йæхи чиныгкæсæг, æнувыд ыл чи у, уый кæмæн нæй...

Уыдæттæ æмбарынхъом æз дæр бæргæ дæн, фæлæ уæддæр æдылы зæрдæ риссы, хъæрзы, йæ туг сау кæны – цыфæндыйæ дæр æфсæрмыйаг у Хуыцауы ратгæ Дзырдæй.

Фæлæ ма уæддæр æмæ уæддæр уымæн басгуыхыс быхсон, æмæ та фарнхæссæг бон лæгыл хуртæ æмæ мæйтæ скæсын кæны: ирон дзырдмæ дæр та æцæг курдиат æргомыздæхт фæвæййы! Йе сфæлдыст уацмыстæ – редакторы уынджы цинивылд бæрæгбон: Хъайтыхъты Азæмæты æмæ Айларты Измаилы, Бицъоты Грисы æмæ Хуыгаты Сергейы, Малиты Васо, Хæблиаты Сафар, Гуыцмæзты Алешы æрмдзæфхæссæг уацмыстæ; Косты Лизæ æмæ Къодоты Альберты, Фидараты Руслан æмæ Годжыцаты Неллийы рæнхъытæ, Гæбæраты Юри æмæ, зæгъæм, Малиты Хасаны радзырдтæ, стæй ма...

Æмæ ахæмты фæрцы «Мах дуг» дæр æмæ æмткæй ирон литературæ дæр цардхъом у. Гъемæ сын Хуыцау хорз ракæна: сæ руаджы редактор дæр йæ тугдзæссыг ныхъуырын фæразы.

Фæлæ сæ фæдонтæ та кæм фæстиат кæнынц, кæм?..

## СÆРХОЙÆН

Амонд дæм йæ худгæ цæстæй кæцæй æрбагудзи кæндзæн, уый бæрæг нæй. Ноджы ма, цæмæй дæхи амондджынæй банкъарай, уымæн бирæтæ куы нæ хъæуа, уæд.

Къуыриййы дæргъы дыууæ-æртæ хатты автобусæй Дзæуджыхъæуæй Зилгæмæ нæ хæдзар бæрæггæнæг ныццæуын Беслæныхъæумæ, уырдыгæй та – арæхдæр Додтойы маршрутон таксийы нæхимæ – автобус нæм ныр къорд азы нал цæуы. Паддзахад цыдæр æвæгæсæгау ссис, адæм æм æвзæрстыты рæстæг йеддæмæ бæрзонд æвæрд нал сты...

Мæнæ та хæрзæрæджыты сбадтæн автобусы. Цасдæры фæстæ мæ фарсмæ йæхи æруагъта æрыгон чызг, аив дарæсы, æхсгæ бакастæй дæр зæрдæмæдзæугæ – уæдæ йæм кæдæм æдзынæглæмбынæг кæстытæ кæнон зæронд хæрæгæй...

Мæ хызынæй «Литературная газета» систон æмæ йæ сыфгай-фарсгай арафæлдах-бафæлдах кодтон, уæдæ дзы, цалынæ нæма фæраст стæм, уæдмæ æнæрхъæцæй цы бакæсон, зæгъгæ. Цæугæ-цæуыны кæсгæйæ мæхи уайсахат цыдæр æнахуыр тыхстæй банкъарын – уый, дам, дæ вестибулярон аппарат сæ хæрзтæй кæй нал у, уымæн афтæ бавæййыс...

Æрмæст мын уацты сæргæндтыл мæ цæст ахæссын бантыст: автобус фенкъуыст, араст, йæ бынатæй уыциу дугъгæнгæ – корейаг цæрдæг у. Ме 'ргом рудзынгмæ аздæхтон, фæлæ, чысыл фæстæдæр æмраст куы сбадтæн, уæд... Уæд мæ цæстытыл нæ баууæндыдтæн: кæд æмæ ацы зæдæнгæсæнтæ чызг кастис бæзджын чиныджы, ноджы иронау фыст чиныджы!

Уæ арв, ма 'рхау!

Ма фенкъуыс, дæлæ зæхх!

Бар-æнæбары фæсагъæссаг дæн: чи уа, кæм ахуыр кæна – ирон филологийы факультеты, æви... Стæй, цымæ, чи у чиныг ныффыссæг – нырыккæттæй уа, æви классиктæй исчи?.. Комкоммæ чызджы бафæрсон, уый та куыддæр ме 'фсарм нæ загъта – æмæ мæхимæ дæр диссаг фæкаст, кæдæй нырмæ спысмилсæфсæрмуæз дæн, зæгъгæ.

О, цин дæр кæнын, кæдæй-уæдæй ма кæйдæр ирон чиныг кæсгæйæ кæй уынын, ууыл, фæлæ мыл дзы цыма цыдæр сайд æрцæуинаг у, цыдæр æбæрæг маст мæм дзы цыма кæсы, уыцы хуызы дæр мæм дзуры мæ куыдзы зæрдæ. Стæй ма ахæм хъуыды дæр фегуырд мæ дзæгъæлтæгæнæг сæры: кæд, чи дæн æмæ цы дæн, чызг уый зоны æмæ мæ цæстмæ сси нæхирдыгонау чиныгкæсæг. Фæлæ, куыннæ стæй – цæмæй йæ зыдта рагацау, æмвæндаг-æмбæлццон фæуыдзыстæм, уый!

Чызг, куы йæ загътон, ме 'мварс бадт, йæ акомкоммæ та иубынатон бадæн æрцахста, мадæн ын чи бæззыд, ахæм сылгоймаг, уый дæр хæрзарæзт æмæ нырма зæрдæмæдзæугæ уынdджын йæ алы æууæлæй дæр. Æмæ уый дæр рæстæгæй-рæстæгмæ чызгмæ фæрсмæ 'рбакæсы, æцæг цымыдисагæй нæ, фæлæ куыддæр дисгæнæгау – мæнæ хистæры уайдзæфтæ мур дæр чи ницæмæ 'рдары æмæ йæхи фæнд чи атæры, ахæм хивæнд кæстæрмæ кæсæгау. Ома, ды йын уайдзæф кæныс, фыдуаг ма у, æгоммæгæс, ма 'внал æхсидавмæ бæгънæг армæй, зæгъгæ, уый та йæм æвналы, фæлæ йæ кæй нæ судзы, ууыл дисæй куы мæлай, уыйау.

Иу афон фемдзаст стæм чызгимæ. Æмæ мыл арв йæ æрвыджы цъæх-цъæхид уылæн æрбакалдта-æрбауагъта. Макуы аныгуылай, лæджы саби зæрдæ, кæд ды дæ къамтæ æрæвæрын нæ комыс! Æмæ йæ амонд мæнг амонд ма фæуа, уыцы цæстытæй искæд бон уарзгæйæ кæйдæр лæппумæ куы кæса, уæд.

Ныххæццæ стæм Бесланыхъæуы автобусты рæсæнуаты фæзмæ. Аивæй мæ каст чызгмæ скодтон, цымæ, зæгъын, кæцы

хъæумæ цæуæг уыдзæн. Уалынджы дын мæ ирон циныл сау пæлæз æфтауæг ныв ауыдтон: чызг чиныг йе 'фцæгыл цæхгæрмæ æфтаугæ морæ сæрак хызыны нывæринаг куыд уыд, афтæ йын æй уыцы æфснайд сылгоймаг йæ къухтæй рарæдувæгау кодта, къæртагонд бырондонмæ бауад æмæ йæ уым нысхуыста, стæй, чызгмæ куы фæзылд, æрмæстдæр уæд фегом йæ хъæлæс, былысчъилдæр зын зæгъæн, зын æрымысæн у, раст ахæм хъæлæсыуаг:

– Нашла мне что читать! Цал хатты я тебе сказала, чтобы ты ирон настоящий муру не брала даже в руки! Æз дын сæ сегодня же до одной книги...

Йæ чызджы цæстыты цъæх цæхæр æй кæронмæ йе 'ртхъирæн зæгъын нал бауагъта. Дзургæ та ницыма скодта йæ мадмæ, азылд æмæ раздæр бырондонмæ фæцæйцыд, стæй, цыма йæм уырдыгæй фæстæмæ исты сисын сæрмæхæссинаг не 'ркаст, уыйау фæлæууыд æмæ, кæддæры Къазолни дуканийы иувæрсты чысыл куы суад, уæд та фæлæууыд, йæ уæхсчы сæрты радзырдта йæ мадмæ:

– Уæдæ ма бавзар! Попробуй-ка!..

Мад йæ цыбырæлвыд сæр хиуылхæцгæ банкъуыста, стæй уый дæр йæ чызджы фæдыл фæраст – ницуал уыд раздæрау йæ уынд, йæ бакасты зæрдæмæдзæугæ æууæлæй.

Кæдæй нырмæ зæгъон – нæ зонын, фæлæ ардыгæй Зилгæмæ цæуæг нæлгоймаг бæлццæттæ тынг стæм хатт вæййы – иуæй хистæр адæм скуынæг сты, науæд та сæ, чи ма дзы ис, уыдоны сæ къах æддæмæ стыр зивæгæй хæссын райдыдта; сæрæндæртæй та бирæтæн сæ хæдзæртты хæдтулгæтæ ис æд сæ кæстæр-шофыртæ.

О, æмæ ныр дæр иу зилгæйаг фæндаггон лæгыл мæ цæст не 'рхæцыд, фæлæ устытæ æмæ чызг-сылгоймæгтæ къордæй лæууынц, Додтомæ æнхъæлмæкæсгæйæ. Æз бырондонмæ бацыдтæн, систон дзы чиныг – дæлгоммæ фæлдæхт уыд. Æрсæрфтытæ, æрлæгъзытæ йæ кодтон, цыма йын зæрдæтæ 'вæрдтон, нымады дæр дæм ма уæнт уыцы куырысдзауы митæ, зæгъгæ. Чъизи та не сси чиныг.

Æркастæн ын, уæдæ йын куыд хъуамæ не 'ркастаин иуæй тæригъæдгæнгæйæ, иннæмæй цымыдисæй йе 'ддаг хъæбæр цъармæ. Нырыккон фыссæджы, мæ хорз зонгæтæй у, чиныг – нывыл, дзæбæх уацмысты æмбырдгонд, се 'ппæты дæр цæттæ кодтон журналы ныммыхуыр кæнынмæ. Фæлæ, мæ цæсты

æппындæр фыссæджы кад кæмæн нæй, уый чиныг куы разындаид, уæддæр мын хъыг уыдаид ахæм чиныджы æфхæрд дæр уыцы хуызы – хорз адæмы фæллой дæр ма дзы æвæрд вæййы, йæ дæсныйад чи уарзы, уыдоны – хъæдгуыстгæнæгæй райдай æмæ йæ фиуы тыхт чи кодта, машинæмæ чи æвгæдта, чи ласта, æфтауцуатмæ чи хаста, уыдонæй фæу...

– Барис, мæнæн ма йæ радт! Уæддæр мын ды чиныгхъуаг куы нæ дæ, мыййаг...

Фæкастæн фæстæмæ – хорз зонгæ хъæлæс мын цыма у.

Куыд нæу, куыд: нæ дæлсыхæгты ус. Зыбыты иунæгæй цæргæйæ баззад кæддæр бинонтæй дзаг кæрты, хæдзаргæсфарнгæсæн.

– О! Салам, Дзерассæ! Кæцæй фæдæ?

– Мæнæ Гыццыл базармæ суадтæн, иу къуымыхцы уæддæр куы алхæнины зæрдæйæ – мæхицæй ма цæй стурдарæг ис... Йед, æмæ йæ мæнæн слæвар кæн уыцы чиныг. Мæ зæрондмæ мын ма кæс, æз мæ чысылæй фæстæмæ ирон чингуытæ кæсынæй фылдæр ницы уарзын. Уартæ айфыццаг дæхæдæг Къохы хъæугуывды адæмæн «Мах дуг»-тæ æмæ дæхи фыст чингуытæ куы уæрстай, уæд дзы мæнмæ не 'рхауд æмæ мын иу хъыг уыд, иу хъыг! Лæвар чиныгыл хæлоф кæнынц адæм. Балхæныны бæсты сæ амар, уайтагъд сæ мæгуыры хъыс-хъыс ссæуы. Мæ мадыстæн, йед... Æз дын дæхи чиныджы тыххæй æхца дæр нæ бавгъау кæндзынæн, фæлæ мын уартæ уый та, йед...

Ницы ахæм бæрæг цины хос мын фæцис, зæронд ус ирон чиныгыл афтæ зæрдæныхæст кæй у, уый. Уæвгæ та, «Мах дуг» чи рафыссы, уыдоны дзæвгар хай дæр Дзерассæйы табуйаг кары адæм сты – Хуыцаумæ ма сын æнæрæвдыдæй цы баззад, уый дæр бавзарæнт!..

– Ма тыхс, хурмæ бадгæйæ дæр ма уынын, ис мæм кæсæнцæстытæ дæр. Стæй мæ нæхионы фыццаг бинойнаджы цот дæр бæрæг дарынц, æмæ сын æз дæр буцдæрæн цы фæкæнын сæ дæлармы, уый – ирон чиныг. Тынг сыгъдæгæй, тынг – æз сæ æдзухдæр районы газеты батухын, byндз дæр сыл йе стъæлф куыд нæ уадза, афтæ.

...Ирон чиныгмæ дæр та йæ амонды хур мидбылхудгæ кæцæй æрбадардзæн йæ сызгъæрин цæст, уый бæрæг нæу.

## УДСÆФТ

Ахæм цыма сси нæ хъæздыг фæлыст проспект – цыдæр фæцис йæ ирон хъæлдзæг уаг, цардбæллон уд. Ирд хурбон дæр цыма нал æрттивы, йæ зæрдæ цæмæй бакъæбæлдзыг уа, ахæмæй цыма йæ цæстæй дæр ницы уыны, йæ хъусæй дæр ницы хъусы.

Аууæтты изæрыцæстыл нал ис зæронд адæм къордтæ-къордтæй бадæг.

Хæрзаив фæсивæд та цыма ирон хъазæн ныхас кæнын дæр, ирон худтæй дæр зæрдæпарахатæй худынмæ нæ арæхсынц – нæу сын уый сæ хъæздыг дуджы æрдзæй лæвæрд.

Æви уый мæхæдæг фæдæн удсахъат, удиртæст, зæрдæмпылд, фæллад туг?..

Фæлæ, разæй ма цыма цыдæр хорз дунейы сконд ис æмæ та дзы ногæй æрыгон сæлхæр уыдзынæ, уый та мæ цы дымæгмæ уырны?

## ЧИНЫГДОН

Уырыссагау та – библиотекæ. Æмæ, кæй кой ракæнинаг дæн, уый ис Иссæ æмæ Къостайы номыл уынгты фисынæй чысыл уæлдæр, галиуырдыгæй, хæхтыздæм цæугæйæ.

Йæ бæстыхай йын фарон ныффалгæрон кодтой, дуарæй, рудзынгæй, астæуккаг мæнг къултæй – ницуал ын ныууагътой. Æмæ, æппæты сæры дæр, уыдæттæ уынгæйæ, цы хъуыды февзæрид, æз дæр ууыл хæст фæдæн: «Амалджын сæрæнгуырдтæй та кæйдæр бахъуыд дукани, кæнæ ресторан истæмæн æмæ йæ нылхæдта»...

Культурæ у куырис, мах та – бæндæн. Æмæ судзы, сæфы культурæ, æмæ йыл мах худæм...

Ерысæй цæуын райдыдтой ацы бæстыхай бындуронæй цалцæг кæныны куыстытæ – мæнæ дзыххъыннæуæг ирæттæ евроремонт цы рахуыдтой, уый. Ерысæй æмæ хъазуатæй, о.

Стæй рацæй-рабон, æмæ йæ ног хуыз скалдта дæргъæй-дæргъмæ фыццаг уæладзыджы агъуыст – цы уыд, уымæй, аргъæутты загъдау, авд хатты аивдæрæй.

Иннæ рацæй-рабонæн кæсын, æмæ дын йæ бацæуæн дуары сæрмæ хæрзхаст дамгъæтæй фыст: «Библиотека».

Мæнæ, зæгъын, царциаты æмбисондæн фыдæй фыртмæ дзуринаг

диссæгтæ: культурæйы хъуыддагæн дæр хицауадæй рантысти сызгъæрин сом!

Цæрæм! Амондджын уæм!

Ногæй йæ зæгъон: чиныджы фыдбон, фыддуг, фыдрæстæгæн дæр йæ кæрон кæд æрцæуид...

## ГЫЦЦЫЛ БАНДОН

Советон дуджы алы адæмыхатмæ дæр уыд йæхи дæладæмыхатт – хуындысты «несуны». Нæ йæм арæхсын иронау аккаг хуызы стæлмац кæнынмæ. Кæд æмпъухæгтæ?..

Егъау гэстæ кæмыты скодтой, стыр заводтæ-йедтæ, уыдоны цур сырæзыдысты уыцы несунты арæзт горæттæ – хуыдтой сæ «Воруй-город»...

Ахæм хабæрттыл куы дзырдтам иуахæмы зонгæ лæпputæ – ивгъуыд æнусы æхсайæм азтæ уыдаиккой, – уæд дын Сугъараты Израил, милицæйы майор, афтæ:

– Нæ бæстæйыл хъуын никуы ‘рхæцдзæн уымæн, æмæ нæ чи кæм кусы, уырдыгæй æнæ исты радавгæ-рамырхгæ-рахæсгæ нæу! Æгас мыст, дам, ма уæд, æндæр мысты мард дæр – хорз: гæды йæ ахæрдзæн. Амырык та хъæздыг цæмæн у? Мæнæ цæмæн...

Æмæ нын иу ахæм цæвиттон æрхаста, æцæг чи уыд, ахæм хабарау. Уырдæм афтгæ ирон лæг хъæдфадæны хъæдгуысты дæснийæ куыста – пълотникæй ома. Кæцыдæр улæфты сахат йæ зæрды æрæфтыд фæйнæджы уæлдай лыггæгтæй нæхимæйы гыццыл бандон акæнын. Уайтагъд æй ацъапп ласта.

Фæлæ тæккæ уыцы уысмыл сæ уæлхъус куыстуаты хицау фегуырд. Æмæ, дам, дын уый та циу? Æмæ, дам, мæнæ йедтæй йед йедау йедæн скодтон...

Уым мызд къуыригай фидынц, æмæ йын ног къуырийæн дæр радта йæ улупайы йас æмæ, дам, нæм ныр дæ ныхты дзæбæхтæ хъуысæнт, ома мидæмæ хæцын сыл сахуыр дæ, зæгъгæ...

Трамваймæ мæнау бирæ лæууын кæй бахъæуы, уый мын бамбардзæн мæ масты фыцæнтæ. Стæй мæ цин дæр, цы трамвай дæ хъæуы, уый дæ тæккæ размæ куы фæвæййы, уæд.

Адæм æмæ паддзахад иу бинонтæ никуыма уыдысты Уæрæсейы. Гъемæ, дам, хъуылæджы цы ныдздзурай, уый дæм сдзурдзæн: паддзахад махыл, хуымæтæг адæмыл, нæ ауæрды, мах та – ууыл.

Хъæздгуытæ ‘ндæр планетæйæ ‘рхаугæ сты рæстæгмæ – куы сæ бахъæуа, уæд сæхи фæтылиф кæндзысты «нæ хъыгæй, нæ цинæй». Фæлæ абоны æнæсæрфат паддзахадæн уый циу, уый: суанг ма нæ сабиты ахуыргæнæгæй дæр гæртамхор рауад йæ фыртыхст, йæ фыруырыдæй! Уæд ма АХÆМ адæймаг АХУЫРГÆНÆГÆН бæззы, рæзгæты рæствæндаггæнæгæн?!

Дохтырты тыххæй та ‘рмæст иу ныхас: хостæ дын рафыссы, фæлæ дын йæ цæсгомджынæй фæзæгъы, афтеччы хостæн, дам, сæ дзæвгар хай хосгæнæг не сты, фæлæ низæфтауæг!

Æмæ уæд мое родное государство у, ахæм афтеччытæ уыйас кæм ис, уый? Стæй, уæвгæ дæр, афтеччытæ дæр, тамакотæ дæр, карз нозтытæ дæр хицæн адæймæгты къухтæм цæмæн радта мах фыдæнæн?..

Цæуын трамвайы. Размæ кæсын. Æмæ та уынын: чидæр та ахизыны размæ йæ билет трамвайтæрæгмæ балæвæрдта. Уый йæ, ног чи ‘рбахиза, уымæн ацы хатт йæхи пайдайæн ауæй кæндзæн – бон-изæрмæ дæс хатты куы бакæна афтæ, уæд кæрдзын, нæлхæ æмæ цайваг-сæкæрваг бакусдзæн. Дæс туманы абоны æбæркад æхцайæ. Дæс трамвайы скъæрджытæ та иумæ мин сомы. Мæймæ дæс æмæ ссæдз мины, афæдзмæ 360 мины. Дæс азмæ та паддзахадон куыстуаты дзыппы хуынкъæй ахаудзæн 3 милуаны 600 мин сомы.

Уый дын трамвайы иу билеты зиан – гыццыл бандон скæнæггаджы фæлхас.

Нæ, ницы нын бавæййы – нырма! – паддзахад, нæ тугхæстæг нæма у, æндæра афтæтæ нæ кæниккам иу ран дæр æмæ иннæ ран дæр. Ома ногæй-ногмæ лыг кæнæм, хырхæм-мырхæм, цы къалиуыл бадæм, уый.

Гъемæ цæлæтæй-мæлæтмæ адæмы ‘хсæн адæймагæй баззайын æппæты фæллойагдæр хъуыддаг уымæн у.

## ÆВÆГÆС ДЗЫХЪХЪ

Цы уа, цы хабар уа: егъау бæстыхайæ дур дуры уæлæ нал ныууадзынц (зæгъæм, 18-æм скъолайæ, киноконцертон зал «Октябрь»-æй...), фæлæ дзы, иуæй, аразгæ ницуал фæкæнынц, иннæмæй та, цы дзы саразинаг сты, уымæн адæм ницы зонынц.

Уымæн, æмæ адæмæн сæхицæй сæ сæр сæрмæ хæссын уартæ

кæд æмæ кæд ферох. Æмæ ирон дзыхъхъ дæр æвæгæсау уымæн у.

У, у: лæууы дынджыр хæдзар. Йæ бынæй йын рухс суадзынц (зæгъæм, Андреевы абанайæн), уалынджы дзы, уæладзыг уæладзыджы уæлæ амайгæйæ, æврæгътæм сивазынц сæхи ног бæстыхæйттæ. Æмæ сæ æрмæстдæр уæд фены горæты хицауад дæр æмæ дисы бацæуы – тынг æнæфенд дисы:

– Чи уын радта бар мах æвастæй ам галуантæ амайынæн?!

Науæд та Чермены хъæуы, Олгинскæйы, Зилгæйы, Хуымæллæджы, Бруты, Хъахъхъæдуры æмæ Кæрдзыны сывæллæтты сæ ахсджиагдæр хъазæн æмæ рæзæн бынатæй – Хуымæллæджы цæугæдонæй – æнæхай фæкæнынц æмæ сын уый дæр, нæ сабиты тæригъæд дæр, тайы бæрнон чиновниктæн.

Гъемæ афтæмæй-уфтæмæй ирон – дзырддаг ирон! – адæмы номимæ бонæддæдæр кæнæм нæ номдзыд фыдæлтæй, фæлæ хæстæгдæр та цы цард, цы ‘ хсæнады уагмæ цæуæм, цы?

Диссагыл дис кæнынæн бæззы лæджы уды уавæр: уартæ йæм стыр фыдæбойнаг рагзамантæ дæр ма бæллиццагдæр æмæ табуйагдæр кæсынц абоны царды фæлгонцæй. Суанг ма йæ зæрдæ кæддæрау фынтæй хъал дæр нал у.

Никæй азар нын у – айдагъ нæхи, нæ цагъар туджы.

## ТÆФÆРФÆС

Ирон литературæйыл æрцыд æбуалгъы зиан: йæ тæккæ цардбæллонæй ахицæн фæстаг ирон чиныгкæсæг.

Табæты уæлхъус уæнтæхъил æмæ сæркъулæй бандзыг сты нымадæй ма цалдæр зæронд фыссæджы, сæхи мæрдты фæндагмæ дзагъултæ кæнгæйæ.

Иу дæр сæ æнафоны мардæн, рухсаг у, зæгъгæ, нæ загъта.

Кæд уымæн, æмæ сæхимæ дæр йæ судзаджы адзалы тыххæй цыдæр азимаг кастысты...

## АТАН ÆМÆ АМАН

Дзæнæты цæхæрадон. Йæ бæстастæу пæлæхсар фæткъуыбæлас. Йæ бинаг къалиутыл цæхæртæ калы сырхварс дыргъ.

Хуымæтæг фæткъуы нæу: сæ дыууæйæ дзы исчи куы фæхъæстæ уа, уæд се ‘нæмæт цардæй æнæхай фæуыдзысты,

ноджы ма, хорз æмæ фыд цы сты, уыдон кæрæдзийæ иртасын байдайдзысты.

Сæ дыууæйæ, зæгъгæ, уæд – Атан æмæ Аманæй. Мæнæ та йæ ауuон лæууынц бæласæн. Лæг зæгъид, мадард бæгънæгæй, зæгъгæ, фæлæ мады гуыбынæй нæ рантыстысты дунемæ – комкоммæ Хуыцауы сконд сты...

Æнæнхъæлæджы Атан йæ рахиз къух йæ зæрдæйы бынмæ авæрдта, схъæрзыд:

– Æллæх-бæллæх, мæнæ мæ фарс цæхгæр куыд срæхуыста! Цæмæ мын, цымæ, расайдзæн?..

– Фæрскхъуаг кæм дæ, уым дын срыст? – удаистæй йæ фæрсы Аман.

– Æцæг дæр ма! Дæу мын цы фæрскæй самадта Дунесфæлдисæг, тæккæ уый бынат мын рæхойы мæ зæрдæ.

– Дзæм-дзæмы суадоны гуырæнæй дын залмы сыфы æхсныфæй æрбадавон?

– Нæ, нæ! Цалынмæ ды уырдæм цæуай, цалынмæ уырдыгæй фæстæмæ здæхай, уæдмæ æз ам зыбыты иунæгæй куыд уыдзынæн – цы уыдзынæн?!

– Уæд та уалæ уыцы мæстæймарæг, цыбæлгæнæг фæткъуыйы æртон æмæ йын йæ царвæй дæ рæхуыст зæрдæ æрæнхъæвз.

– Æмæ нæ уæд ардыгæй Уæллаг кæй федде кæндзæн, уый дæ рох у?

– Уæд, цымæ, кæдæм бафтиккам? Йæх, уый базон, уый фен!

– Хидвæллойæ кæм хъæудзæн къæбæрамал, раст уырдæм.

– Кæй хъæудзæн – мæн, æви дæу?

– Мæн. Ды та, æз хæдзармæ æккойдзагæй цы 'мпъухон, уый армыдзагæй æддæмæ калдзынæ, гъемæ ныл уыйадыл хъуын нæ рахæцдзæн...

– Цы, цы? Æз дын, къæбицгæс æфсин, мисхал дæр æнæхъуаджы фæлхас кæнон?! Мур дæр нæ! Уæдæмæ, бынтон æнæныфс кæй дæ, ууыл æргом басæтт. Амы æвæлмон цардæй мæ уд нырхæндæг æмæ 'мпылы, зæрдæцъæх дзы фæдæн. Æгæрмæгуыр, цæхх цы ад кæны, хид цæстытæ куыд къахы, уый дæр нæ зонæм...

– Куыддæр дзы фæхъæстæ уон ацы фыдбылызы дыргъæй, афтæ, худинаг циу, уый дæр бамбардзыстæм æмæ нæ фидиссæгтæ цæмæй бамбæхсдзыстæм?

– Йанацыннæ, лæджы ном мын дзы кæуыл не сбады, фа-

джысы рагъыл урс гæлæбу абадæгау. Æцæг лæгагур афтин нæ алывæрстæм, фæлæ иунæг дæу йеддæмæ...

Нал æй бауагъта Атан дарддæр дзурын:

– Уыныс, уыныс, куыд æддæхъус-æддæкъах уаис! Уынгты уисой, лæппуты мой.

– Афтæ, æнæуый, цæмæй дæу фæткъуы æртонынмæ сразæнгард кæнон, æрмæст уый охыл загътон, дæ туг рафыцынæн. Æндæр мæн дæ цуры чи хъæуы – ды Хуыцауы цæсты дæр фыццаг куы дæ, иннæтæ иуууылдæр дыккæгтæ, дæ нывтыл карст æмæ дæ фисынтыл амад. Иу дзырдæй, дæ фæлурс аууæттæ. Хорз ивддзаг нæ кæны. Дзæнæты цæхæрадоны нæ, фæлæ æз демæ ихы сæрыл дæр – амондджын.

Кæй зæрдæ бабыхсдзæн ахæм мыдамæст ныхæстæн, æмæ Атан дæр фæткъуы, цы къалиуыл зад, уыимæ æррæдывта, ахъаззаг дзы ныххæмц ласта, æрдæгæуууылдтытæй йæ...

Дзæнæты хур йæ тынтæ стыбар-тыбур кодта, уый дын дзы сылгоймаджы аккаг лæг, уый, зæгъгæ.

Табуйаг æрбауай, сæкæрдзых Аман, кæд абон мах дæ фæрцы стæм курдиатджын дзæгъæлгуырдтæ. Чи нæ фыдтырдæм у курдиатджын, чи хæрзтырдæм.

Æмæ, кæд цыфæнды хъизæмайрагæй басгуыхы цард рæстæгæй-рæстæгмæ, уæддæр дзы сау мылазон мигътæй æмæхгæд арвы тыгъдады зæрин хурæн æнæ ‘рттивгæ-худгæ нæй. Æмæ нын кæддæриддæр нæ мысинæгты дзæнæтмæ фæндаг рухс кæны.

Гъæйтт, ма та афт Дзæгъæл Коммæ, удхайраг хæйрæг адæймаг!..

## ÆНÆВДÆЛОН

– Аланбег, рауай-ма, фæйнæг хуылыдз хæцъилæй асæрф: йæ сæрмæ йын дæу йеддæмæ ничи æххæссы...

Аланбег йæ бынатæй дæр нæ фенкъуыст, сбустæ кодта:

– Æз дын, Ислам Асланбекович, æххуырст мыййаг дæн? Мызд уæхæдæг исут æмæ йæ сæрфгæ дæр хъуамæ уæхæдæг кæнат. Стæй мæ уæвгæ дæр, – йæ дзыппыдаргæ телефонмæ ‘ркаст сахаты бæсты, – нал æвдæлы: ферæджы мын дæлæ свиданимæ!

Ахуырдзаутæ цæттæввонгæй ныххудтысты. Аланбег уæдмæ къласы дуар йæ сæрыл ахаста.

Ислам гом рудзынгмæ бацыд, сагъæссагæй кæсы уынгмæ. Далæ Аланбег йæ «БМВ»-йы багæпп ласта, машинæ уыциу лиуырд акодта размæ æмæ... Скъоламæ 'рбацæуæны къæдзмæдзытæй фæлдæхт бетон къæйдурты 'хсæнты æмраст атæхинаг кæд нæ уыд, уæд сыл, ау, йæхи куыд смыхъхъ ласта, куыд?!

Машинæйæ фæздæг скалд. Лæппу йæ мидæг катай кæны иу дуарæй иннæмæ – иу дæр ын дзы нæ комы бакæнын. Ислам айтæ-уйтæ нал фæкодта, дзуццæджы 'рбадт æмæ йæхи дыккаг уæладзыгæй расхуыста, фестад, базгъордта машинæмæ æмæ йын йæ дуар рарæдывта.

Аланбег лæгыл æрцауындзæг, баныхæст ын йæ риуыл æмæ богъ-богъæй, рæстæй æфхæрд сабийау, куыдта. Ислам ын йæ фæтæн фæсонтæ тъæпæн къухæй рæвдаугæ сæрфы.

Зæххæн, арвæн, хурæн – адæмæй фæстæмæ, æппæтæн дæр æхсызгон уыд лæппуйы удсыгъдæггæнæн æрдиаг...

*Июль-август, 2014 аз*

# УИЛЬЯМ ЙЕЙТС: 150 АЗЫ



*Уильям Батлер Йейтс (1865–1939) нымад у XX æнусы номдзыддæр поэттæй иуыл. Йæ райгуырæн бæстæ Ирландийы йын уæлдай стырдæр аргъ кæнынц – Пушкинæн Уæрæсейы цы кад ис, Йейтсæн та Ирландийы ис ахæм кад. Йæ поэтикон, прозаикон æмæ драмон уацмысты уый иттæг аив ахорæнтæй æмæ арф æнкъарæнтæй равдыста йæ адæмы уды сусæгтæ, сæ удхайраг цард, сæ хъæбатыр тох сæрибарыл, сæ бæллицтæ. Фыссæг 1923 азы райста Нобелы преми.*

*Дæлдæр цы 'мдзæвгæтæ æмæ прозаикон скъуыддзæгтæ мыхуыр кæнæм, уыдон ирон æвзагмæ раивта* ***Хъодзаты Æхсар.***

## ЦИКЛ «ТУГ ÆМÆ МÆЙ»-Æ

* * *

Табуйаг ацы зæхх – нæ цæрæн.
Хызтам æй саузæрдæ фыдгултæй.
Мæсыг нын самадта, æрдхæрæн,
Фыдæл йæ хид æмæ йæ тугæй.

Цæмæй йæ байзæддаг-бындартæ
Нæ хитой сидзæртау гæвзыккæй,
Цæмæй сæ къонайы гуыпп-артæн
Ыстъæлфой се знæгтæ йæ зынгæй.

Ай-гъай, нæ хорз фыдæл ныууагъта
Бынтæ, гæнæхтæ... Чи стæм мах та?

Нæ дуг... Йæ сæрæй нын æмбийы.
Цы хос и? Фарны дзырдтæ ссарын,
Сæ иуты иннæтыл ысбийын –
Фæзарын: ме 'рхæндæг фæмарын.

## ИЗÆРГÆРÆТТЫ

Мæ ихсыд, хæррæгъ зæрдæ, райхъал у, сыст,
Бызгъуыр бонты уацарæй ратон дæ баст.
Изæрдары сатæг дын сисдзæн дæ рыст,
Сæумæйы æртæхыл æртайдзæн дæ маст.

Дæ ныййарæг Эйре* – æдзухдæр æвзонг.
Изæрмилтæ – хъулон, у æртæх сыгъдæг.
Дæ уарзтмæ лæбуры фыдхахуырты ‘рдонг,
Дæ ныфс дæр ныддæрæн и, фестад æндæрг.

Хъæдæхгæд бæрзæндты нынныгъуылæм арф,
Нæ сæрмæ æфсымæртау – стъалытæ, мæй.
Йæ мигъты нæргæ тых нын ратдзæнис арв,
Мах сифтонг кæндзæнис æхсарæй, ныфсæй.

Фæлдисæджы уадындз нæм басидти, хъус,
Æрвон зæлтæ сафынц æрхæндæг, фыдæх.
У уарзтæй æхцондæр изæрмилты рухс,
Ныфсæй та зынаргъдæр – сæумæйы æртæх.

## ÆРДУЗЫ ГÆППÆЛ

У цард гаффутгæнæг, ыстигъæг,
Æркодта мæн зæрондæй фистæг.
Ныууагъта чингуытæ æрмæст
Æмæ дæс сардзины æрдуз...
Æхсæвты ‘хсыны мæйдар мыст,
Æмæ йæм боныцъæхтæм хъус!

Уæззау, хуылыдз сугтау, мæ уæнгтæ.
Тæхынæн нал ысты мæ сæнттæ.
Ыссы, куыройы фыдау, сæр
Бирæгътæ, рагбонты бырон.
Ныффæнык раздæры цæхæр,
Цъæх сæрды раивта фыдбон.

* Эйре – ома Ирланди.

Кæд мæ æвдæрзынц удхар, катай,
Уæддæр, бецау, æрбæллын хатгай:
Ныууадз дæ хъуыр-хъуыртæ, æгъгъæд:
Тимонау, Лирау ссар æхсар,
Йе Блейкау тохы зарæг зар,
Фæндаг рæстдзинадмæ лæгæрд!

Кæд Микеланджело зæрондæй
Æркасти бардуагау бæрзондæй,
Йæ уды 'хсидгæ арт, йæ ныфс
Быдзарæй сфæйлыдтой зындон...
Гъе-гъей, зæронды зонд, тæхыс,
Цæргæсау, уадæмдзу, уæндон!

## СЫЗГЪÆРИН ÆНУС

*(Скъуыддзаг)*

Æрæджы поезды цыдтæн Слайгомæ.

Иуафон нæ вагонмæ æрбахызт æнæзонгæ лæппулæг æмæ хъисфæндырæй цæгъдын байдыдта. Æз кæд музыкæ тынг хорз не 'мбарын, уæддæр мæм йæ цагъдмæ цыдæр æнахуыр æнкъарæнтæ гуырын байдыдта. Афтæ мæм фæкасти, цыма Сызгъæрин Æнусæй тæригъæддаг хъæлæс хъусын. Лæг зæрдæрыстæй зарыди, мах æххæст адæймæгтæ кæй не стæм, бирæ цæмæйдæрты хъуаг кæй æййафæм: хæлуарæджы дæсны нывæст тыны хуызæн, дам, не стæм, фæлæ, мæнæ къуыммæ кæй баппæрстæуы, ахæм æлхынцъбæстытæ бæндæнты къуыбылойы æнгæс – гуымиры къухтæй, дам нæ куырмæлхынцъытæ ныччынди. Кæддæр, дам, дуне уыди уæздан, æнæаипп. Æмæ уыцы хæдæгъдау, æнæазым дуне абон дæр ис, фæлæ, дам, у, сыджыт кæуыл бакалдæуыд, ахæм дидинджыты басты хуызæн. Уыцы дунейы цы зæдтæ æмæ феятæ цæры, уыдон кæуынц нæ хæлд, æнæуаг цардыл, æмæ нæм сæ хъæлæс хъуысы хъамылты сырсырæй, цъиуты зарджытæй, фурды уылæнты бустæй, хъисфæндыры зæрдæагайгæ куыдæй. Лæппулæг зарыди, рæсугъдтæ, дам, махмæ зондджын не сты, зондджынтæ та рæсугъд не сты, нæ царды хуыздæр исдугтæ, дам, фæхъæстæ вæййынц гуырымыхъхъ, æлгъаг митæй, æмæ хъисфæндыр æппынæдзух кæуы уыдæттыл.

## «АХУЫРГОНД АРИСТОТЕЛЬ»

Ис мын иу зонгæ æмæ суанг мадзура хъæддзауы дæр сдзурын кæндзæн. Æрæджы уый уазæгуаты уыдис иу ацæргæ усмæ. Сылгоймаг цæры хъæды кæрон халагъуды. Зоны тынг бирæ рагон таурæгътæ. Ацы хатт ракодта диссаджы сисамайæг Гобаны хабæрттæ, стæй дын æвиппайды Аристотелы койтæм куы рахизид. Уый, дам, бирæтæ чи федта, ахæм зондылæг уыди, фæлæ, дам ыл уæддæр мыдыбындзытæ фæтых сты. «Аристотелы бафæндыди, мыдыбындзытæ фæзгъæртæ куыд цæттæ кæнынц, уый базонын. Æмæ сæм дыууæ къуырийы дæргъы алы бон дæр йæ хъус дардта. Фæлæ мисхалы бæрц дæр ницы раиртæста. Уæд мыдычыргъæды сæр авгæй бамбæрзта æмæ сæм уырдыгæй кæсынтæ систа. Фæлæ куыддæр йæ «куыстмæ» бавнæлдта, афтæ дын мыдыбындзытæ авг мыдадзæй сæрдын куы райдаиккой. Бынæй ницыуал зынд, ай-гъай. Уæд Аристотель афтæ, адоны хуызæн, дам мæ никуыма ничи фæхынджылæг кодта. Уæдæ куыд, мæ хуртæ, зонджын лæгыл дæр сайд æрцæуы хаттæй-хатт».

## МАТРОСЫ ДИН

Йæ кусæн бынатæй фæлгæсгæйæ науы капитан арæх фæхъуыды кæны Хуыцауыл кæнæ дунейы скондыл. Хуымгæнæг йæ мæнæуы хуымы куы фæкусы, уæд дзы цынæ хъуыддæгтæ айрох вæййынц æмæ фæбæллы судзгæ-уыраугæ хурæй фервæзынмæ, искуы аууоны æрбадынмæ. Фæлæ сау мæйдары æмæ тымыгъты ‘хсæнты чи лæгæрды, уымæн бынтон æндæрхуызон вæййынц йæ сагъæстæ.

Иу дыууæ азы размæ сусæны мæйы æхсæвæр хордтон нау «Сыгъдæг Маргаритæ»-йы капитан Моранимæ. Зыдтон æй, ацы лæг хæтæнты чи ахатти, бирæтæ чи федта, ахæм кæй у, уый.

– Искуы фехъуыстай капитаны куывды тыххæй? – æвиппайды мæ афарста лæг.

– Никуы, – дзуапп радтон æз. – Цавæр куывд у уагæр?

– Диссагæй дзы ницы ис, – загъта капитан. – «Хуыцау, ме ‘рфыг дæр куыд нæ базмæла, уыцы амонд мын саккаг кæн».

– Æмæ цы амоны ацы куывд?

– Æмбисæхсæв мæм куы ‘рбацæуой, куы мæ райхъал кæной

æмæ мын куы зæгъой: «Капитан, нæ нау дæлдон кæны», уæд хъуамæ ма фæрæдийон, мæхи лæмæгъæй ма равдисон.

Иухатт Атлантикæйы ленк кодтам. Æз – мæ куысты уæлхъус. Уалынджы мæм ме 'ртыккаг æххуысгæнæг æрбауад. Йæ цæсгом уыцы удаистхуыз. Дзуры мæм: «Капитан, дæлдон кæнæм». Уæд ын æз афтæ: «Ды уый зоныс æмæ æрвылаз наутæн сæ уал æмæ уал проценты доны амæддаг кæй бавæййынц?» «Зонын, капитан», – загъта уый. Ноджы йæ афарстон: «Мызд цæй тыххæй исыс, уый дæ ферох?» «Нæ ферох», – мæллæг хъæлæсæй дзуапп радта уый. Уæд та йæм æз дзурын: «Уæдæ ацу æмæ, лæгау-лæгæн куыд æмбæлы, афтæмæй фæдæлдон у, дæлимонты амæддаг фæуат!»

## КАЛМЫ ХЪÆЛÆСЫ

Хуыцау зиллакк у æмæ йæ центр алы ран дæр ис, зæгъгæ, уыцы хъуыды кæд раст у, уæд сыгъдæгудтæн се 'ргом арæзт у центрмæ-бæстастæумæ, поэт æмæ нывгæнæгæн та – кæрæттæм: уыдон зилдух кæнынц иудадзыг æмæ та 'рбаздæхынц, кæм уыдысты, уырдæм. Поэт хъуамæ ма агура, æнæзмæлгæ æмæ æнæфенкъуысгæ цы у, уыдæттæ. Уымыты йын цард нæй, уымæн æмæ тæссаг у, йæ ныхас уазал æмæ иугъæдон куы суа, монцтæ, æнкъарæнтæ та – мæлдзой æмæ æнæбон... Поэт хъуамæ цин агура æмæ ссара, цы исдугтæ æрбайсæфынц, уыдоны, цæмæй сæ ногæй раздаха. Уыдон сты, зæгъæм, сылгоймаджы фидауц, уалдзыгон тæссонд, мæнгæфсон дидинджытæ, нæрæмон монцты тæмæнтæ, цæвиттон, алцæмæй æххæст уæвынæн, ивгъуыд бонты кад æмæ намыс сног кæнынæн цыдæриддæр ахъаз уыд, уыцы диссæгтæ.

Фæлæ æнæнхъæлæджы хабæрттыл дæр хъуамæ стырзæрдæ ма кæна поэт... Чи зоны, зæххыл алцыдæр фæзынди хицæн уд æмæ дун-дунейы 'хсæн тохæй, æнæивгæ тъосса цы у æмæ иудадзыг зилдух чи кæны, уыдоны 'хсæн карз ныхмæлæудæй... Стæй, кæд мыййаг, поэт йæхицæн цæрæнбынат калмы хъæлæсы сарæзта?

* * *

Поэт æдзухдæр фыссы, йæхи уд цы бавзары, уый, йæ хуыздæр уацмысты та – йæ трагеди, зæгъæм, йæ карз фæсмонтæ,

йæ сæфт уарзондзинад, йæ иунæджы бонты хъизæмар. Уыдæттæ комкоммæ нæ фæдзуры, мæнæ фынджы уæлхъус куыд фæцæгъдынц, уыйау. Йæ дзуринæгтæ баст вæййынц цавæрдæр фантасмагориимæ. Данте æмæ Мильтон пайда кодтой мифтæй, Шекспир – англисаг историйы цаутæй, кæнæ незаманты хабæрттæй. Поэт йæхи номæй куы фæдзуры, уæддæр хицæн уавæрты æнæбон уацайраг не свæййы. Зæгъæм, Рэли хурмæ хаста а дунейы хицæутты мæнгард митæ, Шелли та йæхи хуыдта, дунейы мæстытæ кæуылты цæуынц, фæлæ дуне кæй нæ уыны, ахæм гомгæрцц нерв. Уæдæ Байрон та афтæ фыста, мæ риу, дам, мæ зæрдæйæн скъуындæг, кардæн йæ кæрддзæм куы скъуындæг уа, уыйау. Цæвиттон, поэт бар-æнæбары свæййы цавæрдæр бæлвырд æмæ æххæст идейæ. (…)

* * *

Коммуниcттæ, фашисттæ, националисттæ, клерикалтæ, антиклерикалтæ… Хъуамæ уыдонæн тæрхон рахæссиккой, чи сæ цæйбæрц адæмы бабын кодта, уымæ гæсгæ.

* * *

Æз хаттæй-хатт мæхи абарын иу зондцух зæронд усимæ. Уымæн-иу йæ зæрдыл цыдæртæ æрбалæууыд æмæ йæ фындзы бын гуым-гуымгæнгæ дзырдта: «Куыд мæм уæндыс ды, – йæхи-иу баппæрста, а дунейыл йæ кой, йæ хъæр дæр кæмæн нæ уыд, ахæм усгурмæ, – цæнкуыл цыдæр, æнæхæдзар дзæгъæлхæтæг!»

Мæ хъуыдытæ хъæрæй куы радзурин, уæд, бауырнæд уæ, уыцы æрра усы ныхæсты халдих уаиккой.

* * *

Æрдз æмраст фæндæгтæ никуы февзары. Раст вæййынц, мах нæхæдæг цы къанæуттæ фæкъахæм, уыдон. Цæугæдæттæ та кæлынц сæхи уагыл, куыд сæ фæнды, афтæ.

*ДЗУЦЦАТЫ Къоста*

## ХÆЦГÆ УАСТ

Нæ хъомгæсæй дæр мæ ныууадз: æнæджелбетдæр адæймаг дæлæсыхы дæр не ссардзынæ. Фарон ыл Сæуджен йæ заинаг хъуджы афæдзæхста, йæхи бар нæу æмæ йæм дæ цæст фæдар, хъомæй йæ мачи ныццæвæд, науæд фефтаудзæн, зæгъгæ. Ацы налат хъомгæс бавдæлдис æмæ Сæуджены хъугæн тæккæ уыцы бон йæ род æрысхойын кодта. Сæрвæты æгас рæгъау ын æвгъæдгæсæй фæуагъта æмæ хъæумæ Сæудженмæ фæфæдис. Лæфлæф кæны, афтæмæй дзуры:
– Ныззади дæ хъуг, ацу æмæ род æрхæсс.
– Цы хабар уыди, цæмæн батагъд кодта?
– дис кæны йæ хъуджы æнæсæрфат митыл Сæуджен.
– Æмæ-гъа, йæхи йын бафæрс, – æмæ хъомгæс фæтары.

Ссыди Сæуджен сæрвæтмæ. Хъуг лæууы, ногзад рæуæд йæ фарсмæ хуыссы. Басхуыста годойы, фæлæ куыннæ стæй – сыстын не сфæрæзта.
Æрхаста йæ хъæумæ. Иу бон æм зилы, иннæ. Нæ къахыл слæууыд, нæ дæйын зоны, нæ уасын. Йæ тæригъæд ын хъомгæс фæхæсса, кæд ын рагацау уый цы ми уыдис! Цæттæ фос фесæфынæн æвгъау у. Йе ’ргом бынтондæр Сæуджен родмæ радта. Уайтагъд гаккæй афидар,

сывæдæгмæ фæцарæхст. Уæддæр æххормагæй дæр не суасыдис. Цы нæ йын фæкодта, нæй, йæ комæй иу сым не суагъта.

Хъомты дохтырмæ бахаста Сæуджен йæ хъаст.

– Хæрæджы фарсмæ йæ бабæтт æмæ йын кæд уыцы мадзал дæр ницы фæахъаз уа, уæд кард йæ хос, – загъта йын дохтыр.

Афтæ бакодта, æмæ Сæуджены род хæрæджы уаст куы ныккодта, ууыл бирæ рæстæг рацыди. Схъуг ис, æртæ хатты ныззад. Сæрдыгон-ма гъа, сæрвæты йæ хъæлæсæй бæстæ сфæйлауы, фæлæ зымæг бонхæрæны баст вæййы. Иу дæр дын æрбахойдзæн сæ дуар, иннæ дæр:

– Куыроймæ мын дæ хæрæг куы авæрис...

– Хæрæг мæм нæй.

– Ныртæккæ мæ дыууæ хъусæй йæ уасын куы хъуыстон, уæд дæм куыд нæй?!

– Уый нæ хъуг фæуасы хæрæджы уастæй.

– Мæнæ адæм куыд сæдзæсгом сты, мæнæ мæ куыд сайы!

Никæй уырны хабар. Омæ, йарæби, кæртæй хæрæджы йæлæлæй куы хъуыса, уæд сæм хæрæг нæй, ууыл куыд бауужндæн ис?

Алæууыд йæ дуармæ айфыццаг та сæумæцъыккæй Бетъайы фырт:

– Цæхæрадонмæ фаджыс аласон, æмæ мæм дæ хæрæг...

Уыцы афон Сæуджены хъуг ахæм хъæрæй ныууасыдис, æмæ лæгтæ дыууæйæ дæр фесхъиудтой.

– Фæлæуу, ныртæккæ йæ не 'фсин радуцдзæнис æмæ дæу фæуæд.

– Æмæ уæ хæрæджы дуцгæ дæр фæкæнут?!

– Фæдуцæм, уæдæ нæ: чи нын æй бацагуры, уый дзы кæд баназа, уæд ын æй раттæм.

Бетъайы фырт куыд æрбадæлдзæх ис, уый Сæуджен нал ауыдта. Ныр йæ уасын доны фалейæ фæхъуысы.

Сæудженæн йæ хъуг уæйгæнгæ 'рцыд.

# «Мах дуджы» равдыст



*«Мах дуджы» ацы равдысты фендзыстут **Абойты Зауырбеджы** куыстытæ.*

*Ссæдзæм æнусы 60–70 азты цы ирон нывгæнджыты фæлтæр фæзынд, уыдон æхсæн Зауырбег ахста сæрмагонд бынат. Уæлдай тынгдæр ын æнтысти чингуытæм иллюстрацитæ аразыны хъуыддаджы. Гатуты Дзахо, Расул Гамзатов, Алим Кешоков, Кайсын Кулиев, Абу-Бакар æмæ æндæр кавказаг авторты чингуытæм цы нывтæ скодта, уыдон тынг хъарынц зæрдæмæ.*

*Бирæ азты дæргъы Абойты Зауырбег царди Мæскуыйы. 2000 азы 15 февралы йе 'рмадзмæ цæугæйæ нывгæнæг æнæбæрæгæй фесæфти. 2016 азы августы йыл хъуамæ сæххæст уыдаид 85 азы.*



*Иллюстрацитæ*





*Гатуты Дзахойы уацмыстæм.*





*Къоста.*



*Расул Гамзатовы сурæт.*



*Ирон лæг.*



*Мидхæсты хъæбатыр Гæджиты Бадилайы сурæт.*



*Иллюстрацитæ*
*Гатуты Дзахойы уацмыстæм.*



*Руслан.*






*Джигиттæ.*

*Хæрзбон ут, хæхтæ.*






*Дагестаны.*

*Къах-къухтыл кафт.*






*Иллюстраци Алим Кешоковы роман*
*«Кæрдæгхуыз æрдæгмæй»-мæ.*



*Керменист.*



*Тиб.*

*БАГАТЫ Аврам*

# ÆЛДАТТАТЫ ХÆСТОН ÆФСЫМÆРТÆ

9-æм майы нæ республикæйы сæйраг горæты Сæрибары фæзы парады цы «Æнæмæлгæ полкъ» рацыд, уый «салдæтты» зæрдыл дæсгай азты лæудзæн ацы цау. Сæ хъæбатыр бабаты æмæ дадаты портреттæ чи хаста, уыдоны ‘хсæн уыдис Дзæуджыхъæуы 17-æм астæуккаг скъолайы 10-æм къласы ахуырдзау Бибылты Данæ дæр. Уый хаста Æлдаттаты фондз æфсымæры портреттæ, уыдонимæ йæ мады мад Кочысаты-Æлдаттаты Зариффæйы фыд Мустафайы портрет дæр.

– Мæнæй уæлдай дзы фондз портреты ничи хаста, – дзырдта парады фæстæ Бибылты чызг йæ мад Фатимæйæн. – Мæ фарсмæ чи уыд, уыдон мæ цымыдисæй фарстой, иууылдæр, дам, иу хæдзарæй сты. Æз сæрыстырæй дзуапп лæвæрдтон сæ фæрстытæн. Уыцы бон, æвæццæгæн, мæнæй амондджындæр Зæххы цъарыл нæ уыд.

Чи уыдысты, дæсæмкъласон кæй портреттæ хаста, уыцы хъæбатыр хæстонтæ?

Сæ иуы ном уæлдæр загътам – Мустафа. Уый Дзæуджыхъæуы Терчыфалейы муниципалон зылды социалон кусæг Кочысаты Зариффæйы фыд уыдис, Бруты хъæуы цæрæг Æлдаттаты Хъасболаты хистæр лæппу. Нæ кæддæры намысджын бæстæ ССР Цæдисыл уынгæджы бон куы акодта, уæд тохы быдыры æппæты фыццаг чи балæууыд, уыдонимæ уыди Мустафа дæр. Йæ фæстæ цыфыддæр знаджы ныхмæ хæцынмæ ацыдысты йæ кæстæр æфсымæртæ Хадзымуссæ, Таймураз, Измаил (Смайлы) æмæ Темболат.

Йæ цæссыг нæ уромгæйæ æрвыста йæ хъæбулты иу иннæйы фæдыл сæ цингæнаг мад Сæлихат æмæ дзы алкæмæн дæр фæдзæхста: «Мæ лæппу, хæст æгъатыр у, дæхи бахъахъхъæн знаджы нæмыгæй...» Сæ фыд Хъасболат та, йæ катай æмбæхсгæйæ,

дзырдта: «Зонын æй, нæ мыггаг кæй нæ фæхудинаг кæндзынæ æмæ сæрыстырæй кæй æрцæудзынæ, уый!»

Хæсты амæддаг уæлдай фылдæр адæм фесты йæ фыццаг æмбисы. Фæлæ, канд раззаг хаххыл чи уыд, уыдонæн нæ уыди тæссаг. Æгъатыр хæст сæ астæумагъз саста, йæ цæстытæм ын комкоммæ чи каст, канд уыдонæн нæ, фæлæ фæсчъылдым фæллойадон фронты чи уыд, уыдонæн дæр. Æлдаттаты æфсымæрты ныййарджытæ хъæуы иннæ цæрджытимæ иумæ быхстой уыцы тæссаг рæстæджы стыр хъизæмæрттæн.

Дæс азы размæ газет «Рахизфарсы цард»-ы Ирыстоны хуыздæр журналисттæй иу Мыкагъаты Азæ брутаг Æлдаттаты хæстон æфсымæрты тыххæй æрмæг райдыдта ахæм рæнхъытæй: «Нет, не отболела война в тех, кого она коснулась в 1941 – 1945 годах черным, обжигающим душу крылом. До последнего своего дня будет помнить о военном лихолетье и наш земляк – уважаемый в своем родном селе Брут Израил (Жорик) Мустафаевич Алдатов».

Израил куыд зæгъы, афтæмæй, дам-иу, знаджы хæдтæхджытæ куы ‘рбатахтысты, уæд мæ фыдыфыд Хъасболат иннæтау ныккæнды, науæд акъоппы æмбæхсынмæ нæ атындзыдта. Афтæ, дам, дзырдта:

– Мæ сывæллæттæ фронты немыцаг фашисттимæ хæцынц, æз та ам мæ сæр æфснайон?

Сæлихат тарст, исты йыл куы ‘рцæуа, уымæй, æмæ-иу ын, лæгъстæ кæнгæйæ, афтæ:

– Хъæудугъ (афтæ йæ хуыдта, йæ ном ын нæ дзырдта), исты дыл куы ‘рцæуа, уæд дæ ныгæнгæ та чи бакæндзæн, Бруты иу нæлгоймаг дæр куы нал ис, иууылдæр фронты куы сты?!

Фæлæ йæ цардæмбалы ацы ныхæстæ дæр нæ бахъардтой Æлдаттаты хæдзары хистæрмæ, нæ хъахъхъæдта йæхи. Уый нæ, фæлæ ма йæ хъысмæтмæ мæсты дæр кодта, хæст æй ахæм ацæргæйæ кæй æрæййæфта, ууыл. Йæхимидæг мæт кодта йæ фырттыл. Иу дæр дзы тæппуд кæй нæ разындзæн, уый йæ уырныдта, сæ намыс, се ‘фсарм æмæ æууæнк кæй нæ фæчъизи кæндзысты, æхсарджын, хъæбатыр æмæ лæгдзинадæй æххæст кæй сты, ууыл дызæрдыг нæ кодта. Æхсæвыгон-иу йæ фынты тохы быдыры сæ фарсмæ балæууыд. Йæ зæрдæ-иу ын куы сагъæс æвдæрзта, куы та-иу йæ хъæбулты сыздæхыны дыдзы ныфсæй айдзаг.

...Хæст фæци. Рейхстаджы сæрмæ Уæлахизы Сырх тырыса æрсагътой Советон Æфсады сахъгуырдтæ. Фашистон Герман састы бынаты баззад. Уæлахиздзаутæ здæхтысты сæ къонатæм. Фæлæ Æлдаттаты фондз æфсымæрæй иу зынæг дæр нæ уыд. Уыдон мæт æмæ сагъæсæй схырыз и сæ фыды зæрдæ æмæ 1946 азы йæ кусынæй банцад.

Иунæгæй аззад Куындыхон (Сæлихат). Цал æгъуыссæг æхсæвы арвыста, цас цæссыг фæкалдта, уый йæхи æмæ Иунæг Хуыцау йеддæмæ ничи зыдта. Уыцы Иунæг Хуыцаумæ куывта æхсæвæй-бонæй йæ хъæбулты йын знаджы нæмыгæй бахъахъхъæныны тыххæй. Хъæуы фидауц уыдысты фондзæй дæр йæ фондз хуры. Бирæтæ-иу сæм батæхуды кодтой.

1946 азы кæрон хур ракаст Сæлихатыл – сыздæхт йæ лæппуты хистæр Мустафа. Фæлæ удæгасæй нал сæййæфта йæ фыд Хъасболаты. Бирæ йыл фæмаст кодта, фæкуыдта...

Хъæуы нæлгоймаджы къухты тых нæ фаг кодта, æмæ Мустафа уайтагъд кусын райдыдта колхозы. Куыста галтыл, бæхтыл, фæстæдæр æрхæцыд трактор «Универсал»-ы рохтыл, кодта хоры куыст. Уыдис раззагдæр колхозон. Фæлæ, хъыгагæн, æртиссæдз азы дæр ыл нæма сæххæст, афтæмæй ацыд йе ‘нусон дунемæ. Уый уыдис 1966 азы. Уымæй дыууæ азы раздæр та йæ мад Сæлихат фæзиан.

Æлдаттаты Хъасболаты дыккаг лæппу Хадзымуссæ хæсты размæ Бакуйы цард, уыд базарады кусæг. Тохы быдырмæ дæр уырдыгæй ацыди. Фæлæ йæ хæстамонд нæ фæци. Хъæбатырæй фæмард 1943 азы Сталинграды цур.

1914 азы гуырд Æлдаттаты Таймураз уыди тынг хæларзæрдæ, æмгæрттыл æнувыд. Бирæ уарзта сывæллæтты. Æвæццæгæн, ахуыргæнæджы дæсныйад дæр уый тыххæй равзæрста. Йе скъоладзауты ахуыр кодта куыстыл æнувыд уæвыныл, Фыдыбæстæ уарзыныл, хистæрæн кад кæныныл. Раздæр урс финнтимæ хæцыд Таймураз, стæй та немыцаг фашистты ныхмæ. Уый дæр Хадзымуссæйау фæмард Сталинграды бынмæ ? 1942 азы сентябры.

Таймуразы кæстæр Измаил (Смайлы) уыдис рæсугъд, хæрзконд. Чындздзон чызджытæ-иу æм сусæгæй-æргомæй кæсгæйæ баззадысты. Афицеры дарæс тынг аив фидыдта йе уæнгтыл. Каст фæци фистæгæфсады училиææ. Уый фæстæ бахауди хæсты цæхæрмæ, знаджы дæрæн кодта алы фронтты. Хъæбатырæй фæмард 1943 азы апрелы.



Æлдаттаты Тембол.



Æлдаттаты Мустафа.



Æлдаттаты Хадзымуссæ.



Æлдаттаты Измаил.



Æлдаттаты Таймураз.

Æфсымæрты хистæр Мустафайæ цалдæр мæйы раздæр ссыд хæстæй æппæты кæстæр Темболат. Куыста Бруты хъæусоветы секретарæй. Фæлæ йын бирæ рацæрын нæ бантыст, 1975 азы 53-аздзыдæй амард. Баззадис ын чызг æмæ лæппу – Индирæ æмæ Тамерлан.

– Æвæдза, цас хотæ æмæ æфсымæртæ мын уыдаид... Фæлæ уыцы æнæхайыры хæст... – æрхæндæгæй дзырдта Израил йæ фыды æмæ фыдыфсымæрты мысгæйæ. –

Израилæн йæхицæн æртæ хойы ис – Светæ, Зариффæ æмæ Розæ. Иууылдæр бинонты хицау сты. Ис сын сывæллæттæ. Йæхицæн дæр – чызг æмæ дыууæ фырты.

70 азы рацыд, Уæлахизы фыццаг салюты æмæхстытæ куы банцадысты, уæдæй нырмæ. Фæлæ зындоны арты сау æвзæгтæ кæй асыгътой, уыдоны зæрдæты хъæдгæмттæ нæма бадзæбæх сты, дудынц абон дæр...

Хъæбатыртæ нæ мæлынц! Сæ нæмттæ сын хæссынц горæтты уынгтæ, куыстуæттæ, кусæндæттæ, скъолатæ, адæм сæ зонынц, кæм цардысты, уыцы хæдзæртты къултыл конд номарæн къæйтæй. Дæс азы размæ Бруты хъæуы уынгтæй дæр иуæн хъуамæ лæвæрд æрцыдаид ног ном – Æлдаттаты æфсымæрты ном. Фæлæ уыцы арфæйаг хъуыддаг æхцайы фæрæзты аххосæй бамынæг. Афтæ нæм кæсы, æмæ уыцы фарста ногæй æрæвæрын хъæуы районы администрацийы раз. Мæлæты бирæ фæрæзтæ куынæ хъæуы, мыййаг, чысыл хъæуы уынгæн йæ ном раивыны тыххæй. Уыйхыгъд Райгуырæн бæстæйы сæрвæлтау йе 'рыгон цард чи радта, уыцы æфсымæрты фарн æнусмæ баззайдзæн адæмы зæрдæты.

# НЕ 'ВЗАГ – НÆ ФАРН

ХОЗИТЫ Петр

*Наци ногæй йæ къахыл слæууын кæнæн ис æрмæст скъолайы фæрцы. Скъола хъуамæ суа нацийы авдæн.*

*Мигель де Унамуно*

## НАЦИОН СКЪОЛАЙЫ КОЙ ЦÆМÆН У ТОБÆГОНД?

Мадæлон æвзаджы фарста, æнæдызæрдыгæй, хауы, культурæйы проблемæты 'хсæн æппæты арæхдæр ныхас кæуыл цæуы, уыдоны номхыгъдмæ. Зæгъæн ис, æмæ ацы номхыгъды уый лæууы æппæты сæрæй, фыццаг бынаты. Æмæ афтæ у ныр къорд азы дæргъы. Арæх ахæм ныхæстæ дæр фехъусæн ис, нæ зæрдæ фæцъæх, зæгъгæ, уыцы темæйæ, æнæхъуаджы сты æппæт ныхæстæ дæр, уымæн æмæ уавæр фæхуыздæр кæнынæн æппындæр ницы ахъаз сты. Уый нæ, фæлæ ма йын зиан дæр хæссынц, уымæн æмæ дзыллæтæ фæлмæцынц уыцы иухуызон дзымандытæй, æмæ афтæмæй адæмы 'хсæн проблемæйæн æцæгдæр йæ карздзинад цадæггай слæмæгъ уыдзæн, зæгъгæ.

Афтæ мæм кæсы, æмæ ахæм ныхæсты бирæ ис рæстдзинад. Проблемæ бынтондæр куы ныммынæг уа, уымæй тас у. Уымæ гæсгæ ныхæстæй хъуыддæгтæм рахизын ныртæккæ у тынг ахсджиаг. Рæстæгыл куынæ райдайой практикон хъуыддæгтæ, уæд ныхас дæр цадæггай бамынæг уыдзæн. Йе сног кæнынæй та ницыуал рауайдзæн – фадат амонæг рæстæг уæдмæ æндæр проблемæтæ сæвæрдзæн ирон адæмы раз, бавæрдзæн сæ æндæр социалон-психологон фæлгæтты . Дуг нырткæккæ афтæ цырд ивы йæ культурон, цардыуагон, интеллектуалон домæнтæ уыйбæрц сты, æмæ йемæ æмуад куынæ кæнай, уæд кæмдæр историйы фæсвæд аззайдзысты куыд ацы ахсджиаг проблемæ, афтæ адæм сæхæдæг дæр.

Мадæлон æвзаг сæндидзын кæныны процесс бирæ мадзæлттæй аразгæ у, æнæхъæн комплексæй. Уынгты ирон фыстытæй райдай (æппæты æнцондæр хъуыддаг) æмæ ирон скъолатæ бакæнынæй фæу. Кæй зæгъын æй хъæуы, адон иухуызон ахадгæ

не сты мадæлон æвзаг царды ныффидар кæнынæн æмæ йæ дарддæры рæзтæн, фæлæ сæ иугай-дыгай райдайын хъæуы царды биноныг кæнын. Æмæ уæд, чи зоны, проблемæйы хъысмæт кæй къухы ис, уыдонæн дæр сæ национ зондахасты туг сыхъал уа æмæ скуса. Æмæ цынæ вæййы, чи зоны, мадæлон æвзаджы, стæй иумæйагæй национ культурæйы æппæты тыхджындæр мæцъис чи у – ирон скъола, – уый байгом кæнынмæ дæр сæ ныфс бахæссой. Мадæлон æвзаджы тыххæй проблемæйыл дзургæйæ, ацы æппæты ахсджиагдæр фарст, – национ скъола, – фæсвæд цæмæн зайы, сæйраджыдæр ууыл у абон нæ ныхасы сæр.

Алы æхсæнады дæр культурæйы фарстатæ лыг кæнын хауы йæ интеллектуалон тыхтæм гæсгæ. Æмæ канд культурæйы нæ. Æхсæнадон цардыуаг цавæр уыдзæн, адæмы политикон сомбон, уыдæттæ дæр аразгæ сты, национ элитæ кæй хонынц, уымæй – интеллигенцийы минæвæрттæй – алы къабазы дæр, -политикæйы ,культурæйы ,экономикæйы æмæ афтæ дарддæр.

Адæмы се ‘взагыл дзурын нал фæнды, æмæ сын тыхмитæй, агитацитæй цы бакæндзынæ, зæгъгæ, арæх фехъусæн ис ахæм ныхæстæ дæр, æмæ ахæм цæстæнгас объективон у, ома, æцæгдæр афтæ у, фæлæ уыцы уавæр æмткæй дзыллæты аххос кæнын нæдæр раст у, нæдæр конструктивон, ома ницы пайда хæссы ахæм хъуыды, зиан цы хæссы, уый йеддæмæ. Ахæм зондахастыл лæугæйæ, æрцæуæн ис æндæр хатдзæгмæ дæр, ома, алцыдæр уырыссаг æвзаджы аххос у, уый нын мары нæ мадæлон æвзаг, уый нын æй æлвасы æрвылбон нæ хъуыртæй, нæ удтæй. Уый аххосæй дзурынц ирон бабатæ æмæ нанатæ цъæррæмыхстытæ уырыссаг æвзагыл сæ хъæбулты хъæбултæм. Фæлæ æвзаг йæхæдæг куыд хъуамæ уа аххосджын? Уымæн уæвæн нæй. Афтæ мæм кæсы, æмæ ирон адæмы се ‘взагыл суæлæхох кæнынмæ цы уавæртæ æмæ цы адæймæгтæ батардтой, уыдон сты сæйраг аххосджынтæ. Зæронд дадатæ æмæ нанатæ сæ сывæллæтты сывæллæттимæ цъæрæмыхстытæ уырыссаг æвзагыл дзургæйæ, не ‘мбарынц, уымæй фыдми кæй кæнынц, сæ кæстæрты удыхъæд æмæ иумæйагæй нацийы сомбон кæй халынц, уый, æмæ, мæнмæ гæсгæ, уый у æппæты стырдæр фыдбылыз. Уый иу цæвиттон у, фæлæ нысан кæны проблемæйы иумæйаг æмæ сæйрагдæр аххоссаг – æвзаджы фарстмæ уæлæнгай цæстæй кæсын.

Абоны ирон адæм дзурынц, цард сæ цы ‘взагыл дзурын кæны, уыцы æвзагыл. Абоны уавæртæм гæсгæ сæ мадæлон æвзаг æппындæр ницæмæн хъæуы, æмæ ныххæцыдысты уырыссагыл.

Афтæмæй сæ сомбон сæхи къухтæй кæй ныгæнынц, ууыл хъуыды кæнын сын ничидæр бахæс кодта, нæдæр сæ æвдæлгæ кæны уымæ – царды сын æндæр хъуыдыйæгтæ бирæ ис. Ацы хъуыддаг у, уæлдæр цы элитæйы кой ракодтам, уымæй аразгæ. Уымæн хъуамæ «рисса» сæйраджыдæр йæ сæр. Афтæ у алы адæммæ дæр. Сæ прогрессивон архайдыл кæнæ сæ пъæззы æмæ фæстæзад зондахастыл. Ахадгæ у сæ ныхас æви сæ ничи ницæмæ дары? Цас сты бæрцæй? Æмхъуыды, æмвæнд сты? Сæ адæмы сомбоныл хъуыды кæнынц æви йæм уæлæнгай, æфсоны цæстæй кæсынц? Бæрнондзинад сæм кадджын бынаты ис æви нæй? Ныфсджын сты æви не сты? Æппæт ацы критериты хуыздæр домæнтæн национ элитæ кæд аккаг у, кæд сæ æххæст кæны, уæд катайаг нæ уыдзысты уыцы адæмæн йæ сомбон дæр æмæ йæ мадæлон æвзаджы хъысмæт дæр. Ирон адæмы национ æвзаг абон лæууы сæфты къахыл, æмæ уый у бæлвырд дзуапп, ирон национ элитæйы фæдыл уæлдæр цы фарстытæ сæвæрдтам, уыдонæн – уый абон кæнæ бынтон лæмæгъ у, пырхытæ зондыл хæст, кæнæ та æппындæр нæй. Афтæ кæй у, уымæн та ис иукъорд бæлвырдгæнæг факты. Сæ иуæй-иуты кой дзы ракæндзынæн.

Ирон æвзаджы абоны уавæрмæ ахаст нæ интеллигенцийы ‘хсæн алыхуызон у: æппæты пессимистонæй райдай – æнæ фесæфгæ йын нал и, зæгъгæ, æмæ хъæддых, ныфсджын ныхæстæй фæу. Уыдон та фидарæй зæгъынц, ома, дам, ирон æвзагæн æппындæр ницæмæй тас у. Æцæг, бæрæг нæу, ахæм хатдзæгты авторты цы ныфс ис, сæ ныхæстæн цавæр бындур ис? Абон ирон æвзаджы бынтыл нымайын хъæуы мадæлон æвзагыл фыст аив литературæ, адæмон сфæлдыстад, публицистикæ, æндæр литературæ нырыккон æмæ рагондæр историйæ. Уыдæттæй удæгас у не ‘взаг. Удæгас кæй у, уый æвдисæг ма у, Ирыстоны хъæутæ æмæ сахарты уынгты ирон -уырыссаг æмхæццæ ныхас кæй хъуысы, уый дæр. Бонæй-бон къаддæр, бонæй-бонмæ æмхæццæдæр, фæлæ уæддæр адон сты абоны ирон æвзаджы æвдисæндартæ. Ныртæккæ ирон æвзагыл цæуы чингуытæ, газеттæ, журналтæ, алыхуызон телевизион видеоæрмæг, активонæй йæхи æвдисы эстрадон аивад, сарæх сты сæрмагонд рекламон роликтæ дæр. Раздæр ахæмтæ нæ уыд, æмæ уый бирæтæн дæтты ныфс, æвзагыл куыст цæуы, æмæ йын фесæфынæй тас нæу, зæгъгæ. Бæргæ афтæ куы уаид, фæлæ, хъыгагæн, уыдæттæ рæстæгмæйы хъуыддæгтæ сты. Уый, мæнæ

кæлæддзаг хæдзармæ лыстæг быцæутæ куыд æвæрай, уымæй уæлдай нæу . Чингуытæ цæуы иронау, уымæн æмæ сæ фыссынц, ирон скъолатæ ма чи æрæййæфта, уыцы ас литератортæ. Ирыстоны Фысджыты цæдисы æппæты кæстæртæ 60 азмæ æвваxс сты се ‘ппæт дæр! Уыдонæй фæстæмæ у афтид! Æмæ дарддæр цы?

Æвзагыл æрвылбон куыст куынæ цæуа мæрау, уæд ын абон уа, райсом æнæ бахуыскъ уæвæн нæй. Зæххы куыст дæр афтæ у. Куы ницы дзы байтауай, уæд дзы тыллæг нæ райсдзынæ. Цæмæй дзы байтауай, уый тыххæй та йæ кусын хъæуы. Æрвылаз дæр, æрвылбон дæр. Рекламон æрмæгæн йæ ном йæ уæлæ ис. Сиды мадæлон æвзагыл дзурынмæ, ахуыр æй кæнынмæ, фæлæ амонгæ ницы кæны, зонындзинæдтæ нæ дæтты. Уыдон рæстæгмæ хъуыддæгтæ сты, рæстæгмæ ныфсытæ кæмæндæр, чи зоны, фæдсафæнтæ дæр. Цæмæй скъолайы кой ма уа, уый тыххæй. Ахæм хатдзæг уымæн æвзæры, æмæ, бæрæг у: ирон æвзаджы ныфсджын сомбоныл дзургæйæ, цыфæнды аргументтæ дæр кæнынц иу ранмæ – ирон национ скъоламæ. Æнæ уый ныры уавæрты фервæзæн нæй мадæлон æвзагæн. Гæнæн ма йын уыди ирон традицион æхсæнады уавæрты. Уый йæ бахъахъхъæдта, скъола куы нæма уыд, уыцы дæргъвæтин дугты дæр, æмæ скъолатæ куы сæхгæдтой, уый фæстæ дæр. Ахæм æхсæнады ирон æвзаг æмæ ирон æгъдау уыдысты иу, уыдысты фæткау, рекламæтæ сын нæ хъуыди. Уый уыди ирон цардыуаг, æхгæд æмæ æдас æддæрдыгон дунейæ. Ныртæккæ ахæм ирон традицион æхсæнадæн йæ кой, йæ хъæр дæр нал ис. Кæмдæрты ма дзы цы скъуыддзæгтæ баззад, уыдон дæр Шагрены цармау къаддæрæйкъаддæр кæнынц, æмæ ма сын цас цæрæнбон ис, уый бæрæг нæу. Уымæ гæсгæ тагъд рæстæджы ирон скъола куынæ фæзына, уæд, уæлдæр цы ранымадтам, ирон æвзаджы бынтæ сты ,зæгъгæ, уыдон суыдзысты музейон экспонаттæ, историон цыртдзæвæнтæ. Мæнæ ныртæккæ рагон Авестæйы æвзаг куыд у, афтæ.

Уый иу хъуыддаг. Иннæ та уый, æмæ мадæлон æвзаджы абоны уавæрмæ не ‘хсæнады кæсынц алыхуызон цæстæй. Нæ ахуыргонд адæмы зынгæ хай фагыл нымайы, ирæттæ сæ мадæлон æвзаг ныртæккæ цы æмвæзадыл зонынц, уый, стæй литературæ, театр, ирон æвзагимæ баст аивады æндæр хуызты ныры уавæр. Фаг сæм кæсы ирон æвзаг паддзахадон æмæ æхсæнадон царды куыд æгад, ницæйаг бынаты ис, уый дæр. Уыцы адæм мадæлон

ӕвзаджы рӕзтӕн фагыл нымайынц рекламон ӕмӕ ахӕм ӕнгӕс рог мадзӕлттӕ. Ахӕмтӕн ирон ӕвзаг фидарӕй лӕууы йӕ къахыл, ӕмӕ йын ӕввахс рӕстӕджыты ӕцӕгдӕр ницӕмӕй тас у. Фӕлӕ мадӕлон ӕвзагӕн сӕ зӕрдӕ фылдӕр кӕмӕн зӕгъы, ахӕмтӕ дӕр ис. Зӕгъӕм, канд ӕмхӕццӕ ныхасы уаг нӕ, фӕлӕ ма рӕсугъд литературон ӕвзагыл дзурын дӕр. Мадӕлон ӕвзагыл ног литературон шедевртӕ ӕмӕ аивады алы хуызты курдиатджын уацмыстӕ фӕлдисын. Паддзахады официалон хъуыддӕгтӕй райдайгӕйӕ суанг спорты алы хуызтыл иронау дзурын цӕмӕй фӕтк уа, ӕмӕ цӕмӕй нӕ рагон ӕвзаг сахуыр кӕнынмӕ ӕндӕр адӕмтӕ дӕр тырной, – ӕппӕт адӕттӕ йӕ зӕрдӕ кӕмӕн зӕгъы, уыдон та афтӕ хъуыды кӕнынц, зӕгъгӕ, ирон ӕвзаг сӕфы, ӕмӕ йын уӕлӕнгай мадзӕлттӕ ницыуал баххуыс кӕндзысты, – ӕрмӕстдӕр национ скъола.

Мадӕлон ӕвзаджы хъысмӕтыл дзургӕйӕ, пайда чындӕуы ахӕм формулӕйӕ дӕр, зӕгъгӕ, иронау бинонты ӕхсӕн дзурын у ӕппӕты сӕйрагдӕр. Ӕрмӕстдӕр, дам, уый у фервӕзыны хос. Уый дӕр лӕууы, уӕлдӕр цы мадзӕлтты кой ракодтам, уыдоны ӕмрӕнхъ. Нӕдӕр уӕлдӕр, нӕдӕр дӕлдӕр. Йӕ пайда дӕр афтӕ. Ӕмӕ ӕппӕт ацы ныхӕсты фурды стӕм хатт вӕййы национ скъолайы кой. Уый дисы ӕппары, уымӕн ӕмӕ ӕнӕхъӕн дунейы рагӕй бӕлвырдгонд у: алы културӕ дӕр йӕ тыхтӕ сӕйраджыдӕр исы национ скъолайӕ, уый у йӕ цӕрыны хос, йӕ рӕзты суадон. Уыцы суадон бахуыскъ, зӕгъгӕ, уӕд ӕнӕ сӕфгӕ нӕй национ културӕйӕн дӕр. Ӕмӕ уыдӕттӕ зонгӕйӕ, скъолайы кой цӕуылнӕ ис нӕ разагъды лӕгтӕм? Уый диссаг у уӕдӕ цы у. Национ скъола мадӕлон ӕвзаг бахъахъӕныны сӕйраг мадзал кӕй у, уый иу адӕймаджы дзыхӕй дӕр не схауд, ӕрӕджы чи уыдис, уыцы Стыр Ныхасы съезды дӕр. Ӕмӕ ма уымӕй хуыздӕр кӕм хъуамӕ загъдӕуа ирон скъолайы тыххӕй?

Ацы хъуыддагӕй ма исты рауайдзӕн, кӕд сӕ уый нал уырны, ӕмӕ уый у ахӕм рохдзинады сӕйраг аххоссаг? Ома ирон ӕвзаджы функцитӕ бынтон куы скъуындӕг сты, фынг амоныны йеддӕмӕ куы никуыуал хъӕуынц, уӕд ма цӕй ирон скъолайыл дзурӕм. Стӕй ацы темӕйыл, ома скъолайыл республикӕйы хицӕуттӕ дӕр нӕ дзурынц, ӕвӕццӕгӕн, сӕ ницӕмӕн хъӕуы, ӕмӕ уӕд махыл дӕр цы уынгӕджы бон ис, зӕгъгӕ. Ӕмӕ уӕд цы пайда у, ӕвзаг бахъахъхъӕнынӕн стыр нымадӕй пайда чи нӕ хӕссы, ахӕм мадзӕлттӕм сидын? Не 'взаг ма нӕ кӕд ӕрмӕст

дзурынæн хъæуы, уæд, чи зоны. Фæлæ нæ кæд фæнды, æмæ ма дарддæр иронау литературæ, аивад, иумæйагæй культурæ уа, уæд та хъæуы скъола. Æмæ ацы 2 фæндагæй иу равзарын хъæуы. 11 азы размæ скъолайы фæндаг равзæрстой, бирæвзагон æмæ бирæкультурон ахуырады концепци чи сарæзта, Ирыстоны уыцы ахуыргæндтæ Бзарты Руслан æмæ Хъамболты Тамерлан.

Æнæхъæн дунейы дæр иумæйаг культурон, иумæйаг цивилизацион процесстæ афтæ цырд рæзынц, æмæ сыл, куыд фæзæгъынц, цæст нæ хæцы. Ног информацион технологитæй пайда кæнгæйæ, æппæт дунейы адæмыхæттытæн феввахсдæр сты сæ бастдзинæдтæ, рауæрæх сты сæ зонындзинæдтæ. Уыдонæн сæ национ фæлгæтты цæрын сæ бон нал у. Ирон адæмы царды дæр æнæмæнг уыцы тенденцитæ сæ фæд уадзынц. Иумæйаг культурон тыгъдады кæй сты, уымæ гæсгæ ирон æвзагыл æппæты тынгдæр æндавынц уырыссаг æвзаг, уырыссаг культурæ æмæ уый фæстæ, кæй зæгъын æй хъæуы, дунеон культурæйы рæзты тенденцитæ дæр. Ахæм уавæрты бирæвзагон æмæ бирæкультурон ахуырады концепци Ирыстоны æххæстæй ныббиноныг кæнын нысан кæны абоны цивилизацион процессты раз цæттæ уæвын æмæ уыимæ мадæлон æвзаг æмæ хæдбындур национ культурæ бахъахъхъæнын.

Ирон скъолайы истори дæргъвæтин æмæ драматикон у. Æвæццæгæн ын тохы фæндаг схонæн дæр ис. Ирон скъолайы ма чи ахуыр кодта (8-æм къласы онг æппæт предметтæ дæр иронау), нæ уыцы фысджытæ, мадæлон æвзаджы хъысмæтыл тыхсгæйæ, дзурынц, зæгъгæ, ногæй раздæхын хъæуы уыцы ахуырады системæмæ. Фæлæ уымæн гæнæн нал ис. Фыццаджыдæр уымæн, æмæ тынг раивта дуг. Ирон скъола бынтондæр куы сæхгæдтой, уæдæй абонмæ рацыд 50 азæй фылдæр. Уыцы рæстæгимæ абаргæйæ, мах не ‘ппæт дæр цæрæм бынтон æндæр дунейы. Басæттын хъæуы ууыл, æмæ ахæм скъоламæ йæ сывæллоны ничиуал ратдзæн. Ныййарджыты психологи раивта. Уыдон сæхæдæг дæр нал зонынц сæ мадæлон æвзаг, стæй сæ цоты фидæн дæр ирон æвзагимæ нæ бæттынц. Ахæм уавæрты æрымысын хъуыдис исты ног системæ. Æмæ фæзынд полилингвалон æмæ поликультурон ахуырады системæ. 11 азы размæ райдыдта, ацы проект царды куыд рауайдзæн, уый фæдыл эксперимент. Нырма уал райдиан къæсты. Арæзт æрцыд ног чингуытæ дæр. Ацы хъуыддаг абон цы уавæры ис, уый тыххæй мæнæ цы зæгъы

экспериментæн разамынддæтджытæй иу, филологон зонæдты доктор, профессор Хъамболты Тамерлан :

**«Национ скъола абон Ирыстоны нæй, стæй ахæм нæ уыди, 20-æм æнусы дыккаг æмбисы национ скъола кæй хуыдтам, уый дæр. Хъуыддаг уый мидæг ис, æмæ уыцы скъола национ уыдис æрмæстдæр йæ ‘взагмæ гæсгæ, – иронау дзы ахуыр кодтой, фæлæ ахуырады мидисы æппындæр иронæй ницы уыдис. Ахуыр кодтой, цæдисон ахуыргæнæн чингуытæй иронмæ кæй ратæлмац кодтой, уыдонæй. Уыцы цæдисон чингуыты та ирондзинады кой, ирон хъуыддæгты кой æппындæр нæ уыди. Мах æрхъуыды кодтам мæнæ ацы модель: иу цъары, иу чиныджы мидæг иугонд сты æртæ хайы – æппæтдунеон культурæ, æппæдунеон истори, Уæрæсейы истори æмæ культурæ æмæ нæхи ирон культурæ æмæ истори. Æмæ ацы модель, ацы чингуытæ куы рапарахат кæнæм, не скъолаты уыцы чингуытæй куы ахуыр кæной, уæд нæ бон зæгъын уыдзæн, ныр нæм æцæг национ скъола ис, зæгъгæ.**

**Хæлæг кæнæм нæ коллегæтæм Тæтæр æмæ Цæцæны республикæты. Уыдон, махмæ кæсгæйæ, ацы хъуыддаг райдыдтой ахуыр кæнын, райдыдтой аразын ахæм ахуырады системæ сæ республикæты, фæлæ ныр махæй фæраздæр сты. Мах кæд нырма дзургæ кæнæм, зæгъгæ, астæуккаг скъолайыл дæр хъæуы бакусын, уымæн дæр ахуыргæнæн чингуытæ саразын æмæ сæ 5-æм къласæй уæлæмæ эксперименты рауадзын, уæд уыдон ацы куыст ныридæгæн райдыдтой. Мах змæлыдыстæм æрмæстдæр федералон æхцайы фæрæзты руаджы. Уыдон фесты, æмæ мах дæр æрлæууыдыстæм. Нæ коллегæтæ та бахатыдысты сæ республикæты хицæуттæм, уыдон бамбæрстой ацы хъуыддаджы ахсджиагдзинад, сразы сты сæ курдиатыл, æмæ цæмæй дарддæр архайой, уый тыххæй сын радих кодтой æхцайы фæрæзтæ республикæты бюджетæй.**

**Эксперимент райдиан скъолайы фæцис 2013-æм азы. Ныртæккæ нæ разы лæууы дыууæ фарсты. Фыццаджыдæр, цæмæй ацы полилингвалон модель рапарахат кæнæм не скъолаты, куыд хуымæтæджы ахуырады системæ, афтæ. Уый тыххæй ног домæнтæм гæсгæ алы чиныгæн дæр саразын хъæуы электоронон верси (хуыз). Æнæ уыцы электронон верси махæн нæй уыцы чингуытæ æнæмæнгхъæугæ ахуыргæнæн чингуыты федералон номхыгъдмæ бахæссæн. Уыцы номхыгъдмæ ног чингуытæ куынæ бахæссæм, уæд сæ паддзахадон скъолаты пайдагæнæн нæй. Æмæ ныр-**

**тæккæ кусæм ууыл, цæмæй электронон хуызтæ бацæттæ кæнæм. Куыст дæр кæронмæ фæхæццæ кæны, æмæ нæ зæрды ис чингуытæ сæ электронон хуызтимæ иннæ аз Уæрæсейы ахуырады академийы экспертизæмæ бавдисын. Экспертизæ куы бафæразæм, уæд нæ бон уыдзæн чингуытæ Уæрæсейы ахуырад æмæ зонады министрадмæ бавдисын, цæмæй сæ уым сфидар кæной æмæ, уæлдæр цы номхыгъды кой ракодтон, уырдæм сæ бахæссой. Уыдæттæ нæ къухы куы бафтой, æрмæстдæр уый фæстæ нæ бон уыдзæн афтæ зæгъын, полилингвалон æмæ поликультурон ахуырады модель Ирыстоны сбынат кодта, зæгъгæ».**

Цыфæнды хъуыддагæн дæр йæ хорздзинæдтæ æмæ йæ аиппытæ æппæты хуыздæр сбæрæг кæны рæстæг. Цæгат Ирыстоны цы ног ахуырады концепцийыл бакуыстой, уый айхъуыст æнæхъæн Уæрæсейыл. Ныхас ыл цыдис паддзахадон Думæйы дæр. Æнтыстджынæй дзы пайда кæнынц Тæтæры æмæ Цæцæны республикæты. 11 азы размæ полилингвалон æмæ поликультурон ахуырады системæ фыццаг фæлварын райдыдтой Цæгат Ирыстоны педагогон институты, скъола «Диалоджы». Ацы скъолайæн æрæджы радтой гимназийы ном. 11 азы размæ эксперимент цы къласæй райдыдта, уыдон ацы аз каст фæуыдзысты скъола. Сабитæн сæ фылдæр, фыццаг къласмæ куы бацыдысты, уæд иронау æппындæр нæ дзырдтой. Æмбаргæ кодтой. Уый дæр сæ иуæй-иутæ. Сæ ныййарджытæ сæ, иронау чи нæ зоны, уыцы къордмæ дæр уымæн бакодтой. Хонынц ма сæ уырыссаг къордтæ кæнæ та, ирон æвзаг дыккаг кæмæн у, ахæм кълæстæ. Афтæмæй сывæллæттæн сæ 80 процентæй фылдæр сты ирæттæ. Ахæм къордтæм сæ бакæнæынц сæ ныййарджытæ, цæмæй, дам, сын æнцондæр уа ахуыр кæнын. Ахæм зондыл хæст у абон ирон ныййарæг. Уый объективон уавæр у æмæ æвдисы, нырыккон цард æхсæнады раз цы домæнтæ æвæры, уый. Уыцы домæн цæмæй æххæст цæуа æмæ мадæлон æвзаг йæ бынаты уа, уымæ арæзт у, цы ахуырады системæйыл дзурæм, уый дæр. Куыд загътон, афтæ дзы ис ирон æмæ уырыссаг кълæстæ. Полилингвалон модель скъоладзауты зонгæ кæны ирон, уæрæсейаг æмæ дунеон культурæтимæ. Ахæм у æвзаг ахуыр кæныны уавæр дæр: ирон, уырыссаг æмæ фæсарæйнаг. Фыццаг 2 азы сæйрагдæр предмет у ирон. Уый ирон кълæсты. Ацы рæстæг мадæлон æвзагыл ахуыр кæнынц канд æвзаг нæ, фæлæ æндæр предметтæ дæр. Концепци бындуриуæг кæны ахæм

зындгонд педагогон хъуыдыйыл, зæгъгæ, саби дуне бамбарынмæ йæ фыццаг къахдзæфтæ хъуамæ сараза йæ мадæлон æвзаджы руаджы. Афтæ амыдтой æмæ амонынц номдзыд ахуыргæндтæ. Уæлдæр цы методикæйы кой ракодтам, уый ацы ахуырады системæйæн йæ ирон хай у. Цы эксперименталон къласы кой ракодтон, уым та ахуыр кодтой, ирон дыккаг æвзагыл кæм нымад цæуы, ахæм методикæйæ. Æцæг, ног концепцийы бындурыл арæзт чингуытæм гæсгæ. Фыццаг къласæй суанг иуæндæсæммæ. Уыдон дæр арæзт æрцыдысты ацы эксперименты фæлгæтты, педагогон институты чи байгом, ЮНЕСКО-йы уыцы кафедрæйы. Бæрæг куыд у, афтæмæй иронау фыст ахуыргæнæн чингуытæ нырмæ дæр уыдис, фæлæ уыдон уыдысты тæлмацгонд уырыссаг æвзагæй. Ацы ахуыргæнæн чингуыты та Уæрæсе æмæ дунейы культурæты æмрæнхъ амынд цæуы Ирыстоны культурæ, Ирыстоны истори, аивад æмæ афтæ дарддæр. Æмæ уый у сæ ногдзинад. Уымæ гæсгæ цымыдисондæр у уырыссаг къорды фæстиуджытимæ базонгæ уæвын, уырыссагау ахуыр кæнгæйæ, бирæкультурон концепцийы фæлгæтты арæзт ахуыргæнæн чингуытæ мадæлон æвзаг базонынæн цы фæахъаз сты, уый фенын. Фыццаг къласæй фæстæмæ сæ ирон æвзаджы ахуыргæнæг уыди Джыбылаты Иринæ. Уый поликультурон ахуырады концепцийы фæдыл сарæзта чингуытæ дæр. Куыд фæзæгъынц, ацы ног системæйæн йæ алы фæзилæн дæр зоны. Йæ зонындзинæдтæ, йæ уды тавс, йæ фæлтæрддзинад бавæрдта ацы хъуыддаджы. Йæ хъуыдымæ гæсгæ, ног ахуыргæнæн чингуытæн, сæ системон арæзты мидисæн ис стыр ахадындзинад. Æндæр культурæты æмрæнхъ дзы Ирыстоны цард дæр æвдыст кæй цæуы, уый йæхæдæг дæр цымыдис æвзæрын кæны скъоладзаутæм, разæнгард кæны мадæлон æвзаг ахуыр кæнынмæ. Уæдæ æнæнхъæлæджы нæу, уыдонæн ныридæгæн дæр сæ бон кæй у канд сæ урокты темæтыл ныхас кæнын нæ, фæлæ ахсджиаг фарстыты фæдыл сæ хъуыдытæ дзурын дæр:

**«Эксперимент куы райдыдта, уæдæй нырмæ рацыд 11 азы. Æз ног эксперименты фæлгæтты, ног чингуытæм гæсгæ куыстон мæ къласимæ фыццаг азæй фæстæмæ. Эксперимент фæцис, æмæ йын йæ хатдзæгтæ нæхи цæстæй уынæм: сывæллæттæй иронау ничи дзырдта, æмбаргæ сæ чидæртæ кодта. Ныртæккæ се 'ппæт дæр дзурынц иронау – ирон чи нæу, уыдон дæр æмæ ирон сывæллæттæ дæр. Æнæмæнг, уый æнтыст у, æмæ цæмæй**

**къухы бафтыдаид, уымæн стыр ахъаз фесты, ЮНЕСКО-йы кафедрæ скъолатæн æмæ рæвдауæндæттæн цы чингуытæ сарæзта, уыдон. Уый тыххæй мæ бузныг зæгъын фæнды, ацы хъуыддагыл чидæриддæр бакуыста, уыдонæн: пединститут, кафедрæ, Ахуырады министрад.**

**Иумæйагæй мæм афтæ кæсы, цыма нæ адæм фæстаг рæстæджы ирон æвзагмæ се 'ргом фылдæр аздæхтой. Бирæ æвзонг ныййарджытæй фехъусын иронау дзургæ сæ сывæллæттимæ, уый размæ-иу æфсæрмы кодтой.**

**11 азы размæ фыццаг полилингвалон кълас куы байгом, мæнæ мæ къласы кой кæнын, – уæд ныййарджытæ сæ сабиты уырдæм радтынмæ тынг зивæг кодтой, цæуылдæр тыхстысты. Экспериментты фæстæ ахæм дызæрдыгтæ нал ис. Афтæ мæм кæсы, æмæ ныййарджытæ дæр æмбарын райдыдтой, мадæлон æвзаг зонын кæй хъæуы, уый. Æнæ уый сын зын уыдзæнис сæ дарддæры царды. Раздæр-иу кæд афтæ дзырдтой, уадз æмæ хъæуккæгтæ дзурæнт иронау, мах нæ хъæуы, зæгъгæ, уæд ныр ахæм ныхас нал фехъусдзынæ. Иу хатт ма йæ зæгъдзынæн: тынг феххуыс сты ацы ног чингуытæ. Ныййарджытæй бирæтæ сæхæдæг дæр нæ зонынц се 'взаг, æмæ ацы чингуытæй бирæ ног дзырдтæ базонынц».**

Сæ мадæлон æвзаг сахуыр кæнынмæ, сæ культурæ, сæ истори базонынмæ ирон фæсивæды цымыдис кæй фæтыхджындæр, уый бафиппайдта зындгонд ахуыргонд, социологон зонæдты доктор, профессор Дзуццаты Хасан. Æрæджы цы социологон иртасæнтæ сарæзта ирон æвзаджы фæдыл, уымæн йæ фæстиуджытæ мыхуыр æрцыдысты республикæйы сæйрагдæр газетты. Фарстой 11-æм къласы ахуырдзауты æмæ рæвдауæндæтты хъомылгæнджыты. Кæй бафарстой, уыдонæн сæ фылдæр ацы фарстыл никуыдæр ахъуыды кодтой, сæ 21 проценты хъуыдымæ гæсгæ не 'взаджы кад кæны ныллæгдæр. Сæ 5 проценты та хъуыды кæны афтæ, зæгъгæ, ирон æвзаджы кад кæны бæрзонддæр. Ахуыргæнинæгты ма фарстой, мадæлон æвзаджы уавæр цæй руаджы фæхуыздæр уыдзæн, зæгъгæ. 45 процентæй фылдæр ахæм мадзалыл нымайынц фыццаг къласæй ирон æвзаг амонын. Дыккаг ахсджиагдæр мадзалыл нымайынц радио æмæ телевизион равдыстыты нымæц фæфылдæр кæнын æмæ æртыккагыл та – ахуыргæнджыты мызд фæфылдæр кæнын. Цымыдисон рауадысты бафарсты хатдзæгтæ рæвдауæндæтты хъомылгæнджыты 'хсæн.

Кæй бафарстой, уыдон се ‘ппæт дæр, ома сæ 100 проценты, хорзыл нымайынц, цæмæй рæвдауæндæтты сабитæн амоной ирон æвзаг. Уыцыиу рæстæг цалдæр æвзаг амоныны системæ, ома полилингвалон кæй хонынц, уыцы ахуырад хъомылгæнджытæ нымайынц хорз хъуыддагыл. Уæдæ афтæ зæгъæн ис, цалдæр æвзаджы ахуыр кæнын у дуджы домæн, социалон заказ кæй фæхонынц, уый.

Дзуццаты Хасаны хъуыдымæ гæсгæ, æвзаджы фарстытæм йæ хъус чи дары, уыцы эксперттæ дæр бафиппайдтой, ирон æвзагмæ цымыдис кæй рæзы, уый, уæлдайдæр та фæсивæды ‘хсæн, æмæ ацы процесс къухæй ауадзын нæ хъæуы, уымæн æмæ рæзгæ фæлтæр сæ мадæлон æвзагмæ цы цæстæй кæсынц, уый у тынг ахсджиаг, уыдонæй аразгæ у, не ‘взаг цы бауыдзæн, уый – йæ сомбон цавæр фæндагыл ацæудзæн. Хицаудзинад ацы проблемæмæ цы цæстæй кæсы, уый дæр, бафарсты бæрæггæнæнтæм гæсгæ, нымад æрцыд иттæг ахсджиаг уавæрыл æвзаджы кадæн аргъ кæныны хъуыддаджы.

Хасан куыд зæгъы, афтæмæй мадæлон æвзаджы нысаниуæг æппæты хуыздæр бамбарынц, Ирыстонæн æддейæ чи цæры, уыдон. Уым, æндæр адæмты æвзæгтæм хъусгæйæ, ирон æвзаджы кад сæ цæсты цæхгæр сырæзы æмæ афтæмæй баззайы, сæ райгуырæн бæстæмæ куы æрыздæхынц, уый фæстæ дæр. Ома мадæлон æвзаг зонын хъæуы канд уымæн нæ, æмæ дæ Ирыстоны цæргæйæ бахъæудзæн. Уый хъæуы алы ран дæр, уымæн æмæ у адæмыхатты сæйрагдæр миниуæг, дæ мадæлон æвзаг, дæ адæмы культурæ æмæ традицитæ зоныс æви нæ зоныс, уымæ гæсгæ аргъ кæнынц адæймагæн фæсарæнты дæр. **Дзуццаты Хасан, социологон зонæдты доктор, профессор:**

**«Ныртæккæ зæххы къори, мæнæ куыд фæзæгъынц, иу дынджыр хъæуау ссис. Уымæ гæсгæ æвзæгтæ зонын алкæмæн дæр у æнæмæнг хъуыддаг. Кæй зæгъын æй хъæуы, ирон фæсивæдæн дæр. Уыдон æрмæст Уæрæсейы цæрын нæ фæнды, дарддæр цæуыныл дæр хъуыды кæнынц, фæнды сæ æндæр бæстæты дæр сæхи равдисын, карьерæ саразын.**

**Европæйы уыцы фæндагыл раджы рацыдысты. Цæвиттон, Германы чи цæры, уыдон ахуыр кæнынц, фыццаджыдæр, сæхи æвзаг, стæй ма хъуамæ зоной кæнæ англисаг, кæнæ францаг. Ахæмтæ дæр ис, къорд æвзаджы чи зоны.**

**10 адæймаджы куы бафæрсай Дзæуæджыхъæуы, уæд 10 дæр**

**зæгъынц, англисаг кæнæ нæ немыцаг æвзаг сахуыр кæнын фæнды, зæгъгæ. Ирон æвзаджы кой та дæсæй ракæны 7 адæймаджы, иронау мæ сахуыр кæнын фæнды, зæгъгæ.**

**Афтæ куы зæгъæм, ирон æвзаг бынтон ныггæбæр, зæгъгæ, уæд уый дæр раст нæ уыдзæн. Фæсивæды ныртæккæ фæнды сæ мадæлон æвзаг зонын дæр.**

**Ахсджиаг мæм кæсы, нæ чиновниктæ, хицауады уæнгтæ иронау дзурынц æви нæ. 20-æм æнус куы райдыдта, уæд Америкæйы хицауады уæнгтæй алкæмæн дæр лæвæрдтой Библи, ома Хуыцау адæмы куыд уарзы, афтæ сæ уарз ды дæр. Æз та нæ чиновниктæй алкæмæн дæр лæвар кæнин Къостайы «Особа», цæмæй ирон адæмы уарзой, Къостайы кæсой æмæ афтæмæй бæрзонддæр кæна сæ культурæйы æмвæзад.**

**Адæймаг цас фылдæр æвзæгтæ зоны, уыйбæрц фендджындæр у. Англисагау куы зона, уæд Англисмæ дæр ацæудзæн, францаг куы зона, уæд Францмæ æмæ афтæ дарддæр. Фæлæ адæймаг афтæ арæзт у, æмæ йæхи культурæ куы фесафы, уæд хæрдмæ нал цæуы. Зæгъæм, Японы сæ культурæйы руаджы сарæзтой тыхджын экономикæ. Сæ культурæ сын æххуыс кæны алы хъуыддаджы дæр.**

**Ирон фæсивæдæй йе 'взаг, йе 'гъдау чи нæ ферох кодта, уыдонæн уый æххуысгæнæг у алы ран дæр. Сæ ирондзинад сæ размæ тæры. Цæвиттон, Хæххон металургион институты рауагъдонтæй бирæтæ ацыдис Норильскмæ, æмæ уым тынг хорз бынæтты кусынц. Афтæ зæгъæн ис, фæсарæнтæм чи ацыди, уыдонæй дæр. Зæгъæм, мæхæдæг зонын, нæ фæсивæдæй Германы чи цæры, ахæмты. Уыдон дæр хорз зонынц се 'взаг, се 'гъдæуттæ æмæ, сын уыдон æххуысы фæрæз сты – арæхсынц адæмимæ ныхас кæнын, кад сын кæнын. Сæ ирондзинады руаджы сæ хорз, æхцаджын бынæтты æвæрынц».**

Иуæндæсæмкъласонтæ æмæ рæвдауæндæтты хъомылгæнджытæ цæуыл дзурынц, уымæ, хъыгагæн, уазал цæстæй кæсынц нæ интеллигенцийы минæвæрттæ. Уымæ гæсгæ афтæ чи зæгъы, ирон адæмы национ хиæмбарынад рæзты фæндагыл лæуд у, зæгъгæ, уыцы экспертты хъуыдытæ сты гуырысхойаг. Афтæ куынæ уаид, уæд, мадæлон æвзаджы проблемæйыл дзургæйæ, скъолайы кой нымад цæуид æппæты сæйрагдæрыл. Бирæвзагон æмæ бирæкультурон ахуырад нырма дзæвгар къуылымпытыл æмбæлы, уымæн æмæ, дзыллæты 'хсæн уæрæх парахатгонд нæ

цæуы. Мадзæлттæ бирæ ис, æмæ сæ пайда кæнын хъæуы. Ног скъолайы хорздзинад чи не ‘мбары, уыдон барæй фыдми нæ кæнынц – уыдон æй æцæгдæр не ‘мбарынц, æмæ сын æй хуыздæр бамбарын кæнын хъæуы. Ирыстоны ахуыргæндты проект цы пайда æрхæсдзæн, уый, зæгъæм, уайтагъд бамбæрстой Уæрæсейы æндæр республикæты сæргълæуджытæ.

11-æм аз кусы Ирыстоны ног ахуырады системæ. Бирæ арæзт æрцыд ацы рæстæгмæ. Æвæццæгæн, сæйрагдæрыл нымайын хъæуы, ног ахуыргæнæн чингуытæ кæй фæзынд, уый. Сæ иутæ сты, нырмæ æппындæр чи нæ уыд, ахæм чингуыты æххæст цикл, 1-аг къласæй 11-æм къласы онг. Уыдон сты, иронау чи нæ зоны, уыцы сабитæн, ома, уырыссаг кълæстæн, иннæтæ та 1-аг къласæй 4-æм къласы онг, уыдон та ирон æмæ дыгурон къордтæн. Ацы чингуытæ бирæ ныхæстæ расайдтой. Сæ фылдæр – æдзæстуарзон æмæ уæлæнгай, уымæн æмæ нæ интеллигенцийæ бирæтæн ног чингуыты лыстæг хъæндзинæдтæ систы ирон скъолайы идейæ æххæстæй амарыны æфсон. 50 азы размæ куыд уыдис, афтæ. Уæдæ хъæндзинæдтæ хъæуы аиуварс кæнын. Ног ирон скъолайы концепцийæн та фæндаг радтын.

# ИРОН ПРОЗÆЙЫ АНТОЛОГИ

# ЦÆГÆРАТЫ МАКСИМ

*(1916 – 1990)*

*Цæгæраты Никъалайы фырт Максим райгуырд 1916 азы 27 августы Салыгæрдæны.*

*Ахуыр кодта кусджыты факультеты, стæй бацыд Цæгат Ирыстоны паддзахадон педагогон институтмæ æмæ йæ каст фæцис 1941 азы. Уæдмæ Фыдыбæстæйы стыр хæст райдыдта æмæ йæм фронтмæ фæсидтысты.*

*Фæлæ уал æй раздæр арвыстой танкты сæрмагонд скъоламæ. Уый фæстæ йæ снысан кодтой танкты ротæйы разамонæгæй. Бахауд хæстыты карздæрмæ – Сталинграды бынмæ. Стæй та Орелы, Курскы, Будапешты цур æвирхъау тохмæ.*

*Хæсты æмæ фæллойы фронты йе ' нтыстыты тыххæй райста паддзахадон хæрзиуджытæ – Сырх Тырысайы дыууæ ордены æмæ Сырх Стъалыйы орден, майдантæ.*

*Фæсхæст Максим куыста алы бæрнон бынæтты, уыд журнал «Мах дуджы» сæйраг редактор æмæ Фысджыты цæдисы сæрдар. Радтой йын адæмон фыссæджы ном, сси Къостайы номыл паддзахадон премийы лауреат.*

*Цæгæрайы-фырт литературæмæ бацыд поэтæй, «тызмæг прозæмæ» рахызт хæсты азты. Уæлдай зындгонддæр сты йæ уацаутæ «Сау хохы фыййау», «Ауызбийы кæстæртæ», «Хæххон барæг»...*

*Йæ уацмыстæ хицæн чингуытæй арæх цыдысты Ирыстоны æмæ Мæскуыйы рауагъдæдты, къорд дзы хаст сты скъолаты программæтæм.*

*Максим амарди 1990 азы 2 декабры.*

# ФАРН УÆ БАЛЦЫ

О цъиутæ, цъиутæ!.. Æвæццæгæн, боны райгуырд сымахæй æхсызгондæр никæмæн вæййы. Бæстæ зард, æхсидт æмæ æмтъæлланг дæр уымæн фесты. Цынæ хъæлæсæй срæмудзы уæ цин! Кæуылты нæ анхъæвзы. Кæй зæрдæйыл нæ асадзут уæ тæлфгæ базыртæ! Æрмæстдæр иунæг къутæр – иунæг æрæнцайæн. Ссарут æй. Райхъал æй кæнут æд быдыртæ, æд уæлдæф. Дæттæ уæ зарынмæ фестынц дугъæттæ. Йæ бынаты уæм сагъдауæй баззайы фæндаггон. Чъиллæттæй, бæгъæмсæрттæй уæм фезгъорынц нæ сабитæ. Дзыгъуыр цæсгæмттæ сын... Хуртæ сыл фæкафынц. Бæласы билцъ дæр фæйнæрдæм атоны йæ бостæ. Дунемæ цæрæг удæй фæзыны, йæ фæлмæн базыртæм фыццаг мыдгур æртæхы. Стæй дыууæ уды... Кæрæдзи уарзтæй æвзагцухтæ фæвæййынц. Сæ улæфт дæр сын ничиуал фæхъусы. Æрмæстдæр ма иу зæрдæ фæхъусы иннæйы дзæгъстдзæгъст. Ныггуыпп кæнынмæ сæ ницуал фæхъæуы.

О, цъиутæ, цъиутæ!.. Цымæ æнæ сымах цы уаид уалдзæг!..

Кæнæ та сæрд! Сахуыр уыл вæййæм. Æмырдæрæй, уæзбындæрæй нæм хъуысын байдайынц уæ цинтæ. Уымæй дæр – боныцъæхты. Уæвгæ нæ! Боныцъæхтæн сæ кой, сæ хъæр дæр нæма вæййы, арвы кæрæттыл боны рухсæй мисхал дæр нæма фæзыны, афтæ хъæд ныннæры, быдыртæ райхъал вæййынц. Сымах зарджытæй ныннæры хъæд. Сымах цинмæ рабадынц быдыртæ. Сымах базырты дымгæйæ ныггæр-гæр кæнынц фыццаг хатт мæнæуы ставд нæмгуытæ.

О, уыцы нæмгуытæ!.. Сызгъæрин дæр афтæ цæхертæ нæ калы. Уæвгæ хоры нæмгуыты раз цы у сызгъæрин! Æнæ уд, æнæ апп, æнæ билцъ. Фыццаг хатт хоры нæмыг сызгъæринимæ чи сбарста, æвæццæгæн, уымæй тынгдæр никуы ничи фæрæдыд. Хоры нæмыгæн æрмæстдæр цардæн йæхиимæ ис сбарæн. Уымæн æмæ цард уымæй гуыры. Цард уымæй цард хуины.

О, æмæ фыццаг нæмыг. Кæцæй уæ не 'рхоны йæ адджын тæфмæ! Куыд дардмæ йын базонут йæ райгуырд! Къуыдырæттау дзы уæхи сисын куынæуал фæфæразут. Уайтагъд уын уæ сисбынтæй уæ сой куы рахъарын кæны. Уæ гуцъатæ дзы ахæссын куынæуал фæфæразут. Уæ арфæтæн хæрзаг кæрон нал вæййы. Йæ комы тæф, йæ къухты хъармæй нæмгуыты уд чи бауагъта, уымæй дæр хуызæнæн нал фестъæлфут. Уæлдай

хæларзæрдæ вæййы уый дæр ацы бонты. Рæдау вæййы йæ бæркадæй. Иу «уыссиу» зæгъæг уын нал вæййы. Æрмæстдæр хатгай уæ зæрдæйы дзæбæхæн ныппæррæст ласут, уæ базырты сыф-сыфæй дымгæ расайут. Уазал дымгæ...

*О, цъиутæ, цъиутæ!.. Цымæ æнæ сымах цы уаид сæрд!..*
*О, цъиутæ, цъиутæ!..*
*Нырмæ дыгæйттæй,*
*Къордгæйттæй уыд уе стахт.*
*Стæй уæ зард дæр.*
*Ныр та стыр балтæй схъомпал стут арвыл.*
*Æвæццæгæн уыл фыны мит фæуарыд,*
*Йæ хъæпæнтæ уæ тарст цæстытыл уайынц.*
*Æмæ уæ зард уæ балцы сидтмæ рахызт.*
*Уæ лæппынтæн æппын æрæнцой нал и:*
*Цыма фæттæ сты, – æврæгъты фæныхсынц.*
*Тæхæнт, сæ лæппын тых æвзарæнт,*
*Кæмдæр сыл тагъд тымыгътæ дæр æмбæлдзæн...*

Æрбабони. Хъæды зарæг аскъуыд. Цы фестут, цъиутæ? Бурдымтæ æмæ урсдæллагхъуыртæ, саутæ... Дыгоппонтæ, саджилдымæг æмæ æрттивгæ базырджынтæ, гаккук æмæ уалдзæджы æнгуырдартæ, нæ хæхты, нæ бæсты æлдар кæмæн нæй, уыдон... Æрмæст ма мигъты сæрмæ дард кæцæйдæр хъуысы хърихъуппыты удаист хъæр, æвæццæгæн, сæ балæй исчи бастад. Сидынц æм. Кæд йæ бон нал уа, уæд æм раздæхдзысты. Иунæгæй йæ нæ ныууадздзысты. Уый сæ туджы нæй.

О, цъиутæ, цъиутæ... Уæлдæфы ма уе 'нгæстæй хъазы дымгæ. Æрмæст уе 'нгæстæ заргæ нæ кæнынц. Хус сыфтæр зарын нæ зоны.

*Рæгътæ – халас, арв æгасæй – милтæ.*
*Æртæх басыд, нал худы йæ цæстæй.*

*Быдыр баззад хаст æмæ æргъæвстæй,*
*Цъиутæ, цъиутæ...*
*О, цы фестут, цъиутæ!..*

*Баззад хъæды уе 'нæфæугæ сагъæс.*
*Бандзыг рæгътыл уе 'хситтæй зард.*
*Бамыр.*

*Цымæ, кæдмæ?*
*Цъиутæ, цъиутæ...*
*Фарн уæ балцы, цъиутæ!*
*Дард кæмдæр та уад-тымыгъ хæссы.*
*Уад кæмдæр йæ бæттæнтæ рæмудзы,*
*Фæлæ мигътыл хуры тынтæ судзынц...*
*Цъиутæ, цъиутæ...*
*Фарн уæ балцы, цъиутæ!*
*Разæй мигътыл хуры тынтæ худынц...*

## ХУРЫ РУХС

Нудæсæм декабрь. Сау денджызы был. Бон-изæрмæ хур йæ цалхыдзагæй фæкасти дунемæ. Цыма сæрдыгон бон уыди – бæлæстæ, кæрдæг – цъæх-цъæхид. Адæм – афтид хæдæтты, гомцонг, гомсæртæй. Денджызы былты, бæлæсты бынты тезгъо кæнынц. Сæ къæхты бын змисæмхæццæ æрттиваг хуыр йæ хъыррыстæй фæзмы денджызы сабыр уылæнты. Зыввытт – æмæ та чидæр дур фехста. Цъæх-цъæхид денджызы уæлцъарыл та урсурсид цæппузыртæ ферттывта.

Хур фæныгуылы. Тымбыл сырх зиллаккæй фыцы денджызы сæрмæ. Фыцы денджыз йæхæдæг дæр. Йæ фæздæг кæлы. Цыма ныртæккæ хур ныггуыпп ласдзæн... Нæ, уый йæхи найынмæ рауырдыг. Абондæргъы дуне фæтавта. Ссырхзынг. Ныр иучысыл хи уазал кæнын дæр æмбæлы.

Æмæ суанг арвы кæронмæ йæ сызгъæрин дзыккутæ райтыгъта. Цыма ардыгæй – денджызы былгæронæй – доны уæлцъарыл атылд.

Сызгъæрин тынтæй судзы денджызы нарæг уаццаг. Суанг арвы кæронмæ. Æрныгуылы хур. Сау мигъы цъуппы хуызæн цыдæр æрбауылæн кодта изæры сыгъдæг арвыл. Денджызы йæ тъæпп фæцыд. Æрæхгæдта уыцы сызгъæрин уаццаг. Арвы кæронæй суанг денджызы былмæ. Æдзынæг æм кæсын, уæдæ цы диссаг уа, зæгъгæ.

Денджызы бабызтæ! Мигъæмбæрцæй. Иууылдæр хуры фæдыл ныккастысты. Сæ къубæлттæ хæрдмæ сивæзтой. Цыма хуры фыццаг хатт федтой. Иу сыбыртт дæр сæ нал хъуысы. Кæд ын лæгъстæ кæнынц, иу чысыл ма фæлæуу, зæгъгæ?

Стæй хур йæ был атылдта денджызы. Аныгъуылд доны. Бабызты базыртыл ма аззад йæ тынты æрттывд. Уæддæр, хур кæм аныгъуылд, уырдæм кастысты. Кæд ын фæстæмæ раздæхын æнхъæл уыдысты?

Мæнмæ дæр афтæ касти. Мæ чъылдыммæ арвы цъæхыл мæй уыцы фæлурсæй куыд стылди, уый дæр, æвæццæгæн, уымæн нæ бафиппайдтон.

*Сочи, 1977 аз.*

## ÆНДÆР НИКÆМÆ...

Ныддаргъ та фæззыгон тар æхсæв. Сæ адджын фынты та аныгъуылдысты мæ сыхæгтæ. Иу сыбыртт сæ никæмæй уал хъуысы. Æрмæст ма рудзынджы тарвазы зестыл сæхи хойынц уарыны æртæхтæ. Цыма чидæр мæнæу дымгæмæ дары – ныссæх-сæх ласынц, исдуг фæсабыр вæййынц, стæй та ногæй – уыцы сæх-сæх, уыцы гæр-гæр...

Бадын мæ фыссæн стъолы уæлхъус. Зыбыты иунæгæй. Мæ хъуыдытæ мæ коммæ нал кæсынц – æнæдомд байрæгтау фæйнæрдæм фæтъæбæртт ласынц, тарст цъиутау ныппæр-пæр кæнынц. Ацу, æмæ сæ æрæмбырд кæн. Ацу, æмæ сæ фæд-фæдыл ралæууын кæн. Уд сæ бауадз. Иу хъæлæсæй сæ сдзурын кæн. Цыма æппындæр дæхицæй нал сты. Цыма чысыл раздæр дæ сæрæй, дæ зæрдæйæ не стахтысты.

Кæдæм скатай сты ахæм мæйдары? Ахæм уарыны? Чи сæ барæвдаудзæн? Кæй зæрдæйыл атыхсдзысты? Æви искуы тæхгæ-тæхын донластæй атайдзысты? Æмæ ма уæд сæ тахт цы у? Цæуыл ма катай кæнынц?

Уæд та сын бинонтæй хæдзары исчи куы уаид. Уæд та Зæлинæйы нывæрзæн сæхи амбæхсиккой. Уымæй хуыздæр сæ ничи бамбарид. Уымæй тынгдæр сыл ничи бацин кæнид. Уымæй æхсызгондæр никæмæн уаиккой.

Кæд сæ гыццыл фысым хæдзары кæй нæй, уымæн афтæ сызнæт сты. Æвæццæгæн. Æндæр сыл цы æрбамбæлди?

Сыстадтæн. Рудзынг сын байгом кодтон. Уарыны сæх-сæх, æхсæвы мæйдар æрдумæ дæр не 'рдардтой – уыциу пæррæст нылластой сæ гыццыл фысымы агурæг.

Ссардзысты йæ. Æнæмæнг ыл сæмбæлдзысты. Иу æртах дæр

сыл не ‘рхаудзæн. Дзæгъæл дæр нæ фæуыдзысты. Уымæн æмæ мæ зæрдæйæ ратахтысты. Уымæн æмæ Зæлинæмæ тæхынц. Æрмæстдæр уымæ. Æндæр никæмæ...

## БАЛЫ ДИДИНДЖЫТÆ

Уалдзыгон хуры тынты йæхи найы нæ балбæлас.

Урс-урсид, стæхынæввонгæй.

Мæ сæр зилы дидинджыты тæфæй. Æмæ мæм æцæгдæр афтæ кæсы, цыма ныртæккæ бæлас йæ урс базыртæ сисдзæн. Ныппæррæст ласдзæн. Балæудзæн арвы цъæхы. Æрзилдзæн хуры алывæрсты. Фæбаддзæн хæхты цъуппытыл. Ныхсдзæн йæхи райсомы æртæхæй æмæ æртæхдзæн фæстæмæ. Мæ рудзынджы бынмæ. Йæ рагон бынатмæ. Йæ хъарм, йæ фæлмæн зæххы гæбазмæ. Æрмæст æнæ йæ урс дарæсæй, æнæ йæ фæлмæн дидинджытæй. Уыдоны бæсты зæу-зæу кæндзæн йæ тарбын сырх балты уæзæй. Йæ алы гагайы дæр судздзæн хуры рухс, хуры хъарм...

Зилы мæ сæр дидинджыты тæфæй, мыдыбындзыты дывдывæй. Кæцæй æртахтысты иу ранмæ уыйбæрцæй? Æви æндæр никуы калы дидинæг балбæлас? Тынуафæгау куы кæнынц. Бафсис сын куы ницæмæй уал и. Иу дидинæджы къуск сын æнæсгæрстæй куынæ уал баззад. Бурбын стъæлфытæй куы æрбадтысты æнæхъæн бæласыл.

Зилы мæ сæр дидинджыты тæфæй...

Мæ комыкъулты тайынц мыды æртæхтæ...

Фæссихæрттыл арв æрбахъулæттæ. Хæхтæй радымдта. Фæлмæн дымгæ. Дидинджыты тæф рогæн чи хаста, ахæм фæлмæн дымгæ. Атыхст зæрдæйыл. Бауыгъта балбæласы. Æрызгъæлдта дзы цалдæр дидинæджы. Ноджыдæр ма...

Цыма мæ бонтæ уыдысты...

Цал сты, цæ? Фондз... Фондз æмæ ссæдз... Фондзыссæдзы. Ноджыдæр ма уыйбæрц... Нæ, уымæй фылдæр нæ уыдзысты! Нырма сын раджы у. Цард нырма ныр куы райдыдта. Цы сты ссæдз азы!

Зилы мæ сæр дидинджыты тæфæй...

Иугай згъæлынц бæласы дидинджытæ...

*Май, 1979 аз.*

# УАЗÆГ

Горæты кæройнаг уынгтæй иу. Бон-изæрмæ дзы машинæтæ дыууæрдæм кæнынц. Сахуыр сыл сты. Хъуыдыгæнæг дæр сæ нæй. Суанг ма сыл куыйтæ дæр нал рæйынц.

Сихæрттыл тигъæй æрбазынд цавæрдæр бæхуæрдон. Уæрдоны гуыффæйы – æнæдаст зæронд лæг. Йе уæнгтæ хурмæ æрлæмæгъ сты. Бæхы йæхи бар ауагъта. Хъæбæр фæндагыл къæрцц-къæрцц кæнынц бæхы цæфхæдтæ.

Кæройнаг хæдзæрттæй иуы æрдæггом кулдуарæй йæ былтæ сдæргæ уынгмæ рахызти æрдæгæлвыд хъуынджынсæр къæбыла. Бæхуæрдонмæ æдзынæг ныккаст, стæй йæ бынатæй уыциу агайд фæкодта. Уынг куыдзæй айдзаг. Бæстæ рæйд, лæбурд сси.

Бæх сæм ницы йæ хъус æрдардта. Арæх ыл рæйынц. Канд ацы уынджы нæ – горæты иннæ уынгты дæр. Хъуыды дæр нал кæны рæйджыты. Цæуы. Кæм цапуал цыдæй, кæм та сабыр, йæ къахдзæфтæм хъусгæйæ. Рæйæнт. Уый йæ хъуыддаг зоны: уæрдон ын ласинаг у æмæ йæ ласы. Æд зæронд хицау. Уынджы сæ нæ ныууадздзæн, сæ бынатыл сæ сæмбæлын кæндзæн.

Цæуыл сæрра стут сымах та, сыхы куыйтæ? Кæуыл уæ пырх калут? Цинтæ йыл хъуамæ кæнат. Æгайтма уæ уынгмæ æрбафтыд. Хъусут ма йын йæ уæззау цæфхæдты къæрцц-къæрцмæ. Куыд хорз сæ нымайы. Куыд хорз ыл фидауынц. Стæй, куыд сæрбæрзондæй цæуы, уый та? Йæ хъуын хурмæ тæмæнтæ калы. Уынг сфидауын кодта. Сымах та... Диссаг уæм кæсы? Диссаг у, уæдæ циу?!

# АРВИСТОН

## АФОРИЗМТÆ, ЦИТАТÆТÆ

* * *

♦ Цæргæсмæ кæсгæйæ дæм разындзæн алцæмæй æххæст уд. Уæдæ арвмæ арæхдæр кæс.

♦ Рагон æмæ Ног фæдзæхст сты Аивады ахсджиагдæр кодекстæ.

♦ Мæ цæстысындз – чъынды мидбылхудт. Табу кæнын хъæрæй худынæн.

♦ Генитæ нæ рæдийынц, æрмæст æнæфенд адæм рæдийынц.

♦ Лæджыхъæдæй цауд чи вæййы, уый тыхджын вæййы хин митæй.

♦ Кусæг мыдыбындзы æнкъард кæнынмæ не 'вдæлы.

♦ Арвыл парахатæй цы мæргътæ зилдух кæнынц, уыдон цин сымах нæ бамбардзыстут, уымæн æмæ цæрут, уæ фондз гæвзыкк æнкъарæны цы ахæстоны сты, уым.

♦ Пайда мын уыдзæн æви нæ уыдзæн, зæгъгæ, рагацау хынцгæ-нымайгæ куы кæнай, уæд уый дæ лæмæгъы нысан у.

♦ Мидбынаты цы дон лæууы, уымæй тæрс: марг дзы æмбæхст ис.

♦ Æндæртæн-иу сæ лæмæгъдзинад бар,
Æмæ уыдзæн дзæнæтбæстæ дæ бар.

*Уильям Блейк*

* * *

Парти у, бирæтæ иугæйтты пайдайæн куы сæрра вæййынц, уæд уый.

*Джонатан Свифт*

* * *

♦ Эзоп раст загъта: «Бындз цалхы мæскъыл абадт æмæ фæхъæр ласта: «О Хуыцау, цы рыг скалдтон, уымæ-ма кæс!..» (Абар æй ирон æмбисондимæ: «Бындз галы сыкъайыл бадт æмæ йæхицæй ныббуц: уæрдон, дам, æз ласын». – *Ред.).*

♦ Сгуыхт – армыдзаг, æппæлдтытæ та – арвыдзаг.

*Фрэнсис Бекон*

* * *

*Æ*мбонд ныллæгдæр кæм у, ууылты гæпп кæнынц. (Абар æй ирон æмбисондимæ: «Кау ныллæгдæр кæм у, уым – бахизæн». – *Ред.*).

* * *

Наци ногæй йæ къахыл слæууын кæнæн ис æрмæст скъолайы фæрцы. Скъола хъуамæ суа нацийы авдæн.

*Мигель де Унамуно*

* * *

*Æ*рмæст фысджытæ *сты нацийы æцæг кад æмæ намыс.*

*Сэмюэль Джонсон*

* * *

Уæхи иуварс ласут алыхуызон къæпхæнтæй, трибунæтæй, пьедесталтæй. Зæххæй уæхи ма иппæрд кæнут, уымæн æмæ æрмæстдæр зæххыл лæугæйæ у уæ бон уæ дæргъ, уæ ас сбæрæг кæнын.

*Антонио Мачадо*

* * *

♦ *Æ*цæг поэтæн æмдзæвгæтæ фыссын йæ бон у æрмæст йæ мадæлон æвзагыл, йæ райгуырæн бæстæйы цæргæйæ.

♦ Абон Н. С. Хрущев Кремлы сæмбæлдзæни хъугдуцджытимæ, знон сæмбæлди цæхæрайы куыстгæнджытимæ. Фæлæ йын Боримæ (Нильс Бор – даниаг номдзыд ахуыргонд, ныркккон физикæ саразæг. – *Ред.*) сæмбæлынæн рæстæг нæй. Разагъды Бор нæ бæстæйы уазæг кæй у, уый ферох Хрущевæй. *Æ*нæфенд хъуыддаг!

♦ Нæ системæ у чиновникты къласы, бюрократты къласы диктатурæ. *Æ*з фидарæй зæгъын: нæ системæ нæу социалистон, уымæн æмæ куыстадон фæрæзтæ адæмы къухы не сты, фæлæ бюрократийы къухы.

*Лев Ландау*

* * *

Хъæздгуытæн сæ наци æмæ райгуырæн бæстæ сты æхца æмæ æфтиæгтæ.

*Николай Губенко*
*АиФ, 2015, №10*

* * *

Уæрæсейы ныртæккæ цы хостæ уæй кæнынц, уыдоны нæмттæ сты 15 минæй фылдæр. Сæ 35 проценты – бырæттæ.

*АиФ, 2015, № 10*

* * *

Официалон статистикæмæ гæсгæ Уæрæсейы æгуыст адæмы нымæц хæццæ кæны 922 минмæ. Январы мæйы уыдон фесты 3,3 проценты фылдæр.

*Собеседник, 2015, № 5*

* * *

Диссаг уæм нæ кæсы: махмæ ахсынц, Стыр театрмæ билеттæй спекуляци чи кæны, уыдоны. Фæлæ æргътæ æртæ мæймæ 500 процентæй фылдæрмæ чи сæппæрста, уыдоны хъуыды дæр ничи кæны. Иуы дæр дзы ахæстоны не сбадын кодтой, суанг сын сæ нæмттæ дæр нæ зонæм.

*Андрей Караулов*
*Новый вторник, 2015, №8*

* * *

♦ Мах хъуамæ нæ зæрдыл дарæм иу рагон зонджын хъуыды: цавæрфæнды проблемæ дæр у æнтыстдзинадмæ фæндаджы райдайæн, йæ нысаниуæг ын куы ‘мбарай, уæд. Махæн та абон нæ проблемæ у, **хæрынæй, давынæй, мæнгтæ дзурынæй нын бафсис кæй нал ис, уый. Кæрæдзиуыл гадзрахатæй цæуæм, кæрæдзи сайæм. Хæринаггæнæг давы катлет, депутат та – æфсæнвæндаг.**

♦ Афтæ мæм кæсы, цыма Уæрæсе æмæ Украинæйы ‘хсæн цы ‘рцыд, уымæн йæ аххосаг у, славянтæ давыныл кæй сбæндæн сты, уый. Славянтæн сæ 90 проценты цæрынц давæггаг исбонæй. Æмæ цы æвирхъау бæллæхы бахаудтам, уый куы бамбарæм, æрмæст уæд раздæхдзыстæм раст фæндагмæ.

*Михаил Задорнов*
*АиФ, 2015, №15*

# ЧИНОВНИК ÆВВОНГХОР У ÆВИ ПАТРИОТ?

Чиновниктæн æмæ сæ бинонтæн хостæ льготæтæм гæсгæ дæттын æмбæлы, зæгъгæ, уыцы хабар сызнæт кодта Уæрæсейы адæмы. Нæ сæ уырны, чиновниктæ кризисы рæстæг адæмимæ æмхуызон зынтæ æвзарой, уый. Уæлдайдæр Сахалины губернаторы сейфы миллиард-гæртам куы федтой, уæд уый фæстæ. Кæнæ Уæрæсейы регионты, зæгъæн ис, æппæт районты сæргълæуджытæм дæр фæсарæйнаг лимузинтæ кæй ис, уый сусæггаг у? Афтæмæй бирæсывæллонджын бинонтæн бахxуысы тыххæй бынæттон бюджетты æхца нæй. Уæдæ æмбæхст бынæтты регионты хицæуттæн стыр галуантæ кæй ис, уый дæр зындгонд хабар у.

Кризисы аххосæй чиновниктæ цы хъуæгтæ баййæфтой, уыдон искуыцæйты ма ратоной, ууыл дæр не ‘ууæндынц Уæрæсейы адæм. Чиновник цы у, уымæй у æввонгхор æмæ тонагæнæг, пъæнæзау хирдæм амайæг. Цымæ афон нæма у ацы хъуыддæгтæм æркæсынæн? Цæмæй чиновник куса æрмæст йæхи уды къоппайæн æмæ йæ бинонтæн нæ, фæлæ адæмы фарнæн!

*АиФ, 2015, №13*

*Æрмæг мыхуыргонд цæуы цыбыртæгондæй.*

# ЛЕОНАРДО ДА ВИНЧИЙЫ АРГЪÆУТТÆ, ÆМБИСÆНДТÆ

## Фæранк

– Нана! – æвиппайды ныхъхъæр ласта лæппын маймули æмæ бæрзонд бæласы къалиуыл абадти. – Тæккæ ацы сахат домбайыл амбæлдтæн! Цы рæсугъд у, цы рæсугъд!

Мад къалиутыл фæйнæрдæм ахæцыд æмæ æркаст, йæхи йæ амæддагыл андзарынмæ чи сцæттæ кодта, уыцы сырдмæ.

– Уый домбай нæу, фæлæ фæранк. Дзæбæх ма йын æркæс йæ цармmæ.

– Ахæм ма дзы рæсугъд уа! Йæ буарыл цыма сау розæтæ æрзад!

Æцæгæй дæр афтæ зынди, цыма хурсыгъд бур кæрдæгыл æмбисонды дидинджытæ æрзади.

– Фæранк зоны, рæсугъд кæй у, уый æмæ йæ фидауцæй йæ амæддæгты йæхимæ сайы, – дзырдта дарддæр мад. – Йæ ирд фæлыстыл ын иннæ цæрæгойтæ дис кæнын байдайынц æмæ йæ фæдыл фæцæуынц. Гъемæ бар-æнæбары тугдзыхы дзæмбытæм бахауынц.

Фидауц дæр хаттæй-хатт фыдракæндтæн ахъазгæнæг у.

## Æхсон æмæ æндон

Æндоны сонт цæф ыл куы сæмбæлд, уæд æхсон рамæсты æмæ йе 'фхæрæгмæ дзуры:

– Цы дын ракодтон æвзæрæй, дæхи мыл цæмæн андзæрстай? Æз мæхæдæг куы никæй хъыгдарын, уæд мæ æнцад цæуылнæ уадзыс?

– Ма мæсты кæн, мæ сыхаг, – мидбылты бахудт æндон. – Гыццыл бабыхс æмæ уæд фендзынæ, дæ мидæг цы диссæгтæ æмбæхст ис, уый.

Æхсондур æрсабыр, уæдæ цы уыдаид, æмæ йыл-иу æндон йæхи куы 'руагъта, уæд-иу йæхи ныффидар кодта, фæрæзта йын йе 'гъатыр дзæхстытæн. Уалынджы дзы адæмæн æмбисонды цæхæртæ кæлын байдыдта. Цæвиттон, йæ фæразоны фæрцы æхсон Хуыцауы хорзæхæй фæхайджын.

Царды арæх вæййы афтæ: иуæй-иутæ ахуыр кæнынмæ сæ ныфс нæ фæхæссынц. Фæлæ зæрдиагæй куы бавналынц, зынтæн фæразын сæ бон куы бавæййы, уæд сæ фыдæбон адæмæн царды хос басгуыхы.

Фыдæл дзæгъæлы нæ загъта: «Куыстæн йæ сæр сындз у, йæ бын та – сой».

## Хæлуарæг гуыдыры хуынчъы

Хæлуарæг дын куы бавдæлид æмæ хæдзары къуымты йæхицæн ахстон агурын куы байдаид. Боныфæстагмæ æрбынат кодта гуыдыры хуынчъы.

– Ай диссаджы æмбæхсæн куы у, – хъуыды кæны йæхи мидæг. – Ам мæ ничи ссардзæн. Уыйхыгъд мæхæдæг æддæмæ кæсдзынæн

æмæ уындзынæн, чи цы гæнæг у, уый. Дурын асинтæй къулмæ тын бауафдзынæн – бындзытæ ахсынæн. Дуары тарвазæй карнизмæ та – æндæр тын, фидардæр: къуыдыргæлмытæн, æртыккаг тын та – къогъотæн, тарвазæй уартæ уыцы сисмæ...

Цинæй марди хæлуарæг, йæхицæй амондджындæр нал уыд а дунейыл. Æфсæн гуыдыры хуынкъ æм касти хæстон фидарау æнæбасæттгæ.

Уалынджы йæ хъустыл ауади къæхты хъæр. Куыннæ фæтарстаид? Æмæ арфдæр анызгъуылди.

Хæдзары хицауæн йæ дæгъæлты дзыгъал-мыгъул райхъуыст. Иу дзы гуыдыры хуынчъы атъыста æмæ, – дæ балгъитæг афтæ! – цардбæллон уд «æфсæн мæсыджы» фарсыл цъистæй баззади.

## Куырм мыст

Куырм мыст уарзта, йæ фыдæлтæ йын дæлдзæхы цы сатæг фæндæгтæ сарæзтой, уыдоныл тезгъо кæнын. Куы-иу уæллаг хуынчъытæм схылди, куы та арфдæр бынæттæм ныххызт – ам уыдисты йæ хъæздыг къæбицтæ, хойраг дзы – хæрх.

Иуахæмы та йæ «бæстыхæйттыл» зылд æмæ дын æнæнхъæлæджы йæ размæ куы фæуид цавæрдæр æбæрæг хуынкъ. «Ай кæдæм цæуы, уый мын æнæ базонгæ нæй», – загъта йæхицæн куырм мыст.

– Æрлæуу! – райхъуыст æм æнахуыр хъæлæс. – Уыцы фæндаг тæссаг у!

Фæлæ куырм мыстыл йæ цымыдис фæтых æмæ хилын байдыдта уæлæмæ. Æппынфæстаг сыджыты муртæ йæ къæхтæй фæйнæрдæм акалдта æмæ дын æрттывдтытæкалгæ цъæх сæрсæфæн йæ сæрмæ куы байгом уаид. Хуры уыраугæ тынтæ æвиппайды йæ цæстытыл сæмбæлдысты, æмæ мæгуыр мыст уайсахат акуырм.

Афтæ у мæнджы, галиуы хабар дæр: йæхицæн æнцад-æнцойæ, зæрдæрухсæй фæцæры æмбæхст бынæтты. Фæлæ куыддæр рухсмæ рацæуы, афтæ йæ уд сисы: рæстдзинад ын йæ цæстытæ ацарауы.

## Уари æмæ бабыз

Бабызты фæдыл цуан кæнгæйæ уари æнæмастæй никуы баззад. Уыцы нард фæлитойтæ йыл æппынæдзух хинæй цыдисты:

гъа, ныр сæ йæ цыргъ дзæмбытæ фæсадза, афтæ та-иу уыдон малы фæныгъуылдысты, æмæ-иу уари хъахъдзыхæй аззад.

Иу райсом та уари сфæнд кодта йæ амонд бавзарын. Цады сæрмæ цалдæр хатты æрзылди. Бабызтæй иу хибарæй ленчытæй хъазыд, æмæ уари уымæ бахъавыд. Йæ базыртæ æрбатыхта æмæ дурау цадмæ йæхи рауагъта. Фæлæ та ацы хатт дæр бабыз йæ фындзыбынæй асыффытт ласта æмæ доны фæныгъуылди.

– Ныр дын афтæмæй ауадзæн нал и! – мæсты хъæр фæласта уари, æмæ уый дæр доны скуыси.

Бабыз йæ фыдызнаджы доны куы ауыдта, уæд йæхи иуварс аппæрста, цады уæлцъармæ сгæпп ласта, стæй йæ базыртæ айтыгъта æмæ атахти. Уарийæн йæ бон ницыуал уыди, хъуырдухæн кодта доны.

Бабыз арвы цъæхмæ йæхи систа, æмæ уарийы цады бæгъдулæггæнгæ куы федта, уæд æм цингæнгæйæ æрдзырдта:

– Хæрзбон, мæ хæлар. Æз дæ арвыл мæхи хатын, цыма доны дæн, уыйау, ды та мæ цады хуыдуг ныууыдзынæ!

## АНЕКДОТТÆ КАРАБАХАГ «СЫРДОН» ПЫЛ-ПУГИЙЫ ТЫХХÆЙ

* * *

Иуахæмы Мæликк Сахназар бадзырдта Пыл-Пугимæ æмæ йын загъта:

– Пуги, ме 'нæкъæдзил хæрæджы мын сахуыр кæнын дæ бон у?

– Цæуылнæ, Мæликк цæра!

– Уый тыххæй дæ цас рæстæг схардз кæнын бахъæудзæни, стæй дын хъуамæ цас бафидон?

– Мæликк цæра, уый тыххæй хъæуы фынддæс азы, стæй аст путы мæнæу.

– Хорз, разы дæн. Фæлæ мын мæ хæрæгæй ахуыргонд куынæ саразай, уæд дын дæ сæр акъуырын кæндзынæн.

– Хорз, Мæликк цæра!

Пыл-Пуги хæрæджы сæ кæртмæ куы 'рбатардта æмæ йæ усæн хабæрттæ куы ракодта, уæд уый йæ уæрджытæ хойгæ кæуын систа, стæй йæ лæгæн лæгъстæтæ кæнын байдыдта, алас, дам, хайуаны йæ хицаумæ, Мæликкæй, дам, хатыр ракур, уымæн æмæ хæрæгæй ахуыргонд саразæн ницы хуызы ис.

– Ныр, не ‘фсин цæуыл тыхсыс, цæ? Фынддæс азмæ не ‘ртæйæ иу æнæмæнг амæлдзæни: кæнæ æз, кæнæ хæрæг, намæ Мæликк.

* * *

Мæликк сихор хордта. Йæ цуры йын æрæвæрдтой хуыргарчы фыд, æмæ Мæликк зыдæй æхсынын байдыдта стджытæ.

Зæхкусæг Пыл-Пугийы аивæй афарста:

– Пуги, зæгъ-ма, дæ хорзæхæй, Мæликк дзидза цæуылнæ хæры, стджытæ цæмæн æхсыны?

– Æлдæрттæ стджытæ æхсынын* ахуыр сты рагæй фæстæмæ дæр.

* * *

Мæликк Сахназар куывд скодта. Æрцыдысты йæм алыхуызон зындгонд адæм, æлдæрттæ æд устытæ. Мæликк Пыл-Пугимæ бадзырдта, иу абази йын радта æмæ йын ныффæдзæхста, уазджыты цур, дам-иу, мæ аиппыты кой ма ракæн.

Куывды рæстæг Пуги бафиппайдта, Мæликкæн йæ хæффындз кæй æрбырыд, уый.

«Ныр цы чындæуа? – хинымæры дзуры Пыл-Пуги. – Хъæрæй куы зæгъон Мæликкæн, уæд абазийæ æнæхай кæнын, хъусæй куы лæууон, уæд та мæхæдæг фæрынчын уыдзынæн».

Бирæ рахъуыды-бахъуыдыйы фæстæ Пуги йæ дзыппæй абази systa, Мæличчырдæм æй баппæрста æмæ загъта:

– Дæ абази дæхицæн уадз, фæлæ хæффындзхор кæй дæ, уый дæр зон.

* * *

Мæликмæ уазджытæ уыди. Пыл-Пугийæн бафæдзæхста, карк сын аргæвд, зæгъгæ.

Пыл-Пуги ацыди, дзæгъындзæг амардта æмæ йæ Мæликмæ бахаста.

– Ай та циу? – фæрсы Мæликк.

– Карк, – дзуапп радта Пуги.

– Æнаккаг, ай карк нæ, фæлæ дзæгъындзæг куы у! – фæхъæр ласта Мæликк.

– Чи зоны, æцæгæй дæр дзæгъындзæг у, фæлæ йыл ном куы æвæрдтой, уæд ды уым нæ уыдтæ.

---

* Ам «стджытæ æхсынын» амоны гæртæмттæ исын.

Мæликк ма фырмæстæй цы загътаид, уый нал зыдта æмæ хъусæй лæугæ баззад.

* * *

– Хъус-ма, Пуги, мæнæн мæ зачъетæ сты урс, дæуæн та дæ сæр. Цæмæн афтæ у? – бафарста иуахæмы Мæликк Сахназар.

– Уымæн æмæ æз сæрæй куыстон, ды та дзыхæй, – дзуапп радта Пыл-Пуги.

* * *

Пыл-Пугийæн йе 'мхъæуккæгтæ хъаст кодтой:

– Пуги, мах нæ мæгуыры хъиутæ хæрæм, тæригъæдæй нæм ницы ис, рæстдзинад нæ фарс у. Фæлæ бонджынтæ цыфæнды тæригъæдты куы бацæуой, цыфыддæр галиу митæ куы кæной, уæддæр сæ тæрхонылæгтæ растыл банымайынц, æмæ мæнæ сой доны куы ныппарай, уæд уæлæмæ куыд сленк кæны, афтæ рауайы сæ хъуыддаг. Уый цæмæн афтæ у?

– Æппæт хъуыддæгтæ дæр аразынц æхца æмæ сызгъæрин. Тæрхон дæр рахæссы тæрхонылæг нæ, фæлæ сызгъæрин.

* * *

Мæликк Сахназар-иу арæх сæ хъæуы хъуыддæгтæ æвзарын бафæдзæхста Пыл-Пугийæн.

Гъемæ дын иуахæмы иу хъæздыг лæг мæгуыр зæхкусæджы бæх куы адавид. Зæхкусæг йæ хъаст бахаста Пыл-Пугимæ.

– Ацы бæх дæу у? – фæрсы Пуги хъæздыг лæджы.

– Мæн у, уæдæ кæй у!

– Йæ саргъ ма йын сис æмæ йын йе рагъ æрсæрфтытæ кæн.

Хъæздыг лæг бæхмæ бацæуынмæ хъавыди, фæлæ йæ уый йæхимæ æввахс нæ бауагъта.

Уæд Пуги дзуры зæхкусæгмæ:

– Ныр та йæм ды бацу.

Зæхкусæг бацыди бæхмæ æмæ йын йе рагъ æрсæрфта. Бæх дæр æм хионау йæхи æрбаивæзта.

# ТÆФÆРФÆС



ТОТРАТЫ Руслан

Ирон культурæйыл æрцыд уæззау зиан – йæ цардæй ахицæн нæ республикæйы сфæлдыстадон кусджыты зындгонд минæвар, фыссæг, тæлмацгæнæг, киносценарист, Уæрæсейы Фысджыты цæдисы уæнг, журнал «Дарьял»-ы сæйраг редактор Тотраты Хадзыбатыры фырт Руслан.

Руслан райгуырд Дзæуджыхъæуы 1936 азы 27 сентябры. 1954 азы астæуккаг скъола каст куы фæцис, уæд ахуыр кæнынмæ бацыд Мæскуыйы хойраджы промышленносты технологон институтмæ. 1960 азы дзы цæттæ специалист рауад.

Фæлæ Русланæн йæ царды сæйрагдæр цин æмæ фыдæбон ссис аивадон литературæ. Йæ фыццаг радзырдтæ мыхуыры фæзындысты 1960 азы. Арæх уырыссаг æвзагмæ тæлмац кодта ирон фысджыты уацмыстæ дæр.

1968 азы Тотраты Руслан каст фæци Горькийы номыл Литературон институт. Дыууæ азы бакуыста альманах «Литературная Осетия»-йы бæрнон секретарæй, стæй йæ 1987 азы равзæрстой Фысджыты цæдисы сæрдары хæдивæгæй.

1989 азæй фæстæмæ йæ адзалы бонмæ куыста журнал «Дарьял»-ы сæйраг редакторæй.

Русланы сценаритæм гæсгæ систой ахæм кинонывтæ: – «Семейная драма», «Мужское самолюбие», «Оглянись, найдешь друзей».

**Чиныгкæсджытæ йын бауарзтой йæ романтæ «Любимые дети», «Дикая груша», зæрдиагæй йын кастысты йæ радзырдты æмбырдгæндтæ «Ритмы восхода», «Духовая музыка»...**

**Тотры-фыртæн йæ 75 азы кадæн саккаг кодтой майдан «Ирыстоны намысæн».**

**Фыссæг, драматург, сценарист æмæ йæ райгуырæн бæстæйы патриот Тотраты Русланы ном æнусмæ баззайдзæн чиныгкæсджыты, йе 'мкусджытæ æмæ хæлæртты зæрдæты.**

*Мамсыраты Таймураз,*
*Алексей Мачнев,*
*Тæкъоты Сергей*

*Цъары фæрстыл –*

*2. Амыран*

*3. Иллюстраци Уырыймæгты Езетханы «Æвдæм фырт»-мæ.*

*4. Нарты Батрадз.*

* * *


| | |
|---|---|
| *Шеф-редактор* | *Ирида КОДЗАТИ* |
| *Корректор* | *Заира КАРАЦЕВА* |
| *Дизайн* | *Залина ГУРИЕВА* |
| *Компьютерный набор* | *Марина КИРГУЕВА* |


* * *


*Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РСО-Алания.*

*Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 15-00107 от 10 декабря 2014 г.*


Журналы цы æрмæг рацæуа, уымæй æндæр мыхуырон оргæн куы пайда кæна, уæд хъуамæ амынд уа, «Мах дуг»-æй ист кæй у, уый.

*Журналмæ цы къухфыстытæ цæуы, уыдон редакци рецензи нæ кæны, стæй сæ автортæн фæстæмæ нæ дæтты.*


*Учредитель и издатель:*
*Министерство культуры РСО-Алания.*
*362040. г. Владикавказ, ул. Джанаева, 20.*

*Адрес редакции: 362015, г. Владикавказ, пр. Коста 11.*
*E-mail редакции: mahdug@mail.ru; http: // www.mahdug.ru.*
*Тел.: гл. редактор – 25-09-64; ответсекретарь, отдел прозы – 25-20-52; отдел поэзии, корректор – 25-09-74; бухгалтерия – 25-22-47.*

*Подписано к печати 01.07.15. Формат издания 60x84 1/16. Бум. офсет. № 1. Гарнитура шрифта Myzl. Печать офсетная. Усл. п. л. 8,37. Учетно-изд. л. 7,27. Тираж 1100 экз. Заказ № 308. Цена свободная. Выход из печати 30 июля 2015 г.*

*Отпечатано в ОАО «Осетия-Полиграфсервис»*
*РСО-Алания, 362015, г. Владикавказ, пр. Коста, 11. Дом печати.*





Индекс 73247